Kolera an Ayiti: Dokiman Fòmasyon Travayè Sante Kominotè pou Prevansyon ak Kontwòl Kolera

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

v2.0

CS218556

Kolera an Ayiti:
Dokiman Fòmasyon Travayè Sante Kominotè pou Prevansyon ak Kontwòl Kolera

Tabdèmatyè

Rezime ak Mesaj Kle pou Prevansyon ak Kontwòl Kolera

1. Modil Fòmasyon sou Kolera

Modil 1. Mobilizasyon Nan Kominote a
Modil 2. Sa Ou Dwe Konnen konsènan Kolera
Modil 3. Gid pou Pran Desizyon pou Pran Swen Moun ki Gen Dyare Dlo
Modil 4. Kijan pou Lave men
Modil 5. Seròm Oral
Modil 6. Dlo Pwòp pou Bwè— Aquatabs®
Modil 7. Dlo pwòp pou bwè— Dlo Lavi
Modil 7A. Dlo pwòp pou bwè— Gadyen Dlo®
Modil 8. Dlo pwòp pou bwè— PuR®
Modil 9. Kijan pou konsève Dlo Pwòp
Modil 10. Prepare Manje san danje
Modil 11. Mezi dijyèn ak netwayaj ki san danje
Modil 12. Lè yon Moun Mouri nan Kay la poutèt li te gen kolera
Modil 13. Prevni Diskriminasyon Kont Kolera

2. Kat Edikasyon Kominotè

Mobilizasyon Nan Kominote a
Kolera
Dyare Dlo
Kijan pou Lave men
Seròm Oral
Aquatabs®
Dlo Lavi
Gadyen Dlo®
PuR®
Klowòks ki Sèvi nan Kay
Kijan pou konsève Dlo Pwòp
Prepare Manje
Mezi dijyèn ak netwayaj ki san danje
Kouman pou jere ka lanmò
Kijan pou Netwaye Lakay Ou Apre Inondasyon
Prevni Diskriminasyon Kont Kolera

3. Gid pou Modil Fòmasyon sou Kolera

4. Prezantasyon nan PowerPoint

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

v2.0

CS218556

Rezime: Prevansyon ak Kontwòl Kolera

Kisa maladi kolera ye?

- Maladi kolera lakòz anpil dyare dlo ak vomisman.
- Dyare kolera kapab sanble ak dlo diri twoub.
- Kolera kapab lakòz lanmò yon moun akòz dezidratasyon (pèt dlo ak sèl nan kò a) nan kèk èdtan si moun nan pa trete.

Kijan kolera simaye?

- Yo jwenn mikwòb kolera nan poupou moun ki enfekte.
- Kolera simaye lè poupou yon moun ki enfekte antre nan dlo moun ap bwè oswa nan manje moun ap manje.
- Kolera **pa** kapab dirèkteman ant yon moun ak yon lòt moun.

Pwoteje tèt ou ak fanmi ou kont kolera ak lòt maladi ki bay dyare:

- Bwè et sèviak dlo pwòp. Dlo pwòp se dlo ki vini nan boutèy avèk bouchon ki pa dekachte, dlo ki te bouyi, oswa dlo ki te trete avèk yon pwodui abaz klò.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pwòp. Si pa genyen savon, fwote men ou avèk sann ak sab epi rense li avèk dlo pwòp.
- Itilize latrin oswa mete poupou yo anba tè, **pa** poupou okenn kote dlo ap pase.
- Byen kwit manje yo (sitou fwidmè), manje li cho, kite li kouvri, epi lave fwi ak legim yo.
- Fè bon netwayaj— nan kwizin nan ak nan kote fanmi ou benyen ak lave rad.

Kisa pou fè si oumenm oswa fanmi ou malad avèk dyare dlo:

- Si ou genyen solisyon sewòm oral, kòmanse pran li kounye a; li kapab sove lavi ou.
- Ale imedyatman nan sant sante, nan sant tretman kolera oswa bòkote travayè sante kominotè ki pipre w la, si ou kapab. Kontinye bwè sewòm oral lakay ou epi pandan w ap vwayaje pou al chèche tretman.
- Kontinye bay tibebe yo tete si tibebe a gen dyare, menm lè y ap vwayaje pou al swiv tretman.

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

v2.0

CS218556

http://www.cdc.gov/haiticholera

Rezime: Prevansyon ak Kontwòl Kolera

Pwoteje Tèt ou kont Kolera:

1) Bwè ak itilize dlo pwòp.*

- Dlo nan boutèy ki pa dekachte ak bwason gazez ki nan bwat konsèv/ki nan boutèy se bwason ki bon pou bwè ak pou itilize.
- Sèvi ak dlo pwòp pou bwose dan ou, pou lave ak prepare manje, epitou pou fè glas.
- Netwaye zòn kote pou prepare manje ak instasil kuizin avèk savon ak dlo pwòp, epi kite yo seche nèt anvan ou itilize yo ankò.

**** Sous dlo tiyo, bwason yo vann nan tas oswa nan sache, oswa glas la kapab pa bon, epitou ou fèt pou bouyi yo oswa trete yo avèk chlorin.***

Asire dlo a bon pou bwè ak pou itilize:

- Bouyi li oswa trete li avèk yon pwodui abez klò oswa avèk klowòks ou sèvi nan kay.
- Si w ap bouyi dlo ou, kite li bouyi nèt pandan omwen 1 minit.
- Pou trete dlo ou avèk klò, sèvi ak youn nan pwodui tretman yo itilize sou plan lokal tankou Aquatabs®, Dlo Lavi, Gayden Dlo® oswa PuR®, epitou swiv directsyon yo.
- Si pwodui tretman abaz klò pa disponib, ou kapab trete dlo ou avèk klowòks ki sèvi nan kay. Mete 8 gout klowòks ou sèvi nan kay pou chak 1 galon dlo (oswa 2 gout klowòks ki sèvi nan kay pou chak lit dlo) epi rete tann 30 minit anvan ou bwè dlo a.
- Toujou sere estoke dlo ou trete a nan yon bokit pwòp ki kouvri.

2) Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pwòp.*

- Anvan ou manje oswa anvan ou prepare manje.
- Anvan ou bay timoun manje.
- Apre ou fin itilize latrin oswa twalèt.
- Apre ou fin netwaye dèyè pitit ou.
- Apre ou fin pran swen yon moun ki malad avèk kolera.

**** Si pa genyen savon, fwote men ou avèk sann ak sab epi rense li avèk dlo pwòp.***

3) Itilize latrin oswa mete poupou yo anba tè, pa poupou okenn kote dlo ap pase.

- Itilize latrin oswa lòt sistèm ijyenik, tankou twalèt chimik, pou jete poupou.
- Lave men ou avèk savon ak dlo pwòp apre ou fin fè poupou.
- Netwaye latrin ak sifas ki kontamine avèk poupou. Pou fè sa, itilize yon solisyon 1 mezi klowòks ou sèvi nan kay nan 9 mezi dlo.

Esi mwen pa genyen yon latrin oswa yon twalèt chimik?

- Poupou sou yon distans omwen 30 mèt avèk nenpòt kote dlo ap pase, epi mete poupou ou anba tè.
- Jete sache plastik ki gen poupou nan latrin, nan cote yo ranmasaj si genyen, oswa mete poupou a anba tè. Pa **mete** sache plastik yo nan twalèt chimik.
- Fouye nouvo latrin oswa watè omwen yon mwatye mèt nan pwofondè, epitou omwen sou yon distans 30 mèt ak nenpòt kote ki gen dlo.

4) Byen kwit manje yo (sitou fwidmè), manje li cho, kite li kouvri, epi kale fwi ak legim yo.*

- Bouyi li, Kwit li, Kale Li.
- Asire ou kwit manje ki soti nan dlo lanmè, byen kwit.

**** Evite manje kri eksepte pou fwi ak legim ke kale poukont ou.***

5) Fè netwayaj san pwoblèm— nan kwizin nan ak kote fanmi ou benyen ak lave rad.

- Lave kò ou, pitit ou, kouchet yo, ak rad yo, sou yon distans 30 mèt avèk sous dlo moun bwè.

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

http://www.cdc.gov/haiticholera

CS218556

Materyèl de Fòmasyon sou Prevni ak kontwòl Kolera

Liv sa se yon gid pou travayè sante kominotè yo itilize pou ede kominote pa yo prevni maladi kolera ak lanmò. Gid sa genyen 13 modil ak enfòmasyon sou kolera, sewòm oral, kijan pou prepare ak konsève dlo pwop pou bwè, kijan pou lave men w', kijan pou kwit manje, ki sa pou fè le gen yon lanmò nan kay ou, ak discrimination kont moun ki geyen kolera. Ou ka itilize Modil sa yo nan nenpòt konbinezon ou santi ki bon pou évite kolera nan kominote w', ak antrenman ki kapab resevwa nan têtàtête oswa nan sesyon gwoup.

Ou ka jwenn enstriksyon plis detay sou modil sa yo nan gid antrenman sou Kolera.

Kijan pou nou pwepare pou antrenman:

- Mande pèmisyon pou pale ak kominotè w la.
- Chèche yon kote ki pa lwen sous dlo fonksyonèl ou owsa yon fontaine dlo pwòp pou fè reyinyon.
- Rasanble nenpòt materyèl qui nesesè ak tou ekipman avan ou kòmanse sesyon edikasyon yo. (Ou ka jwenn yon lis de ekipman nan kòmansman ak enba chak modil).
- Montre manb kominote yo ke ou apresye e konten pou patisipasyon yo.
- Rezoud tout problème ak mamb kominote yo si sa necesè.

Materyèl nou bezwen pou antrenman:

- Plisyè foto, oswa yon lis de kote moun ka tonbe malad ak kolera.
- Kijan pou lave men, dlo potab, yon bòl oswa yon veso, savon (ou sab ak san, si pa gen savon ki disponib), yon sèvyèt pwòp (si sa disponib).
- Sachè solisyon oral— dlo potab, savon (pou lave men), yon boutèy kola pwòp pou mesire (ou ¼-galon) veso dlo pwòp pou melanje seròm oral la, pwòp kiyè ak yon goblè.
- Aquatabs®— Kes Paket Aquatabs®, oswa bokit dlo pwòp (kantite dlo a depann sou fòs grenn ou genyen an), kouvèti pou bokit la, yon kiyè pou bwase solisyon a.
- Dlo Lavi— yon boutèy Dlo Lavi, yon vèso de 20 lit (ou 5 galon) ki plen avèk dlo, kouvèti pou veso ak, kiyè pou bwase solisyon a.
- Gadyen Dlo®— yon boutèy Gadyen Dlo®, yon vèso de 20 lit (ou 5 galon) ki plen avèk dlo, kouvèti pou veso ak, kiyè pou bwase solisyon a.
- PuR®— Sachèts PuR® yo, dlo, yon veso10 lit (ou 2½-galon edmi) yon twal pwòp pou koule, yon kouto pou ouvwi sachè yo, yon kiyè pwòp pou bwase solisyon a.

Yon sèl fason pou kapte attensyon mamb kominote yo nan aktivite prevansyon kolera yo, se pou organize yon reinyon pou montre yo sa ou vle yo fè. Organize yon reinyon se sel mwayen pou nou fè edikasyon sou konpòtman ki positive pou evite kolera simaye. Ou kapab pataje tou mesaj yo ak manb kominote nan kay yo ak nan zon nan. Pa blie mande mamb kominote yo pou pataje konesans yo a tout fammi yo ak lòt moun nan kominote a.

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention
v2.0
http://www.cdc.gov/haiticholera
CS218556

Modil 1: Mobilizasyon Nan Kominote a

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Konprann kijan pou angaje mamm kominote yo ak respè.
- Konprann ki fason pou mobilize yon kominote.
- Kapab chwazi yon metòd ki pi bon pou mobilize kominote p w' la.
  - » Fe yon lis de patnè ke ou fè konfyans ki ka ede ou fè pwomosyon mesaj sante sou prevansyon ak tretmen maladi Kolera.
  - » Fe yon lis de tout kote nan kominote p w' la wòp jwen moun pou pale sou prevansyon ak tretmen maladi Kolera.
  - » Fe yon lis de ki metòd ki pi bon pou anseye moun nan kominote p w' la.

Materyèl Ou Bezwen

- Foto modil 1 yo (si ou vle).

Modil 1: Mobilizasyon Kominote

Entwodiksyon ak objektif

Travayè Sante Kominotè yo se moun nou fè konfyans pou fè pwomosyon mesaj sou sante. Epi tou Travayè Sante sa yo se kle lè y ap mobilize kominote a kont maladi kolera. Travayèsa yo se moun ki gen ladrès nan sesyon ak chak moun apa ak nan sesyon pou moun yo an gwoup nan kominote a. Pou angaje kominote a nan sesyon ak chak moun apa ak nan sesyon pou moun yo an gwoup, sa mande ke yo gen bon relasyon ak moun ak ladrès pou kominike ak moun. Modil ki anba la a ofri yon gid pou fè kominikasyon ak tout moun. Li ofri tou yon gid pou aktivite ki dwa fèt pou mobilize yon kominotea.

Mobilizasyon kominote

Mobilizasyon yon kominote se yon pwosesis kote manm kominote a reyini, epi pwan mezi sou yon pwoblèm. Objektif mobilizasyon kominote a pandan yon epidemi kolera se pou fè manm kominote a vin pwan mezi pou yo pa atrape maladi kolera epitou pou yo pa mouri. Mobilizasyon yon kominote depan sou devlopman de bon relasyon, pwomosyon enfòmasyon, ak chèche solisyon pwoblèm ak manm kominote a pou bloke maladi kolera.

Wòl Travayè Sante Komonotè yo nan mobilizasyon kominote

TravayèSante Kominotè yo se moun ki enpòtan nan pwosesis pou mobilize yon kominote, paske yo ka ede kreye anviwònman kote moun yo ap jwenn dwa pou fè konnen pwoblèm sante yo ak pwoblèm sante lòt manm kominote a. Wòl CHW a se pou 1) bay bon enfòmasyon; 2) motive moun yo pou yo vin gen nouvo konpòtman pou pwoteje tèt yo; 3) bay ekipman lè genyen; epitou 4) ankouraje moun yo al chèche swen sante lè yo malad, pou sove lavi yo. Li enpòtan pou travaye Sante sa yo:

- Pale ak manm kominote a sou maladi kolera.
- Reyini ak manm kominote yo e ede yo deside ki mezi pou pran kont kolera nan kominote yo.
- Ankouraje yo adopte konpòtman pou anpeche yo atrape maladi kolera, kijan pou kontwole maladi a, epitou pou yo al chèche swen sante si yo tombe malad ak Kolera.
- Ede moun yo pou pratike nouvo ladrès pou yo pa atrape maladi kolera.
- Fè yon bon relasyon ant manm kominote a ak sèvis sante yo.
- Montre yo konpòtman pozitif pou moun ki gen maladi kolera yo, a pou fanmi yo.
- Fè diskisyon sou kijan pou ede lòt moun yo.

Bon relasyon ak kominikasyon ak moun

Motivasyon kominote a pou moun yo vin konpòtman pozitif mande CHW a pou li òganize sesyon edikasyon pou chak moun apa ak sesyon pou moun yo an gwoup. Kominikasyon ak relasyon CHW a avèk kominote a enpòtan pou moun yo vin gen konpòtman pozitif sou sante pou yo pa pran maladi kolera. CHW yo kapab ede kalme laperèz moun yo genyen akòz maladi kolera. Pou fè sa, yo kapab bay enfòmasyon reyèl pou manm kominote a, epitou yo kapab sipòte estrateji prevansyon konpòtman manm kominote a dwe genyen pou yo chèche swen sante.

Modil 1: Mobilizasyon Kominote

Fason pou pale avèk kominote a gen menm enpòtans ak enfòmasyon ou gen pou divilge ba yo a.
Menm konsèy pou lè w ap pale avèk kominote ou:

- Lè w ap travay ak kominote a, kòmanse yon diskisyon. Mande moun yo kisa yo konnen oswa sa y ap fè lakay yo pou pwoteje fanmi yo ak pou yo pa atrape maladi kolera.
- Fè konvèsasyon ak yo nan de (2) sans pou enfliyanse yoapwan kijan pou sèvi ak dlo pwòp, pou fè netwayaj, pratik ijyenik, epitou kijan pou rezoud pwoblèm.
- Pase moun lòd oswa rele sou moun p ap fè yo adopte yon nouvo konpòtman.
- Bay moun lwanj pou konesans ak nouvo konpòtman pozitif yo vin genyen.
- Apre ou fin fè lwanj pou chanjman pozitif yo, konsantre diskisyon yo sou sa moun yo pa konnen. Korije movèz enfòmasyon yo ak sa moun ap mache di yo ki ba bon.
- Chèche konnen kote moun yo bloke lè y ap eseye vin gen nouvo konpòtman, epitou angaje yo nan yon diskisyon lib.
- Rezoud pwoblèm nan ak manm kominote a. Manm kominoteyo bezwen ou trete yo avèk respè.
- Toujou sonje montre apresyasyon ou pou patisipasyon yo, epitou evite diskite avèk yo.

Aktivite Travayè Sante Komonotè pou mobilize kominote yo

Travay pou mobilizasyon kominote yo enpòtana. Manm kominote yo kwè nan mesaj moun yo konnen ap ba yo. Travayè Sante Kominotè yo dwe: travay ak pwofesè, lidè enfòmèl, gerisè tradisyonèl yo e fè konfyans, ak lòt patnè nan kominote a pou bay mesaj ak pou òganize aktivite. Yo met pale an ti gwoup oswa chak moun apa, epitou konvèsasyon yo ta dwe genyen aktivite ansanm ak enfòmasyon yo. Enfòmasyon yo sèlman p ap chanje konpòtman pèson. Moun yo bezwen wè ak pratike nouvo konpòtman an. Lè ou bay moun yo chans pou pratike yon konpòtman pandan yon sesyon edikasyonèl sa sipòte konfyans yo pou fè sa lakay yo. Mande moun yo pou rakonte kisa yo konnen apre sa zanmi yo ak fanmi yo. Rankont Travayè Sante Kominotè yo ak manm kominote a bon pou:

- Bay enfòmasyon.
- Distribiye afich, ak lòt dokiman yo kapab bay manm kominote yo.
- Ankouraje moun yo pou yo pran mezi pou yo pa atrate maladi kolera ak lanmò.
- Bay moun yo chance pou pratike nouvo konpòtman ak konfyans.
- Metrize difikilte pou konpòtman pwoteksyon yo.
- Sipòte chanjman pozitif nan konpòtman moun yo ke yo deja genyen.
- Ankouraje manm kominote yo distribitè enfòmasyon sou maladi kolera.

Tablo ki anba la a bay egzanp anviwònman, sijè enpòtan pou diskite, ak estrateji pou Travayè Sante Komonitè yo itilize lè y ap mobilize manm kominote a pou yo pa atrape maladi kolera ak pou yo pa mouri. Li enpòtan pou Travayè Sante Kominotè yo travay nan tout anviwònman yo pou yo kapab jwenn yon anpil moun nan kominote a. Travayè Sante Kominotè yo ta dwe pozitif, epitou yo ta dwe koute enkyetid manm kominote yo, rezoud pwoblèm, ak evite pase moun yo lòd. Travayè Sante Kominotè yo ta dwe itilize plisye estrateji pou sipòte chanjman konpòtman ke yo vle wè. Yo ta dwe sèten pou rakonte istwa ki pozitif kote moun ki itilize Sewom Oral la, moun ki trete dlo ak pwodui, moun ki apwan fè netwayaj san pwoblèm, ak moun ki chèche jwenn tretman.

Modil 1: Mobilizasyon Kominote

Travayè Sante Kominotè Anviwònman Pou Fè Mobilizasyon	Travayè Sante Kominotè Sijè Sou Mobilizasyon Kominote	Travayè Sante Kominotè Estrateji Pou Fè Mobilizasyon
• Kay Manm Kominote a • Reyinyon nan kominote yo • Reyinyon gwoup • Sal-datant klinik • Legliz yo • Gwoup relijye yo • Reyinyon priyè • Klas ak klib lekòl • Antèman ak gwo rasanbleman • Sesyon fòmasyon fòmèl • Sesyon fòmasyon enfòmèl	• Kijan pou pale ak lòt moun osijè konpòtman pou yo pa atrape maladi kolera • Tout moun ka trete dlo yo ak pwodui tretman • Tout moun ka prepare Sewom Oral la. • Men sak bon lè ou pwan tretman pou maladi kolera • Man sak bon lè ou trete dlo, itilize latrin ak nan lavaj men 'w • Men kisa pou fè kont difikilte ki pèmèt konpòtman pou prevansyon maladi kolera • Teknik pou kontwole enfeksyon • Kijan pou evite diskriminasyon kont moun ki te gen maladi kolera	• Demonstrasyon sou dlo pwòp • Montre kijan pou prepare Sewom Oral la. • Sesyon pratik pou kominike • Sesyon kesyon ak repons • Kijan pou rakonte istwa moun ki te itilize Sewom Oral la • Kijan pou rakonte istwa konsènan moun ki te itilize pwodui pou trete dlo • Kijan pou rakonte istwa pozitif de moun ki te al chèche tretman pou maladi kolera • Rakontaj istwa • Prezantasyon teyatral • Sesyon pou jwe wòl • Aktivite fòmasyon fòmèl • Aktivite fòmasyon enfòmèl • Sèmon

Kesyon pou diskisyon

1. Ki kote tout zòn yo ou kapab ale yo ye pou pale avèk moun ki nan kominote ou konsènan prevansyon ak tretman maladi kolera? (Sijesyon: Fè yon lis tout kote yo epi diskite.)
2. Kimoun moun yo fè konfyans nan kominote a pou bay yo enfòmasyon enpòtan? Kimoun yo pa fè konfyans? (Sijesyon: Fè yon lis tout moun yo, epi diskite.)
3. Kimoun ou konnen nan kominote ou pou fè fème yon ekip ki ka ankouraje pwomosyon mesaj ak aktivite pou prevni maladi kolera, ak pou chèche swen sante? (Sijesyon: Fè yon lis tout moun yo epi diskite.)
4. Ki estrateji ou te itilize ak siksè lontan pou montre moun yo prevansyon ak tretman pou maladi kolera? (Sijesyon: Diskite sou demonstrasyon yo ak devlopman ladrès parapò ak pase moun lòd senpleman.)
5. Kijan moun ki nan kominote ou aprann? Ki estrateji ki gen plis siksè pou chanjman konpòtman dapre fason manm kominote a aprann? (Sijesyon: Diskite ki estrateji ki pi bon pou fason moun yo aprann.)

Modil 2: Kisa ou Dwe Konnen Sou Kolera

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Konprann ki sa Kolera ye e ki kote nou jwen mikwòb Kolera.
- Konprann kijan Kolera simaye.
- Kapab idantifye kòmen Kolera manifeste.
- Kapab dekri ki prekosyon yon moun ka pran pou prevni maladi Kolera.
- Kapab dekri kisa yon moun dwe fè si li genyen Kolera.

Materyèl Ou Bezwen

- Foto modil 2 yo (si ou vle).
- Foto oswa yon lis kote moun kapab atrape Kolera.
- Kat edikasyon sou Kolera nan kominote yo.

Modil 2: Sa Ou Dwe Konnen konsènan Kolera

I. Kisa kolera ye?

Kolera se yon maladi ki lakòz anpil dyare dlo ak vomisman. Dyare kolera sanble ak dlo diri twoub. Lè moun gen kolera, yo pèdi likid rapidman, ki lakòz yo dezidrate. Dezidratasyon se pèt dlo ak sèl nan kò a. Pèt dlo ak sèl yo kapab lakòz lanmò moun lan nan kèk èdtan si moun nan **pa trete**.

II. Ki kote yo jwenn mikwòb ki bay kolera?

- Yo jwenn mikwòb kolera nan poupou moun ki enfekte.
- Anjeneral, yo jwenn mikwòb kolera kote moun pa jwenn ase dlo ki bon pou yo bwè, savon ak dlo pwòp pou lave men yo, ak latrin ki pwòp.

III. Kijan kolera simaye?

- Kolera simaye lè poupou yon moun ki enfekte antre nan dlo moun ap bwè oswa nan manje moun ap manje.
- Vale mikwòb kolera ou ranmase nan sifas oswa objè ki genyen poupou fre yon moun ki enfekte kapab lakòz kolera tou.
- Kolera pa kapab transmèt dirèkteman ant yon moun ak yon lòt moun. Bay lamen ak yon moun ki gen kolera oswa manyen yon moun ki gen kolera **pa** reprezante yon risk pou vin malad avèk kolera.

IV. Kisa yon moun ta dwe fè si li panse li trape maladi kolera?

- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki vini nan boutèy avèk bouchon kachte, dlo ki te bouyi, oswa dlo ki te trete avèk yon pwodui abaz klò). Si pa genyen savon, fwote men ou avèk sann ak sab epi rense li avèk dlo pwòp.
- Si genyen sewòm oral (SO), kòmanse pran li kounye a.
  - » Prepare SO nan yon resipyan ki mezire yon lit (¼ galon) avèk dlo pwòp.
  - » Kòmanse bwè SO an ti gòje souvan.

Nòt: Si pa genyen gaz pou bouyi dlo a, oswa si pa genyen pwodui abaz klò pou trete dlo a pou fè li vin pwòp, manm kominote a dwe toujou fè SO avèk dlo yo genyen paske SO avèk nenpòt dlo kapab sove lavi moun.

- Ale imedyatman nan sant sante, nan sant tretman kolera oswa bòkote travayè sante kominotè ki pipre w la, si ou kapab. Kontinye bwè SO lakay ou ak pandan w ap deplase pou al chèche tretman. Kontinye bay tibebe ou tete si tibebe a gen dyare dlo, menm lè w ap deplase pou al chèche tretman. Adilt yo ak timoun pi gran yo fèt pou kontinye manje souvan.

Modil 2: Sa Ou Dwe Konnen konsènan Kolera

V. Kijan yon moun kapab pwoteje tèt li pou li pa trape maladi kolera?

- Bwè ak sèvi ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki vini nan boutèy avèk bouchon kachte, dlo ki te bouyi, oswa dlo ki te trete avèk yon pwodui abaz klò).
- Dlo tiyo kapab pa bon, epitou ou fèt pou bouyi oswa trete li avèk yon pwodui abaz klò oswa avèk klowòks ou sèvi nan kay pou fè li vin pwòp.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pwòp. Si pa genyen savon, fwote men ou avèk sann ak sab epi rense li avèk dlo pwòp.
- Itilize latrin oswa mete poupou yo anba tè sou yon distans 30 mèt avèk nenpòt kote dlo pase.
- Byen kwit manje yo (sitou fwidmè), manje li cho, kite li kouvri, epi kale fwi ak legim yo.
- Fè bon netwayaj—nan kuizin nan ak nan kote fanmi ou benyen ak lave rad.

Kesyon pou diskisyon

1. Anjeneral ki fason moun ki nan zòn ou kapab trape maladi kolera?
2. Èske moun ki nan zòn ou an gen latrin nan lakou lakay yo?
3. Kijan ou fè dlo vin bon pou bwè?
4. Kisa kontak òdinè ye?
5. Anjeneral, èske moun yo genyen savon ak dlo pwòp lakay yo?
6. Èske moun yo te janm sèvi ak SO? Si w di wi, tanpri dekri kijan moun yo prepare li anjeneral, epitou diskite sou si teknik sa yo se teknik ki kòrèk

Egzèsis

- Mande patisipan yo pou yo chita an gwoup 3-4 moun.
- Deziyen yon patisipan pou li jwe wòl yon travayè sante kominotè, epi lòt patisipan yo ap reprezante manm kominote a. Chak manm kominote a ap poze travayè sante a yon kesyon. Yo te tande pale osijè maladi kolera epi yo konnen plis enfòmasyon. Yo kapab poze kesyon nan konferans lan:
  - » Kisa kolera ye?
  - » Ki kote yo jwenn mikwòb ki bay kolera?
  - » Kijan kolera simaye?
  - » Kisa yon moun dwe fè si li panse li trape maladi kolera?
  - » Kijan yon moun kapab pwoteje tèt li pou li pa trape maladi kolera?

Nan fen egzèsis la, fè tout gwoup la reyini ansanm. Mande patisipan ki te jwe wòl Travayè Sante Kominotè yo si yo panse yo te bay repons yo kòmsadwa. Mande patisipan yo ki lòt bagay yo ta enterese konnen.

Modil 3: Gid Pou Pran Swen Moun Ki Gen Dyare Dlo

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Konprann ki sa pou fè lè yon moun ki pa gen dyare dlo.
- Konprann kisa pou fè pou moun ki genyen dyare pandan jounen an.
- Konprann sa pou fè lè yon moun gen dyare dlo pandan nan nwit.
- Konprann sa pou fè pou yon moun ki trò malad, trò granmoun owsa twò fèb pou li ale cheche swen nan yon sant sante.

Materyèl Ou Bezwen

- Photo modil 3 yo (si ou vle).
- Tablo gid pou pran desizyon.
- Kat edikasyon sou dlo dyare (reviszion).

Modil 3: Gid pou Pran Desizyon pou Pran Swen Moun ki Gen Dyare Dlo

I. Fason pou evalye kolera

Antan Travayè Sante Kominotè (TSK), ou gen pou pran desizyon pou sove lavi moun. Li enpòtan pou TSK idantifye kolera. Modil ak Gid sa a pou pran desizyon ap bay enstriksyon etap-pa-etap pou pran swen moun ki nan kominote ou pandan yon epidemi kolera. Konsève yon kopi gid sa a sou ou toutan pou kapab evalye nenpòt moun ki vini kote ou **ki genyen** oswa **ki pa genyen** dyare dlo pandan lajounen oswa pandan **lannwit**. Si moun nan gen sentòm kolera, gid la ofri ou enfòmasyon kòrèk sou fason pou trete moun nan ak ki kote pou voye li.

II. Kijan pou itilize Gid pou Pran Desizyon an

Lè yon moun vin wè ou, kòmanse evalyasyon an. Pou fè sa, poze moun nan yon kesyon enpòtan:

Èske ou te gen dyare dlo jodi a?

- **Si moun nan di non:** W ap edike moun nan sou fason pou li evite trape maladi kolera. W ap montre moun nan kijan pou li prepare ak itilize Sewòm Oral (SO). Bay moun nan 3 sache SO. Fè moun nan konnen si li gen dyare, li dwe prepare SO la imedyatman, kòmanse bwè li pa ti gòje, epi ale nan yon sant sante, oswa nan yon Sant Tretman Kolera (CTC).
- **Si moun nan di wi, epi li gen dyare pandan jounen an:** Bay moun malad la SO epi fè li bwè SO pa ti gòje souvan. Bay edikasyon sou maladi kolera. Montre moun nan kijan pou li prepare SO. Detèmine si moun nan kapab deplase pou ale nan sant sante oswa CTC ki pi pre li a. Si se wi, voye moun lan nan sant sante oswa nan CTC ki pi pre a avèk SO. Si moun nan pa kapab deplase, bay 5 sache SO pou fanmi li, epi bay moun yo ki nan fanmi an enstriksyon sou fason pou yo pran swen moun ki malad la. Moun nan dwe kontinye ap pran SO pou jouk lè dyare a sispann. TSK a dwe tcheke moun malad la lakay li, epitou bay moun nan plis SO si li nesesè (si moun nan toujou gen pwoblèm dyare dlo a, jwenn solisyon pou fason pou mennen moun lan nan yon sant sante oswa nan yon CTC).
- **Si moun nan di wi, epi se pandan lannwit:** Bay moun malad la SO epi fè li bwè SO pa ti gòje souvan. Bay edikasyon sou maladi kolera. Montre moun nan kijan pou li prepare SO. Bay 5 sache SO pou fanmi li, epi bay moun yo ki nan fanmi an enstriksyon sou fason pou yo pran swen moun ki malad la pandan lannwit lan. Lè li jou, detèmine si moun nan kapab deplase pou ale nan sant sante oswa CTC ki pi pre li a. Si se wi, voye moun lan nan sant sante oswa nan CTC ki pi pre a avèk SO pou li bwè pa ti gòje pandan li prale a. Si moun nan pa kapab deplase, bay li 5 sache SO pou fanmi li epi bay moun enstriksyon sou fason pou pran swen moun yo ki nan fanmi an. Moun nan dwe kontinye ap pran SO pou jouk lè dyare a sispann. TSK a dwe tcheke moun malad la lakay li, epitou bay moun nan plis SO si li nesesè (si moun nan toujou gen pwoblèm dyare dlo a, jwenn solisyon pou fason pou mennen moun lan nan yon sant sante oswa nan yon CTC).

Modil 3: Gid pou Pran Desizyon pou Pran Swen Moun ki Gen Dyare Dlo

Kesyon pou diskisyon

1. Li 9:30 aswè epi Mary, yon granmè ki gen 59 ane, vini lakay ou. Li fè ou konnen li te gen anpil dyare dlo pandan 2 dènye èdtan yo. Dyare a koulè dlo diri twoub. Li santi li fèb anpil. Kisa pou w fè? Kisa pou w rekòmande granmè pou li fè?
2. Li 8:00 am epi John, yon granmoun aje ki gen 69 ane nan kominote ou a vini lakay ou avèk pitit-pitit gason li an ki gen 7 ane. Pitit-pitit gason li an fè ou konnen John te genyen move dyare dlo, epi li sanble gen konfizyon. Ou evalye John epi ou deside li pa anmezi pou deplase pou ale nan sant sante a oswa nan CTC a paske li malad anpil. Kisa pou w fè? Kisa pou ou rekòmande pou li fè?

GID POU PRAN DESIZYON AN

Kesyon: Mande moun nan, èske ou te janm gen dyare dlo jodi a?

Non

Repons: Si moun nan di NON li pa t gen dyare dlo jodi a

1. Bay edikasyon sou maladi kolera
2. Bay edikasyon sou preparasyon ak itilizasyon SO
3. Bay moun nan 3 sache SO
4. Di moun nan pou li prepare SO la imedyatman, kòmanse bwè li pa ti gòje, epi ale nan yon sant sante, oswa nan yon CTC, si li gen dyare

Wi

Repons: Si moun nan di WI li te gen dyare dlo jodi a, epi se pandan LAJOUNEN

1. Prepare SO nan yon resipyan 1 Lit (1/4 galon)
2. Bay moun malad la SO epi fè li bwè SO pa ti gòje souvan
3. Bay edikasyon sou maladi kolera
4. Bay edikasyon sou preparasyon ak itilizasyon SO
5. Detèmine si moun nan kapab deplase pou ale nan sant sante oswa CTC ki pi pre li a. Gade anba a

Wi

Repons: Si moun nan di WI li te gen dyare dlo jodi a, epi se pandan LANNWIT

1. Prepare SO nan yon resipyan 1 Lit (1/4 galon)
2. Bay moun malad la SO epi fè li bwè SO pa ti gòje souvan
3. Bay edikasyon sou maladi kolera
4. Bay edikasyon sou preparasyon ak itilizasyon SO
5. Bay 5 sache SO pou manm fanmi an
6. Bay fanmi an enstriksyon pou fè pasyan an bwè SO la pa ti gòje pandan tout lannwit lan
7. Bay fanmi an enstriksyon pou mennen moun lan nan sant sante a oswa nan CTC a lè li jou avèk yon kantite SO pou moun nan bwè pa ti gòje pandan li prale a
8. Voye pasyan an lakay li pou rès nwit lan (si sant sante a fèmen aswè)
9. Detèmine si moun nan kapab deplase pou ale nan sant sante oswa CTC ki pi pre li a lè li jou. Gade anba a

Wi

Si ou detèmine WI moun nan kapab deplase pou ale nan sant sante a oswa nan CTC a

1. Si moun malad la fèt pou deplase pandan plis pase 1 èdtan, bay li 3 sache SO.
2. Asire ou fè moun nan ale avèk dlo pwòp nan sant sante oswa nan CTC ki pi pre li a.
3. Si pa genyen dlo pwòp, sèvi ak dlo ki genyen an
4. Bay moun nan enstriksyon pou bwè SO la pa ti gòje souvan
5. Fè pasyan an kontinye bwè SO la pandan l ap deplase pou ale nan sant sante a oswa nan CTC a

Wi

Non

Si ou detèmine NON moun nan PA kapab deplase pou ale nan sant sante a oswa nan CTC a

1. Bay moun malad la SO epi fè li bwè SO pa ti gòje souvan
2. Bay moun nan 5 sache SO
3. Fanmi an dwe asire pasyan an bwè SO la pa ti gòje pandan tout lannwit lan
4. Bay fanmi an enstriksyon pou yo fè pasyan an bwè SO la pa ti gòje jouk lè dyare a sispann
5. Avèk èd fanmi an, eseye epi jwenn yon fason moun malad la kapab ale nan sant sante oswa nan CTC ki pi pre a
6. TRAVAYÈ SANTE KOMINOTÈ a dwe tcheke moun malad la nan 2 èdtan lakay li

Non

Modil 4: Lave Men Nou

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Konprann pou ki sa lave men ou enpòtan pou anpeche Kolera simaye.
- Konprann ki lè moun sipoze lave men yo.
- Aprann kijan you moun dwe lave men yo.
- Aprann kisa you moun dwe itilize pou lave men li lè pa gen savon.

Materyèl Ou Bezwen

- Foto Modil 4 yo (si ou vle).
- Dlo pwòp, veso oswa bokit, savon (oswa san ou sab si ou pa genyen savon, sevyèt pwòp, si ou genyen.
- Kat edikasyon kijan ou lave men ou (pou reviszion)

Modil 4: Fason pou Lave Men

Lavaj men avèk savon ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki vini nan boutèy avèk bouchon ki pa kase, dlo ki te bouyi, oswa dlo ki te trete avèk yon pwodui ki prepare avèk chlorin) se youn nan fason ki pi fasil pou ede anpeche kolera simaye. Savon ede retire salte ak mikwòb kolera nan men. Yon moun kapab ede pwoteje tèt li ak fanmi li kont kolera si moun nan lave men li souvan. Men ki pa lave (oswa men pa byen lave) kapab transfere mikwòb kolera nan manje, nan dlo, ak nan tou koté ki nan kay la.

I. Kilè mwen ta fèt pou lave men mwen?

- Lave men ou souvan, sitou:
  - » Anvan ou manje oswa anvan ou prepare manje
  - » Anvan ou bay timoun manje
  - » Apre ou fin itilize latrin oswa twalèt
  - » Apre ou fin netwaye dèyè pitit ou
  - » Apre ou fin pran swen yon moun ki malad avèk kolera

II. Kijan mwen ta fèt pou lave men mwen?

- Mouye men ou avèk savon ak dlo pwòp.
- Byen savonnen men ou avèk savon an. Si pa genyen savon, fwote men ou avèk sann oswa avèk sab.
- Kouvri tout men ou avèk savon, epitou kouvri anba zong yo tou.
- Rense men ou byen avèk dlo pwòp.
- Seche men ou nèt avèk yon sèvyèt ki pwòp, si genyen, oswa seche men ou nan lè.

(IMAJ MOUN K AP LAVE MEN)

Modil 4: Fason pou Lave Men

Kesyon pou diskisyon

1. Kilè ou lave men ou l ou? (Sijesyon: Revize lis la sou lòt bò paj la.)
2. Kilè pou **pa** lave men ou lakay ou? (Sijesyon: Mande gwoup la pou kisa li difisil nan moman sa yo, epi rezoud pwoblèm nan pou amelyore fason pou lave men nan moman sa yo.)
3. Kisa ou pou itilize lè **pa** gen savon? (Sijesyon: Ou kapab fwote men ou avèk sann ak sab epi rense li avèk dlo epi seche li nan lè.)
4. Apre ou fin lave men ou, kijan pou seche men ou? (Sijesyon: Si **pa** genyen yon sèvyèt pwòp, souke men ou epi seche li nan lè.)
5. Kijan moun ki gen mikwòb kolera nan men yo kapab lakòz lòt moun vin malad?

Egzèsis

Lè w ap anseye yon nouvo konpòtman, li enpòtan pou montre konpòtman an, epi answit fè moun yo pratike li. Moun aprann pi byen lè yo fè konpòtman an poukont yo. W a bezwen gen dlo pwòp, savon, sab ak yon sèvyèt pwòp. (Si ou **pa** genyen yon sèvyèt pwòp, ou kapab montre fason pou yo kite men yo seche nan lè a.)

Montre bon jan teknik pou lave men, toudabò avèk savon, epi answit avèk sab, pou gwoup k ap swiv etap ki anba la yo. Depi ou fin fè tout etap yo, mande tout moun ki nan gwoup la si w ap fòme yo pou fè pratik bon jan teknik pou lave men an gwoup de (2). Ou ta fèt pou li chak etap awotvwa pou gwoup la kapab kote pandan y ap fè etap yo. Sonje pou montre apresyasyon ou pou patisipasyon yo.

Fason pou lave men ou

1. Mouye men ou avèk dlo pwòp.
2. Byen savonnen men ou avèk savon an. Si pa genyen savon, fwote men ou avèk sann oswa avèk sab.
3. Kouvri tout men ou avèk savon, epitou kouvri anba zong yo tou.
4. Rense men ou byen avèk dlo pwòp.
5. Seche men ou nèt avèk yon sèvyèt ki pwòp, si genyen, oswa seche men ou nan lè.

Mouye men ou avèk dlo pwòp

Savonnen men ou byen avèk savon, pou kouvri tout sifas yo, ak anba zong ou tou

Rense men ou byen avèk dlo pwòp

Seche men ou nèt avèk yon sèvyèt ki pwòp, si genyen, oswa seche men ou nan lè

Modil 5: Sewòm Oral

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Aprann ki sa sewòm oral la ye, kijan sewòm la agi sou dyare a e kijan li enpeche lanmò a koz de Kolera.
- Aprann ki materyèl ou bezwen pou prepare sachè sewòm oral yo.
- Aprann koman pou prepare sachè sewòm oral la.
- Ou fèt pou kapab di moun ki malad ak Kolera ak fammi yo kijan pou yo prepare ak sèvi ak sewòm oral la.
- Edike moun ki malad ak Kolera kòmen pou yo manje ak bay ti bebe tete.

Materyèl Ou Bezwen

- Foto Modil 5 yo (si ou vle).
- Dlo pwòp pou netwaye men ou, sachè sewòm oral, yon veso pwòp ki gen yon lit dlo pwòp pou melanje sewòm oral la, yon kiyè pwòp pou bwase sewòm oral, yon kode pwòp pou bwè sewòm oral la.
- Kat edikasyon pou sou sewòm oral la (pou reviszion).

Modil 5: Sewòm Oral (SO)

Dezidratasyon se pèd dia ak sèl nan kà a. Se sak pase moun le yo genen anpil dyare dlo. Se pèd anpil dlo ak sèl ki kapab koze lanmò. Bwè sewòm oral la lè ou geyen dyare sa pou remèt dlo ak sèl ou pèdi. Li inportan pou tande sa mwen pral di ou:

- Bwè sewòm oral pou enpeche ou pren dyare dlo a.
- Le ou kòmanse bwè sewòm oral la, dyare a pap suspen mem lè a.
- Si ou bwè sewòm oral la sa ap sove la vi ou.

I. Kilè pou itilize SO?

SO se yon tretman ki enpòtan pou sove lavi pou adilt ak timoun ki gen dyare dlo ki kapab sanble ak dlo diri twoub. Dezidratasyon an rapid, kidonk prepare epi bay SO imedyatman pou moun ki gen dyare dlo ki kapab sanble avèk dlo diri twoub.

II. Fason pou fè Sewòm Oral (SO)

- Lave men ou avèk savon ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki vini nan boutèy avèk bouchon kachte, dlo ki te bouyi, oswa dlo ki te trete avèk yon pwodui abaz klò).
- Nan yon resipyan ki pwòp, ajoute 1 lit (¼ galon) dlo pwòp.
  - » Si ou **pa** sèten si dlo a pwòp, bouyi li pandan omwen 1 minit oswa trete li avèk yon pwodui abaz klò.
  - » Si pa genyen gaz pou bouyi dlo a, oswa si pa genyen pwodui abaz klò pou trete dlo a pou fè li vin pwòp, manm kominote a dwe toujou fè SO avèk dlo yo genyen paske SO avèk nenpòt dlo kapab sove lavi moun.
- Vide sache SO la nan dlo a epi brase li avèk yon istansil ki pwòp.
- Sèvi ak yon tas oswa yon kiyè pwòp (pou timoun) pou bwè SO la.
- Bwè SO la an ti gòje souvan.
- Adilt yo ak lòt timoun yo ta fèt pou kontinye manje souvan. Tibebe ak jenn timoun yo ta fèt pou kontinye bwèt lèt manman yo souvan.
- Asire moun yo **pa** ajoute lòt likid (tankou ji fwi) oswa lòt engredyan (tankou sik oswa siwo myèl) pou amelyore gou SO la.

Modil 5: Sewòm Oral (SO)

Kesyon pou diskisyon

1. Èske ou te janm pran swen moun ki gen maladi kolera? Si se non, èske ou te janm pran swen moun ki gen dyare grav? Kijan moun nan te sanble? Kijan li te santi li? Konbyen fwa li te ale nan twalèt? Ki kantite dyare li te genyen? Ak kisa dyare a te sanble?
2. Kisa ou te fè pou ede moun sa a? Èske ou te fè swivi avèk moun nan pou wè kijan li te ye? Si se wi, èske moun nan te vin refè?
3. Èske ou konn tande pale de Sewòm Oral (SO)? Èske ou te janm itilize li pou nenpòt moun ki te gen dyare? Èske ou te prepare li? Si repons lan se wi, kijan ou te prepare li?

Egzèsis

Pandan yon vizit nan kay pou al wè yon tibebe ki malad, ou detèmine tibebe a genyen omwen youn nan sentòm sa yo:

- Dyare dlo nan dènye èdtan an
- Vomisman
- **Pa** pipi
- Ap kriye san dlo pa sòti nan zye li
- San reyaksyon

Ou konkli tibebe a gen dyare grav avèk dezidratasyon. Tibebe a fèt pou pran SO, epitou yo dwe mennen li nan yon sant sante imedyatman.

Preparasyon Egzèsis sou SO Engredyan/Resous

- Savon ak dlo pwòp (pou lave men)
- Yon resipyan pwòp ki kapab kenbe omwen 1 lit (1/4 galon) dlo
- Yon istansil pwòp pou brase solisyon an
- Yon tas pwòp pou bwè oswa yon kiyè pwòp pou bay timoun nan bwè SO la
- Yon lit (1/4 galon) dlo pwòp
- Yon pake SO

Egzèsis preparasyon sache SO

- Lave men avèk savon ak dlo pwòp.
- Nan yon resipyan ki pwòp, ajoute 1 lit (1/4 galon) dlo pwòp ki bon pou bwè.
- Vide sache SO la nan dlo a.
- Brase dlo a avèk yon istansil pwòp jouk lè poud blan an disparèt.
- Sèvi ak yon tas oswa yon kiyè pwòp (pou timoun) pou bwè SO la.

Patisipan yo

- Ap obsève fòmatè a k ap montre fason pou prepare SO la.
- Fè pratik avèk yon patnè, pou montre kijan pou prepare SO.
- Nan fen chak demonstrasyon, evalye kijan patnè ou te fè.

Modil 6: Dlo Pwòp Pou Bwè— Aquatabs®

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Konprann kisa dlo pwòp ye.
- Konprann pou ki sa dlo pwòp enpòtan pou prevni Kolera.
- Konnen kisa Aquatabs® ye.
- Aprann kijan pou fè dlo vin pwòp avèk Aquatabs®.
- Fò ou kapab montre mamb kominote a kijan pou fe dlo pwòp ak Aquatabs®.

Materyèl Ou Bezwen

- Foto Modil 6 yo (si ou vle).
- Sachè Aquatabs® yo, yon veso oswa bokit pwòp ki plen dlo (kantite dlo depann nan fòs Aquatabs® ou gen yen), yon kouvèti pou veso a ak yon kiyè pwòp pou bwase solisyon an.
- Kat edikasyon pou kominote a sou Aquatabs® (pou reviszion).

Modil 6: Dlo Pwòp pou Bwè— Aquatabs®

Maladi kolera kapab simaye lè ou bwè ak itilize dlo ki gen mikwòb kolera ladan. Si ou bwè ak itilize dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki vini nan boutèy avèk bouchon kachte, dlo ki te bouyi, oswa dlo ki te trete avèk yon pwodui abaz klò), sa ap anpeche maladi kolera simaye. Yon fason pou fè dlo a vin pwòp se trete li avèk yon pwodui abaz klò tankou Aquatabs®.

I. Kisa Aquatabs® ye?

Aquatabs® se yon pwodui tretman dlo ou ka itilize pou touye mikwòb ki lakòz kolera epi ki lakòz moun vin malad avèk dyare. Aquatabs® se ti grenn klò ki vini nan yon pake aliminyòm. Aquatabs® vini an 5 dòz diferan epi li fasil pou itilize. Fanmi yo fèt pou pran prekosyon pou yo **pa** gen konfizyon ant Aquatabs® avèk lòt medikaman yo kapab itilize lakay yo. Travayè Sante Kominotè yo dwe fè manm kominote a konnen aklè yo dwe mete grenn Aquatabs® yo nan dlo, **yo pa dwe manje li nan okenn sikonstans**.

II. Kijan pou mwen itilize Aquatabs® pou fè dlo a vin pwòp?

Aquatabs® vini an plizyè dòz. Tablo ki nan pwochen paj la montre kantite dlo ki kapab vin pwòp avèk chak kalite grenn Aquatabs®.

Enstriksyon pou itilizasyon Aquatabs®:

1. Lage grenn Aquatabs® yo nan yon resipyan pwòp ki gen dlo.
   - » Resipyan pwòp ki genyen yon kouvèti ak yon wobinè se pi bon kalite pou itilize. Resipyan ki genyen kouvèti ak wobinè anpeche moun tranpe men yo, tas, istansil ak lòt objè nan dlo a. Sa pwoteje dlo a kont mikwòb yo.
2. Brase dlo a avèk yon istansil ki pwòp.
3. Kouvri resipyan an si ou genyen yon kouvèti.
4. Rete tann pandan 30 minit anvan ou bwè oswa itilize dlo a.
5. Bwè epi itilize dlo pwòp la nan pwochen 24 èdtan yo.

Remak: Si w ap itilize yon resipyan ki **pa** kouvri, w ap bezwen trete dlo a chak 24 èdtan. Si resipyan an kouvri, epi si li gen yon wobinè, ou mèt trete dlo a yon sèl fwa.

Modil 6: Dlo Pwòp pou Bwè— Aquatabs®

Kesyon pou diskisyon

1. Èske dlo te janm fè ou vin malad? (Diskisyon)
2. Kijan ou konnen si dlo bon pou bwè? (Sijesyon: Dlo a pwòp pou bwè sèlman si li vini nan boutèy avèk bouchon kachte, si li te bouyi, oswa si li te trete avèk yon pwodui abaz klò.)
3. Kisa ou fè kounye a pou fè dlo ou vin bon pou bwè? (Diskisyon)
4. Èske ou te janm trete dlo avèk yon pwodui tretman dlo? (Diskisyon)
   - » Si w di wi, kisa ou te itilize?
   - » Si w di non, pouki pa?
5. Kisa ou panse konsènan tretman dlo avèk Aquatabs® oswa avèk nenpòt lòt pwodui tretman dlo? Si ou renmen Aquatabs®, tanpri fè nou konnen kisa ou te renmen sou fason pou itilize pwodui sa a. Kisa ou **pa t** renmen? (Diskisyon)

Egzèsis

Demonstrasyon bon jan fason pou trete dlo pou bwè avèk Aquatabs® se yon egzèsis ki enpòtan. Moun aprann nan fè konpòtman an. W ap bezwen yon resipyan dlo pwòp, yon pake aliminyòm Aquatabs®, ak enstriksyon anvan yo.

Mande yon moun nan gwoup w ap antrene a oswa moun w ap pale avèk li a pou prepare dlo ki bon pou bwè avèk Aquatabs®. Li enstriksyon yo awotvwa pou moun nan kapab fè sa ou mande li a. Sonje pou montre apresyasyon ou pou patisipasyon yo.

Fason pou Fè Dlo Vin Pwòp avèk Aquatabs®

Grenn Aquatabs®		Kantite grenn pou itilize		Pou fè kantite dlo sa a vin pwòp	
Dòz	Koulè Pake	Dlo Klè	Dlo Twoub	Lit	Galon
3.5 mg		1	2	li lit	¼ galon
8.5 mg	**Pake jòn**	1	2	2.5 lit	½ galon
17 mg	**Pake vèt**	1	2	5 lit	1 galon
33 mg	**Pake vèt**	1	2	10 lit	2½ galon
67 mg	**Pake ble**	1	2	20 lit	5 galon
167 mg	**Pake wouj**	1	2	40 lit	10 galon

Modil 7: Dlo Pwòp Pou Bwè— Dlo Lavi

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Konprann kisa dlo pwòp ye.
- Konprann pou ki sa dlo pwòp enpòtan pou prevni kolera simaye.
- Konprann kisa Dlo Lavi ye.
- Aprann kijan pou fè dlo pwòp ak Dlo Lavi.
- Konnen kijan pou montre mamb kominote yo kijan pou fè dlo pwòp ak Dlo Lavi.

Materyèl Ou Bezwen

- Foto Modil 7 yo (si ou vle)
- Yon boutèy Dlo Lavi, yon bokit plen 20 lit dlo pwòp, kouvèti pou bokit la, yo kiyè pwòp pou bwase solisyon an.
- Kat edikasyon kominote sou Dlo Lavi (pou reviszion).

Modil 7: Dlo Pwòp pou bwè— Dlo Lavi

Maladi kolera a pwopaje lè moun bwè dlo ki gen mikwòb kolera ladan ak lè yo itilize dlo a. Pou ka anpeche kolera a pwopaje, ou dwe bwè dlo pwòp epi ou dwe itilize dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon kachte, se dlo ki bouyi, oswa dlo ki trete ak pwodui abaz klò). Yon fason pou rann dlo a pwòp, se pou trete l ak yon pwodui abaz klò tankou Dlo Lavi.

I. Kisa Dlo Lavi ye?

Dlo Lavi se yon pwodui ki trete dlo, li ka sèvi pou touye mikwòb ki bay kolera a e ki fè moun malad ak dyare. Dlo Lavi se klò an likid ki vin nan yon ti boutèy e li disponile ann Ayiti.

II. Kijan pou m itilize Dlo Lavi pou m rann dlo a pwòp?

Yon bouchon plen ak Dlo Lavi ap bay 20 lit (5 galon) dlo pwòp pou bwè. Si dlo a sal anpil oswa twoub, mete 2 bouchon plen Dlo Lavi olye w mete youn (1).

Men kijan pou itilize Dlo Lavi:

1. Vide likid Dlo Lavi a nan bouchon ki bouche boutèy Dlo Lavi a.
2. Vide 1 bouchon ki plen nan yon veso ki pwòp e ki gen 20 lit (5 galon) dlo. Si dlo a sal anpil oswa si li twoub, mete 2 bouchon plen olye w mete youn (1).
   - » Pi bon kalite veso w ka itilize se veso ki pwòp e ki gen yon kouvèti ak yon ti wobinè. Veso ki gen kouvèti ak wobinè anpeche moun foure men yo, gode yo, istansil, ak lòt bagay nan dlo a. Li pwoteje dlo a paske li pa kite okenn mikwòb antre ladan.
3. Brase dlo a ak yon istansil ki pwòp.
4. Kouvri veso a si w gen yon kouvèti.
5. Tann 30 minit anvan ou bwè dlo a oswa anvan ou itilize l.
6. Bwè dlo pwòp la oswa itilize l anvan 24 èdtan pase.

Pa bliye: Si w ap itilize yon veso ki **pa** kouvri, wap oblije trete dlo a chak 24 èdtan. Si veso a kouvri epi l gen yon wobinèt, w ap gen pou trete l yon fwa sèlman.

Vide 1 bouchon ki plen ak Dlo Lavi.

Mete Dlo Lavi an nan yon veso pwò p ki gen 20 lit dlo.

Kouvri veso à, melanje liki a la, e tann 30 minit avan ou bwè dlo a.

Ou met bwè dlo a kounyen a.

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention
v2.0
CS218556

Modil 7: Dlo Pwòp pou bwè— Dlo Lavi

Kesyon pou diskite

1. Èske dlo w bwè a janm fè w malad? (Diskisyon)
2. Kijan w fè konnen si dlo w genyen an se yon dlo pwòp pou bwè? (Men yon tipoul: Dlo a pwòp sèlman si li nan boutèy ki gen bouchon kachte, si se dlo ki bouyi, oswa si se dlo ki trete ak pwodui abaz klò.)
3. Aktyèlman, kisa w fè pou rann dlo w la pwòp pou w ka bwè l? (Diskisyon)
4. Èske w janm trete dlo w ak yon pwodui pou trete dlo? (Diskisyon)
   - » Si repons lan se wi, ak ki pwodui w te sèvi?
   - » Si repons lan se non, pouki pa?
5. Kisa w panse si w ta trete dlo w la ak Dlo Lavi oswa ak nenpòt lòt pwodui pou trete dlo? Si ou reponn wi, tanpri di nou kisa w te renmen lè w te itilize pwodui a. Kisa w **pa t** renmen? (Diskisyon)

Egzèsis pou fè

Bay demonstrasyon sou bon fason pou trete dlo pou bwè ak Dlo Lavi se yon egzèsis ki enpòtan anpil. Se lè moun wè fason yon bagay fèt yo vin konn fè l. Ou pral bezwen yon veso pwòp ki gen dlo ladan, yon boutèy Dlo Lavi, ak esplikasyon ke yo te bay anvan an.

Mande yon moun ki nan gwoup w ap antrene a oswa mande yon moun k ap pale avè w pou l itilize Dlo Lavi pou l prepare dlo pwòp la. Travayè Sante Kominotè (TSK) a fèt pou l li machasuiv la byen fò defason pou moun lan ka fè melanj la. Pa bliye remèsye moun yo dèske yo patisipe.

Modil 7A: Dlo Pwòp Pou Bwè— Gadyen Dlo®

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Konprann kisa dlo pwòp ye.
- Konprann pou ki sa dlo pwòp enpòtan pou prevni kolera simaye.
- Konprann kisa Gadyen Dlo® ye.
- Aprann kijan pou fè dlo pwòp ak Gadyen Dlo®.
- Konnen kijan pou montre mamb kominote yo kijan pou fè dlo pwòp ak Gadyen Dlo®.

Materyèl Ou Bezwen

- Foto Modil 7A yo (si ou vle)
- Yon boutèy Gadyen Dlo®, yon bokit plen 20 lit dlo pwòp, kouvèti pou bokit la, yo kiyè pwòp pou bwase solisyon an.
- *Kat edikasyon kominote sou Gadyen Dlo® (pou reviszion).*

Modil 7A: Dlo Pwòp pou bwè— Gadyen Dlo®

Maladi kolera a pwopaje lè moun bwè dlo ki gen mikwòb kolera ladan ak lè yo itilize dlo a. Pou ka anpeche kolera a pwopaje, ou dwe bwè dlo pwòp epi ou dwe itilize dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon kachte, se dlo ki bouyi, oswa dlo ki trete ak pwodui abaz klò). Yon fason pou rann dlo a pwòp, se pou trete l ak yon pwodui abaz klò tankou Gadyen Dlo®.

I. Kisa Gadyen Dlo® ye?

Gadyen Dlo® se yon pwodui ki trete dlo, li ka sèvi pou touye mikwòb ki bay kolera a e ki fè moun malad ak dyare. Gadyen Dlo® se klò an likid ki vin nan yon ti boutèy e se ann Ayiti yo fabrike l.

II. Kijan pou m itilize Gadyen Dlo® pou m rann dlo a pwòp?

Yon bouchon plen ak Gadyen Dlo® ap bay 20 lit (5 galon) dlo pwòp pou bwè. Si dlo a sal anpil oswa twoub, mete 2 bouchon plen Gadyen Dlo® olye w mete youn (1).

Men kijan pou itilize Gadyen Dlo®:

1. Vide likid Gadyen Dlo® a nan bouchon ki bouche boutèy Gadyen Dlo® a.
2. Vide 1 bouchon ki plen nan yon veso ki pwòp e ki gen 20 lit (5 galon) dlo. Si dlo a sal anpil oswa si li twoub, mete 2 bouchon plen olye w mete youn (1).
   - Pi bon kalite veso w ka itilize se veso ki pwòp e ki gen yon kouvèti ak yon ti wobinè. Veso ki gen kouvèti ak wobinè anpeche moun foure men yo, gode yo, istansil, ak lòt bagay nan dlo a. Li pwoteje dlo a paske li pa kite okenn mikwòb antre ladan.
3. Brase dlo a ak yon istansil ki pwòp.
4. Kouvri veso a si w gen yon kouvèti.
5. Tann 30 minit anvan ou bwè dlo a oswa anvan ou itilize l.
6. Bwè dlo pwòp la oswa itilize l anvan 24 èdtan pase.

Pa bliye: Si w ap itilize yon veso ki pa kouvri, wap oblije trete dlo a chak 24 èdtan. Si veso a kouvri epi l gen yon wobinèt, w ap gen pou trete l yon fwa sèlman.

Vide 1 bouchon ki plen ak Gadyen Dlo®.

Mete Gadyen Dlo® an nan yon veso pwò p ki gen 20 lit dlo.

Kouvri veso à, melanje liki a la, e tann 30 minit avan ou bwè dlo a.

Ou met bwè dlo a kounyen a.

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention
v2.0
CS218556

Modil 7A: Dlo Pwòp pou bwè— Gadyen Dlo®

Kesyon pou diskite

1. Èske dlo w bwè a janm fè w malad? (Diskisyon)
2. Kijan w fè konnen si dlo w genyen an se yon dlo pwòp pou bwè? (Men yon tipoul: Dlo a pwòp sèlman si li nan boutèy ki gen bouchon kachte, si se dlo ki bouyi, oswa si se dlo ki trete ak pwodui abaz klò.)
3. Aktyèlman, kisa w fè pou rann dlo w la pwòp pou w ka bwè l? (Diskisyon)
4. Èske w janm trete dlo w ak yon pwodui pou trete dlo? (Diskisyon)
   - Si repons lan se wi, ak ki pwodui w te sèvi?
   - Si repons lan se non, pouki pa ?
5. Kisa w panse si w ta trete dlo w la ak Gadyen Dlo® oswa ak nenpòt lòt pwodui pou trete dlo? Si ou reponn wi, tanpri di nou kisa w te renmen lè w te itilize pwodui a. Kisa w pa t renmen? (Diskisyon)

Egzèsis pou fè

Bay demonstrasyon sou bon fason pou trete dlo pou bwè ak Gadyen Dlo® se yon egzèsis ki enpòtan anpil. Se lè moun wè fason yon bagay fèt yo vin konn fè l. Ou pral bezwen yon veso pwòp ki gen dlo ladan, yon boutèy Gadyen Dlo®, ak esplikasyon ke yo te bay anvan an.

Mande yon moun ki nan gwoup w ap antrene a oswa mande yon moun k ap pale avè w pou l itilize Gadyen Dlo® pou l prepare dlo pwòp la. Travayè Sante Kominotè (TSK) a fèt pou l li machasuiv la byen fò defason pou moun lan ka fè melanj la. Pa bliye remèsye moun yo dèske yo patisipe.

Modil 8: Dlo Potab Pou Bwè— PuR®

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Konprann kisa dlo pwòp ye.
- Konprann pou ki sa dlo pwòp enpòtan pou anpeche kolera simaye.
- Konprann kisa Dlo PuR® ye.
- Aprann kijan pou fè dlo pwòp ak Dlo PuR®.
- Konnen kijan pou montre mamb kominote yo kijan pou fè dlo pwòp ak Dlo PuR®.

Materyèl Ou Bezwen

- Foto Modil 8 yo (si ou vle).
- Sachè PuR®, yon bokit plen dlo pwòp 10 lit (oswa 2 gallon edmi), kouvèti pou bokit la, yon twol pwòp pou koule dlo a, yon kouto pou ouvwi sachè a, yon kiyè pwòp pou bwase solisyon an.
- Kat edikasyon kominote sou PuR® (pou reviszion).

Modil 8: Dlo pwòp pou bwè— PuR®

Maladi kolera ka pwopaje lè moun bwè ak itilize dlo ki gen mikwòb kolera yo landan. Pou anpeche maladi kolera a pwopaje, ou dwè bwè e ou dwe itilize dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon kachte, se dlo ki bouyi, oswa se dlo ki trete ak yon pwodui abaz klò). Yon fason pou rann dlo a pwòp se pou trete l avèk yon pwodui abaz klò, tankou PuR®.

I. Kisa PuR®ye?

PuR® se yon pwodui pou trete dlo ki ka sèvi pou touye mikwòb ki lakoz maladi kolera ak maladi ki fè moun gen dyare. PuR® se meyè pwodui pou trete dlo ki twoub oswa ki sal. PuR® fè dlo a vin klè. Lòt pwodui pou trete dlo yo touye mikwòb, men dlo a ka ret sal toujou.

II. Kijan pou mwen sèvi ak PuR® pou m rann dlo a pwòp?

PuR® vin nan yon ti pake oswa nan yon sache. Yon sache PuR® bay 10 lit (2 galon ½) dlo pwòp pou bwè.

Men kouman pou sèvi ak PuR®:

1. Vide poud ki nan yon sache PuR® la nan yon veso ki gen 10 lit (2 galon ½) dlo.
2. Brase dlo a byen brase ak yon istansil ki pwòp; fè sa pandan 5 minit.
3. Kite dlo a poze pandan 5 minit, defason pou tout salte yo chita nan fon veso a.
4. Filtre dlo a; pou fè sa, fè l pase nan yon twal pwòp (ki pa gen twou) pou l ale nan yon veso ki pwòp.
   - » Veso pwòp ki gen yon kouvèti ak yon wobinè se meyè kalite veso pou sèvi. Veso ki gen kouvèti ak yon wobinè anpeche moun foure men yo, gode yo, istansil yo, ak lòt objè nan dlo a. Konsa li pwoteje dlo a kont mikwòb.
5. Si ou gen yon kouvèti, kouvri veso a.
6. Tann 20 minit anvan ou bwè dlo a oswa anvan ou sèvi ak li.
7. Bwè epi itilize dlo pwòp la sou 24 èdtan

Remak: Si w ap itilize yon veso ki pa kouvri, w ap gen pou trete dlo a chak 24 èdtan. Si veso a kouvri e li gen yon wobinè, se yon fwa sèlman pou trete l.

10 lit (2 galon 1/2) dlo.

Brase dlo a byen brase pandan 5 minit.

Kite dlo a poze pandan 5 minit.

Filtre dlo a; pou fè sa, fè l pase nan yon twal pwòp.

Tann 20 minit anvan ou bwè dlo a.

Modil 8: Dlo pwòp pou bwè— PuR®

Kesyon pou diskite

1. Èske dlo janm fè w malad?
2. Kijan ou fè konnen si dlo w la pwòp pou bwè l? (Men yon ti poul: Sèl jan dlo a pwòp pou bwè se si li nan boutèy ki gen bouchon kachte, si se dlo ki bouyi, oswa si se dlo ki trete ak yon pwodui abaz klò.)
3. Kisa ou fè aktyèlman pou rann dlo w la pwòp pou bwè? (Diskisyon)
4. Èske ou janm trete dlo w la avèk yon pwodui pou trete dlo? (Diskisyon)
   - » Si ou reponn wi, ak ki pwodui ou te sèvi?
   - » Si ou reponn non, pouki pa?
5. Kisa ou panse si w ta trete dlo w la ak PuR® oswa ak nenpòt lòt pwodui pou trete dlo? Si ou renmen pwodui PuR® la, tanpri, di nou kisa ou te renmen lè w te itilize pwodui a. Kisa ou pa t renmen? (Diskisyon)

Egzèsis pou fè

Bay demonstrasyon sou bon fason pou trete dlo pou bwè ak PuR® se yon egzèsis ki enpòtan anpil. Se lè moun wè fason yon bagay fèt yo vin konn fè l. Ou pral bezwen yon veso pwòp ki gen dlo ladan, yon sache PuR®, sizo oswa yon kouto pou ouvri sache a, yon twal pwòp, yon ti bout bwa pou brase, ak esplikasyon sou PuR® yo te bay anvan yo.

Mande yon moun ki nan gwoup w ap antrene a oswa mande yon moun k ap pale avè w pou l itilize PuR® pou l prepare dlo pwòp la. Travayè Sante Kominotè (TSK) a fèt pou l li machasuiv la byen fò defason pou moun lan ka fè melanj la. Pa bliye remèsye moun yo dèske yo patisipe.

Dlo trete ak PuR® anvan (adwat) ak apre (agòch)

Modil 9: Kijan Pou Konsève Dlo Potab

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Konprann pou ki rezon dlo potab enpòtan pou anpeche Kolera simaye.
- Aprann kijan pou konnen yon bon bokit oswa veso pou konsève dlo.
- Aprann kijan pou montre mamb kominote yo kijan pou Konnen ki veso pou preserve dlo pwòp.
- Aprann kijan pou montre mamb kominote yo enpòtans pou konsève dlo pwòp pou tout moun nan kominote yo.

Materyèl Ou Bezwen

- Foto Modil 9 yo (si ou vle)
- Bay plisyè examp veso ki san danje ak veso ki pa bon pou konsève dlo pwòp.
- Kat edikasyon kominote sou kijan pou konsève dlo pwòp (pou reviszon).

Modil 9: Kijan pou konsève dlo pwòp

Maladi kolera a ka pwopaje lè moun bwè ak lè yo itilize dlo ki gen mikwòb kolera ladan. Pou anpeche maladi kolera a pwopaje, ou fèt pou bwè e pou sèvi ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon kachte, se dlo ki bouyi, oswa dlo ki trete ak pwodui abaz klò).

Pran abitid konsève dlo pwòp ak pran mezi dijyèn ki apwopriye.

Konsève dlo pwòp vle di yon fwa dlo a pwòp pou moun bwè l, se pou konsève l nan yon veso ki anpeche moun foure men yo, gode yo, istansil yo, ak lòt objè nan dlo a. Konsa li pwoteje dlo a kont mikwòb.

I. Pou ki rezon li enpòtan pou konsève dlo pwòp?

Lè moun bwè dlo pwòp ak lè yo itilize l se youn nan fason ki pi enpòtan pou anpeche maladi kolera a pwopaje. Apre ou fin rann dlo a pwòp pou moun ka bwè l ak itilize l, li enpòtan pou asire w ke ou konsève dlo a avèk prekosyon defason pou li pwoteje kont mikwòb kolera yo.

II. Kisa yon veso pou konsève dlo pwòp ye?

- Se yon veso ki gen yon kouvèti ki kouvri l byen sere.
- Se yon veso ki gen yon wobinè oswa yon ti ouvèti ki anpeche moun foure men yo, gode yo, istansil yo, ak lòt objè nan dlo a.

III. Kouman pou netwaye yon veso pou l sa konsève dlo pwòp (si ou gen klowòks ki sèvi nan kay)

Anvan ou plen veso a ak dlo pwòp, suiv etap senp sa yo pou netwaye veso k ap konsève dlo a

1. Lave veso a avèk savon e ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo pwòp ki nan boutèy ki gen bouchon kachte, se dlo ki bouyi, oswa se dlo ki trete ak yon pwodui abaz klò) epi rense l byen rense avèk dlo pwòp.
2. Netwaye veso a avèk yon melanj 100 mezi dlo pou 1 mezi klowòks ki sèvi nan kay.
3. Kouvri veso a epi sekwe l byen sekwe defason pou melanj dlo a manyen tout andedan veso a.
4. Tann omwen 30 segonn epi vide melanj dlo a pou l soti nan veso a.
5. Kite veso a seche alè avan ou sèvi ak li.

Remak: Si ou pa gen klowòks ki sèvi nan kay, netwaye veso a avèk savon e ak dlo pwòp epi kite l seche alè.

Modil 9: Kijan pou konsève dlo pwòp

Kesyon pou diskite

E si mwen pa gen yon veso pou konsève dlo? (Diskisyon)

Si ou gen dlo nan yon veso ki pa gen kouvèti e ki pa gen yon wobinè, li enpòtan kanmenm pou w kenbe dlo a lepli pwòp ke posib.

- **Piga** tranpe objè nan dlo a.
- **Piga** tranpe dwèt ou oswa men w nan dlo a.
- Sèvi ak dlo ki soti dirèkteman nan veso a sèlman.

Kisa ou ka reponn yon moun ki poze w kesyon sa yo:

Kisa pou m fè, si mwen pa gen lajan pou m achte yon veso pou konsève dlo pwòp? (Diskisyon)

E si yon moun foure men yo nan dlo mwen fin trete a, èske se pou mwen trete dlo sa a ankò? (Wi)

Modil 10: Kijan Pou Kwit Manje San Danje

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Konprann pou ki rezon pou kwit manje san danje enpòtan pou prevni Kolera simaye.
- Aprann kijan pou kwit manje san danje.
- Aprann kijan pou montre mamb kominote yo kijan pou kwit manje san danje.

Materyèl Ou Bezwen

- Foto Modil 10 yo (si ou vle).
- Montre plisyè kalite manje ou dwe prepare ki san danje.
- Montre plisyè kalite veso ak kouvèti yo.
- Kat edikasyon sou kijan manje kwit san danje (pou revizyon).

Modil 10: Prepare manje san danje

Se atravè poupou yon moun ki gen maladi kolera ke mikwòb kolera a antre nan dlo pwòp ak nan manje. Yon moun ka trape kolera si li manje manje ki gen mikwòb kolera a. Si w prepare, kuit ak sere manje a kòrèkteman, sa ka anpeche kolera pwopaje. Gen plizyè fason pou fè manje w san danje. Pa bliye kuit manje w byen, kouvri l, epi manje l tou cho. Evite manje kri sòf si se fwi oswa legim ou kale oumenm pèsonèlman.

I. Kijan pou m prepare manje san danje?

- Lè w ap prepare manje, lave men w souvan ak dlo pwòp e ak savon (dlo pwò se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon kachte, se dlo ki bouyi, oswa dlo ki trete ak pwodui abaz klò).
- Itilize dlo pwòp pou prepare manje a.
- Kuit manje a byen kuit (sitou si se fwidmè).
- Manje manje kuit yo tou CHO.
- Sere manje kuit yo nan veso ki kouvri.
- Rechofe manje kuit yo byen.
- Itilize dlo pwòp ak savon pou netwaye kote yo fè manje a ak istansil kuizin yo byen netwaye.
- Sèl manje pou manje se manje ou kuit pèsonèlman oswa manje yon moun ou fè konfyans pote pou w.

II. Pou ki rezon prepare manje san danje enpòtan?

- **Lave men w souvan ak dlo pwòp e ak savon:** Lè w lave men w, li anpeche mikwòb kolera a antre nan manje a. Lave men w ak dlo pwòp e ak savon anvan w prepare manje a. Lave men w lè w fin prepare manje kri, tankou pwason oswa legim. Si w ap fè yon lòt bagay epi w retounen vin fè manje ankò, lave men w ankò.

Pa bliye: *Si pa gen savon, fwote men w souvan ak sann oswa ak sab epi rense yo ak dlo pwòp.*

Itilize dlo pwòp pou prepare manje: Dlo pwòp se dlo pwòp ki nan boutèy ki gen bouchon kachte, se dlo ki bouyi, oswa dlo ki trete ak pwodui abaz klò (Aquatabs®, Dlo Lavi,Gadyen®, Dlo PuR® oswa klò yo itilize nan kay). Dlo w ap itilize pou fè manje a, pa bliye mete l nan yon veso pwòp e ki kouvri. Toujou itilize dlo pwòp pou fè manje.

- **Kuit manje a byen:** Nenpòt ki manje, sitou pwason, fwidmè ak legim ka gen mikwòb kolera ladan yo. Pa bliye kuit tout manje jiskaske tout manje a cho. Evite manje kri apade fwi ak legim ou kale pèsonèlman. Prepare manje kri yon lòt kote, pa prepare yo menm kote ak manje kuit. Pa bliye bouyi l, kuit li, kale l, oswa kite l.
- **Manje manje kuit yo tou CHO:** Lè w ap fè manje epi gen vapè, sa ede touye mikwòb kolera a ki ka byen nan manje a. Li pi bon lè w manje manje ki kuit pandan l cho.
- **Sere manje kuit nan veso ki kouvri:** Lè w kouvri manje a, mouch pa poze epi l pwoteje manje a pou mikwòb kolera pa antre ladan. Sere manje kuit nan veso ki kouvri. Tibebe fèt pou manje manje yo kou

li fin prepare, lèfini yo pa dwe sere yo ditou.

- **Rechofe manje kuit byen rechofe:** Depi yon manje kuit te sere, li fèt pou l rechofe jiskaske l vin cho anvan w manje l.
- **Netwaye kote w fè manje a ansanm ak istansil kuizin yo ak dlo pwòp e ak savon:** Netwaye kote w fè manje a ansanm ak istansil kuizin yo ak dlo pwòp e ak savon. Kite l seche nèt anvan w sèvi avèk li ankò. Tòchon ki sèvi pou netrwaye ak seche kuizin lan fèt pou chanje toulejou epi yo fèt pou lave anvan w sèvi avèk yo ankò.
- **Manje sèlman manje ou kuit oumenm pèsonèlman oswa manje yon moun ou fè konfyans pote ba w:** Fè atansyon lè w ap manje manje ki pa t fè anndan lakay ou.

Kesyon pou diskite

1. Èske manje w manje janm fè w malad? (Men yon tipoul: Kisa w panse w te fè oswa w pa t fè lè manje ou kuit te petèt fè w malad?)
2. Bay kèk fason pou evite trape kolera lè w ap fè manje. (Men yon tipoul: Kisa w ta di fanmi w ak vwazen w pou yo fè pou yo pa trape kolera?)
3. Ki lè ki pi enpòtan pou lave men w lè w ap fè manje? (Diskisyon)
4. Kisa pou fè si w gen pou al chanje tibebe w la pandan w ap fè manje? (Diskisyon)
5. Ki manèv ou sipoze fè ak manje kri pou bloke kolera? (Men yon tipoul: Pale sou kijan pou netwaye kote w fè manje, sou fason pou kale fwi ak legim, sou kijan pou pa kite manje kri kontre ak manje kuit.)

Modil 11: Mezi Dijen Ak Netwayaj San Danje

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Konprann pou ki sa mezi ijyen ak netwayaj san danje enpòtan pou prevni Kolera simaye.
- Konprann kisa mezi ijyen ak netwayaj ye.
- Montre kijan e kibò pou jete poupou.
- Montre kijan pou prepare dlo pou fè netwaye la kay ou kap anpeche simaye Kolera.
- Montre kijan pou netwaye tout kwen la kay ou pou anpeche Kolera simaye.
- Montre kijan yon moun dwe netwaye kay yo lè gen moun nan kay la ki malad ak Kolera.
- Montre kijan pou fè Fòmasyon moun la kay ou kòmen pou yo benyen pou pa pren maladi Kolera a.

Materyèl Ou Bezwen

- Foto Modil 11 yo (si ou vle).
- Klowòks ki sevi nan kay ak dlo, bokit oswa veso pou melange dlo ak klowòks ki sevi nan kay.
- Kat edikasyon pou kominote a sou kijan pou fè ijyen ak netwayaj san danje (pou revizyon).

Modil 11: Mezi dijyèn ak netwayaj ki san danje

I. Pou ki rezon mezi dijyèn ak netwayaj ki san danje enpòtan?

Mezi dijyèn ak netwayaj ki san danje se 2 bagay ki anpeche mikwòb ki bay maladi kolera a pwopaje. Kolera se maladi ki pwopaje lè matyè fekal (poupou) oswa vomi moun ki enfekte jwenn mwayen antre nan manje yon lòt moun manje oswa nan dlo yon lòt moun bwè. Epitou poupou oswa vomi yon moun ki malad ak kolera ka jwenn mwayen ateri nan atik ki gen nan kay tankou asyèt, mèb, atè-ya oswa sou dra yo konn met sou kabann. Si yon moun an bòn sante epi li manyen atik sa yo lèfini li foure dwèt nan bouch li, moun nan ka trape maladi kolera.

II. Mezi dijyèn ki san danje

Mezi dijyèn ki san danje ka anpeche maladi kolera pwopaje. Mezi dijyèn ki san danje vle di lè moun jete matyè fekal (poupou) kòrèkteman nan watè oswa nan latrin, oswa lè yo antere poupou a.

- Lè ou fin poupou oswa lè ou fin manyen poupou yon moun ki enfekte, lave men w ak savon e ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon kachte, se dlo ki bouyi, oswa dlo ki trete ak pwodui abaz klò).
- Itilize latrin oswa lòt sistèm sanitasyon tankou watè ki gen pwodui chimik ladan oswa latrin ki nan fòs.
- Poupou a omwen yon distans de 30 mèt de kote ki gen nenpòt sous dlo epi antere poupou a anba tè.
- **Piga** poupou nan gwo rivyè ni nan ti rivyè.
- Fouye nouvo latrin oswa latrin nan fòs tanporè ki gen omwen ½ mèt an pwofondè e ki a omwen 30 mèt de distans ak nenpòt sous dlo.
- Netwaye latrin ak tout kote ki kontamine ak poupou oubyen vomi ak yon solisyon ki se yon melanj 9 mezi dlo pou 1 mezi klowòks ki sèvi nan kay.
- Jete tout sache plastik ki gen poupou ak vomi nan latrin, oswa al lage yo kote yo konn ranmase yo si gen kote konsa ki egziste, oswa antere sache yo men piga antere sache yo toupre rezèv dlo, kenbe omwen 30 mèt distans ak nenpòt rezèv dlo. **Piga** mete sache plastik la nan watè ki gen pwodui chimik ladan yo.
- Si yo sèvi ak sache yo anndan yon bokit, netwaye bokit la byen netwaye toulejou ak yon solisyon ki se yon melanj 9 mezi dlo pou 1 mezi klowòks ki sèvi nan kay.

III. Fè netwayaj ak benyen avèk prekosyon

Lè w netwaye ak lè w benyen avèk prekosyon, sa ka anpeche maladi kolera pwopaje. Fè netwayaj avèk prekosyon se lè ou netwaye tout kote ki sal nan kay la ak lòt atik regilyèman pou pa kite okenn manm nan fanmi an manyen poupou ak vomi. Epitou li enpòtan pou moun benyen defason pou yo pwoteje moun ki rete nan kay la.

Kontinye sou do

- Lave dra ki al sou kabann, rad ak kouchèt avèk savon e kenbe yon distans de omwen 30 mèt de nenpòt kote ki gen sous dlo, lè w ap fè lesiv la.
- Lè w ap benyen ak lè w ap benyen timoun yo, itilize savon ak dlo epi rete a omwen 30 mèt distans de tout kote ki gen sous dlo.
- Tòchon oswa twal ki sèvi pou netwaye anndan kay fèt pou lave toulejou ak savon epi seche yo alè anvan w sèvi avèk yo ankò.

Si gen yon manm fanmi an ki malad ak kolera, ou fèt pou pran prekosyon espesyal.

- Lave **tout** rad ak tout dra ki al sou kabann moun malad la manyen oswa itilize. Lave yo ak yon melanj 100 mezi dlo pou 1 mezi klowòks ki sèvi nan kay.
- Si w **pa** gen klowòks ki sèvi nan kay, lave rad ak dra ki al sou kabann moun ki enfekte a avèk savon epi mete yo nan solèy pou yo seche. Si posib, mete dra yo ak rad yo nan dlo k ap bouyi epi brase yo, anvan ou lave yo.
- Si w **pa** gen klowòks ki sèvi nan kay, itilize dlo ak savon pou netwaye tout kote moun ki enfekte a te manyen.
- Pou dezenfekte matla yo, annik mete yo seche byen seche nan solèy.

Kesyon pou diskite

E si m pa gen ni latrin ni watè ki gen pwodui chimik ladan yo? (Men yon ti poul: poupou a yon distans de omwen 30 mèt de nenpòt sous dlo, epi antere poupou a.)

Kisa moun dwe fè lè moun poupou nan sache plastik? (Men yon ti poul: Jete tout sache plastik ki gen poupou ak vomi nan latrin, oswa al lage yo kote yo konn ranmase yo si gen kote konsa ki egziste, oswa antere sache yo men piga antere sache yo toupre okenn sous dlo, kenbe omwen 30 mèt distans de nenpòt sous dlo. **Piga** mete sache plastik yo nan watè ki gen pwodui chimik ladan yo. Si yo sèvi ak sache yo anndan yon bokit, netwaye bokit la byen netwaye toulejou ak yon solisyon ki se yon melanj 9 mezi dlo pou 1 mezi klowòks ki sèvi nan kay.)

Si nou vle fouye yon latrin, ki kote nou ta dwe mete li? (Diskisyon) (Men yon ti poul: Fouye nouvo latrin oswa latrin nan fòs tanporè a omwen ½ mèt an pwofondè lèfini piga fouye latrin toupre sous dlo, kenbe omwen 20 mèt ditans de nenpòt sous dlo.

Kounyeya, ki kote moun al benyen? Kisa w ta di moun pou ka ankouraje yo benyen avèk prekosyon? (Diskisyon)

Ki pi bon fason ki genyen pou lave rad ak dra ki al sou kabann yon moun ki malad ak kolera itilize? (Si gen posibilite, lave **tout** rad, tout dra ki al sou kabann ak tout kote moun malad la manyen oswa itilize. Lave yo ak yon melanj 100 mezi dlo pou 1 mezi klowòks ki sèvi nan kay.)

Modil 12: Lè Gen Lanmò la Kay Ou a Koz Maladi Kolera

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Aprann kijan pou montre mamb kominote yo kijan pou anpeche kolera simaye lè gen lanmò la kay yo a koz Kolera.
- Aprann kijan pou montre mamb Kominote yo kòmen pou fè ijyen ak netwayaj lè wòp prepare yon kò la kay ou pou antere.
- Konpran ki sa nou dwe fè lè yon anterman pa kapab renvwaye.

Materyèl Ou Bezwen

- Foto Modil 12 yo (si ou vle).
- Klowòks ki sevi nan kay ak dlo, veso oswa bokit pou melanje dlo ak klowòks la.
- Kat edikasyon kominote sou kisa pou fè le gen lanmò nan kay ou (pou revizyon).

Modil 12: Lè yon moun mouri nan kay la poutèt li te gen kolera

I. Men kijan pou prepare kò moun lan pou antere l

Lè yon moun mouri poutèt li te gen kolera, kò moun lan konn koule likid ki gen mikwòb kolera ladann. Gen yon preparasyon espesyal ki dwe fèt pou prepare kò moun lan anvan ou antere l defason pou lòt moun **pa** trape maladi kolera a. Ou fèt pou kontakte otorite lokal yo oswa yon pwofesyonèl medikal tousuit. Si posib, manm fanmi yo **pa** dwe manyen kò moun ki mouri a. Se otorite lokal yo ki fèt pou sipèvize fason y ap antere kò a. Si posib, antèman an dwe fèt nan kèlke èdtan apre moun nan fin mouri.

II. Si ou oblije prepare kò moun lan nan kay la avan ou antere l, suiv etap senp sa yo pou pa kite maladi kolera a pwopaje:

- Manm fanmi, zanmi ak vwazen pa fèt pou bo, ni manyen, ni kenbe kò a.
- Lave men ou byen lave ak savon e ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon kachte, se dlo ki bouyi, oswa dlo ki trete ak pwodui abaz klò) lè nou fin manyen kò a.
- Lave kò a ak yon solisyon ki se yon melanj 9 mezi dlo pou 1 mezi klowòks.
- Boure bouch ak twou dèyè (anis) kò a ak koton ke w te tranpe nan solisyon ki se yon melanj 9 mezi dlo pou 1 mezi klowòks.
- Foure kò a nan yon sache pou pa kite l koule okenn likid. Likid yo ka pwopaje maladi kolera.
- Lave men ou byen lave ak savon e ak dlo pwòp lè ou fin prepare kò a.
- Lave tout rad ak tout dra moun ki mouri a te genyen.
  - » Lave yo ak melanj 100 mezi dlo pou 1 mezi klowòks.
  - » Si **pa gen** klowòks nan kay la, lave dra ak rad moun ki mouri a ak savon epi mete yo seche nan solèy. Si posib, tranpe dra ak rad yo nan dlo bouyi anvan ou lave yo.
  - » Pou dezenfekte matla yo, annik kite yo seche byen seche nan solèy.
- Netwaye tout kote kò a te manyen (kit se te tab, machin [otomobil], elatriye), ak yon solisyon ki se yon melanj 9 mezi dlo pou 1 mezi klowòks.
- Lave men ou byen lave ak savon e ak dlo pwòp tousuit apre ou fin manyen rad moun ki mouri a.

III. Resepsyon nan antèman an

Se otorite lokal yo oswa yon pwofesyonèl medikal ki fèt pou sipèvize fason y ap antere kò a. Se pou nou ta anile tout resepsyon kote nou te gen entansyon sèvi manje nan antèman an. Men si gen manje ki pral pare kanmenm, tout envite ak tout manm fanmi dwe fè atansyon pou pa kite maladi kolera a pwopaje. Yo fèt pou yo suiv konsèy ki make pi ba yo.

Pa bliye: Moun ki te prepare kò a pa fèt pou prepare manje jou sa a.

Modil 12: Lè yon moun mouri nan kay la poutèt li te gen kolera

Men sa pou fè pou pa kite maladi kolera a pwopaje

- Si ou te ede prepare kò a pou yo te antere l, **piga** prepare okenn manje jou sa a.
- **Piga** manyen kò a pandan resepsyon nan antèman an. Pa manyen, pa bo epi pa kenbe kò a nonplis.
- Lave men w tout tan ak savon e ak dlo pwòp.
- Bwè dlo pwòp epi itilize li pou tout sa ou bezwen fè nan kay la.
- Konsève dlo pwòp la nan veso ki pwòp e ki kouvri.
- Kuit manje a byen kuit (sitou lè se fwidmè), toujou kite l kouvri, manje l tou cho, kale fwi epi kale legim.
- Pwòpte kote yo prepare manje a epi lave tout istansil kuizin yo byen lave ak savon e ak dlo pwòp epi kite yo seche byen seche anvan ou sèvi avèk yo ankò.
- Sèvi ak latrin oswa ak lòt sistèm sanitasyon, tankou watè ki gen pwodui chimik ladan yo, pou ka jete poupou a.
- Si pa gen latrin ni watè ki gen pwodui chimik ladan yo epi w bezwen poupou, rete lwen kote ki gen dlo, omwen 30 mèt distans epi fouye yon twou pou antere poupou a.

Kesyon pou n diskite

- Kisa yo abitye fè pou antere moun kote w rete a (nan zòn lan/nan kominote a/nan vilaj la)? Èske kèk nan metòd sa yo mete w andanje pou trape kolera?
- Anjeneral, kilès ki responsab pou lave ak prepare kò a? Kisa moun sa a ta dwe fè pou l pa trape maladi kolera?
- Moun ki vin nan veye ak nan antèman an, kisa yo sipoze fè lè yo vin wè kò a ak rann manm fanmi yo vizit?
- Èske yo konn sèvi manje nan antèman an? Kimoun ki prepare manje a? Èske tout manje yo kwit? Kisa w ka fè pou pa kite maladi kolera a pwopaje lè yap sèvi manje nan antèman an?
- Anjeneral, èske gen klowòks ki sèvi nan kay nan zòn kote w rete a? Èske w gen klowòks lakay ou? Kisa w ta bezwen gen sou lamen pou ka prepare yon kò yo pral antere?

Men kèk egzèsis pou fè

- Mande moun k ap patisipe yo si gen lòt bagay moun konn fè pou onore moun ki mouri a apade manyen, bo oswa prepare kò a.
- Fè pratik ak moun nan kominote kote ou rete a, pou ka moutre yo kijan pou yo melanje solisyon klowòks la. Montre yo w ap itilize yon pwodui ki abaz klò ki lokal, ki fabrike nan peyi a. Itilize yon bokit oswa yon veso zonn nan pou ka prepare yon solisyon ki gen melanj 9 mezi dlo pou 1 mezi klowòks. Epitou prepare yon solisyon ki gen melanj 99 mezi dlo pou 1 mezi klowòks. Pa bliye fè melanj la yon kote ki louvri e ki byen ayere.
- Apresa, mande moun k ap patisipe yo pou yo fè solisyon an yomenm.

Modil 13: Kijan Ou Prevni Diskriminasyon Kont Moun Ki Gen Kolera

Rezon Pou Fòmasyon Sa

- Konprann ki sa diskriminasyon kont moun ki gen Kolera ye.
- Aprann Konnen sa yo rele diskriminasyon kont moun ki gen Kolera.
- Prepare yon plan pou prevni diskriminasyon kont moun ki gen Kolera nan kominote a. identifye kòmen Kolera manifeste.
- Prepare yon plan ki di sa wòp fè pou konba diskriminasyon kont moun ki gen Kolera nan kominote a.

Materyèl Ou Bezwen

- Foto Modil 13 yo (si ou vle).
- Kat edikasyon kominote sou Kijan pou prevni diskriminasyon kont moun ki gen Kolera.

Module 13: Kijan pou Evite Diskriminasyon Kont Moun Ki Gen Kolera

I. Kisa diskriminasyon kont moun ki gen kolera ye?

Diskriminasyon kont moun ki gen kolera vle di konpòtman pou evite, rejè, ak abize moun ki soufwi maladi kolera ak fanmi yo. Diskriminasyon kont moun ki gen kolera sòti nan bezwen pou repwòche yon moun pandan yon epidemi maladi. Repwòch sa a baze souvan sou yon movè konpreyansyon risk maladi a. Yo chwazi moun yo kòm gen pwoblèm alaplas mikwòb ki bay maladi kolera a. Sa ankouraje bwi-kouri, fiksyon ak laperèz.

Diskriminasyon kont moun ki gen kolera se yon pwosesis ki:

- Klase moun kòm diferan: 'Li diferan pami nou paske li gen dyare kolera.'
- Sijere gen diferans yo akòz move konpòtman: 'Li gen maladi kolera paske li sal.'
- Separe 'nou' ak 'yo': Yo evite, rejte moun yo, epitou yo abize yo.
- Lakòz tretman ki enjis ak pèd pozisyon ak respè.

II. Kisa ki lakòz diskriminasyon kont moun ki gen kolera?

Pami kòz prensipal kolera, genyen:

- Bwi-kouri, lejann, laperèz ak mank konesans sou kijan kolera simaye.
- Mank konsyantizasyon moun ki angaje nan pratike diskriminasyon sa.
- Jijman moral sou moun ki gen maladi kolera.
- Laperèz sou lanmò ak maladi ki asosye ak kolera.

III. Avèk kisa diskriminasyon kont moun gi gen kolera sanble?

Diskriminasyon parèt nan plizyè fason. Kèk moun pa menm konnen lè y ap fè pratik diskriminasyon kont moun ki soufri maladi kolera. Pami fòm prensipal diskriminasyon ki asosye ak kolera, genyen:

- Moun ki gen kolera jwenn repwòch poutèt yo gen konpòtman yon fason ki sal oswa poutèt yo se moun ki sal.
- Moun yo evite kominote kote yo idantifye maladi kolera ye.
- Moun ki gen maladi kolera izole sou plan fizik ak sosyal nan fanmi, zanmi ak kominote a.
- Moun ki gen maladi kolera se viktim tripotay, jouman, vyolans ak repwòch.
- Moun ki gen maladi kolera ak fanmi yo kapab pa chèche swen, epi sa kapab lakòz yo simaye kolera a pi plis. Sa kapab lakòz moun mouri tou.

Pami lòt fòm diskriminasyon kont moun ki gen kolera, genyen:

- Lè moun ki gen maladi kolera repwoche tèt pa yo epi yo pa chèche jwenn swen.
- Lè moun konsidere yon fanmi annantye kòm moun ki sal, epi yo rejte yo paske yon moun nan fanmi an gen maladi kolera.
- Le moun konsidere moun ki nan tankou bayakou oswa moun kap vann nan lari kòm moun ki kapab simaye maladi kolera.
- Vrè diskriminasyon kote yo mete yon panse negatif nan aksyon nuizib.

Module 13: Kijan pou Evite Diskriminasyon Kont Moun Ki Gen Kolera

IV. Kijan pou evite diskriminasyon kont moun ki gen kolera sa?

Ou kapab evite diskriminasyon kolera si ou fè edikasyon kominote. Travayè Sante Kominotè yo kapab ede evite diskriminasyon kolera nan plisyè fason:

- Konsantre sou mikwòb kolera-a ak kijan li simaye, kijan pou evite li ak kijan yo trete li alaplas gwoup moun.
- Bay temwayaj moun ki gen maladi kolera, ki te swiv tretman epi ki geri.
- Fè lidè lokal fòmèl ak enfòmèl yo pale sou pratik prevansyon kolera pou tout moun olye nou konsantre sou yon gwoup moun.
- Prezante konpòtman ou ta renmen wè nan kominote a lè w ap travay avèk moun ki gen maladi kolera a. Antan keTravayè Sante Kominotè, montre ke ou gen konfyans, respè, epi toujou rete kalm lè w ap travay avèk moun ki gen maladi kolera ak fanmi yo.
- Bay mesaj piblik ki redwi enkyetid moun pandan epidemi kolera a. Bay enfòmasyon klè ki kapab ede change konpotman.
- Fè ekip ak kominote, legliz, lekòl ak lidè lokal yo lè w ap planifye mezi prevansyon diskriminasyon nan kominote a ak lè w ap kontwole diskriminasyon.
- Fè moun yo gen plis konpreyansyon sou kijan kolera simaye ak kijan pou evite kolera.
- Fè moun yo sonje moun ki gen maladi kolera se kreyati imen: se pitit gason/pitit fi yon moun, manman/papa, epi frè/sè. Yo tout ak fanmi yo bezwen sipò.

Kesyon pou diskisyon

1. Kisa diskriminasyon ki asosye ak kolera ye?
2. Kisa ou tande moun ap di kont moun ki gen maladi kolera?
3. Kisa ou wè moun fè moun oswa fanmi yo panse ki kapab gen maladi kolera?
4. Kisa moun yo pè? Kijan ou ta ka redwi laperèz moun sa yo?
5. Ki laperèz ou genyen? Kisa ou bezwen konnen pou travay pi byen ak kominote a pandan epidemi kolera epitou pou evite diskriminasyon?

Kijan ou ka ede kominote la lite kont Kolera

Ede fanmi ou ak zanmi ou prevni Kolera nan mobilize kominote a.

- Mobilizasyon kominote se yon pwosesis pou manm kominote yo reyini ansanm pou pran aksyon sou yon pwoblèm sosyal.
- Objektif pou mobilizasyon pandan epidemi Kolera se pou fanmi ak zanmi adopte konpòtman pou yo pa atrape Kolera et pou yo rete on bon sante.

Kijan pou mobilize fanmi ou ak zanmi ou kont Kolera.

Men kèk fason ou kapab ede fanmi ou ak zanmi ou:

- Pale ak fanmi ou e ak zanmi out sou zafè Kolera.
- Fe moun yo mete tet ansanm pou deside sou ki aksyon yo ka pran kont Kolera.
- Fe pwomosyon kijan pou prevni ak kontwòl Kolera ak ki konpòtman ki ka anpeche moun atrape Kolera.
- Travay ak moun yon pratike nouvo teknik pou prevni Kolera.
- Menen fanmi e zanmi nou nan sévis sante.
- Rete pozitif e bay bon supô a moun ki malad ak Kolera ak fanmi yo.

Fason ou pale ak fanmi ou e ak zanmi ou sou Kolera se enpòtans.

Men kèk konsèy sou kijan pou pale ak fanmi e zanmi ou:

- Itilize do fason pou pale ak pou rezoud pwoblèm.
- Konsantre sou sa moun pa konnen. Korije enfòmasyon ki pas vrè ak rime.
- Fe lwanj sou ak konpòtman pozitif.
- Sonje, trop eckplikasyon ak réprimandé pap fè moun chanje konpòtman yo.

(Kontinye sou do)

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Kijan ou ka ede kominote la lite kont Kolera

Pataje enfòmasyon ki bon ak fanmi ou e zanmi ou enpòtan.

- Lakòz maladi Kolera se yon mikwòb pa moun ki sal oswa pa bon.
- Moun ki malad ak Kolera e fanmi yo se moun yo ye ki bezwen supô nou.

To prevent cholera illness the key message are:

- Konsève tout dlo trete oswa dlo ki bien bouyi nan veso ki pwòp epi kouvwi.
- Lave men w ak savon oswa sann anba dlo kap koule :
  1. Apre ou fin itilize latrin oswa twalèt;
  2. Apre ou fin netwaye deyè pitit ou;
  3. Avan ou prepare manje;
  4. Avan ou manje;
  5. Avan ou bay timoun manje;
  6. Apre ou fin pran swen yon moun ki malad ak dyare.
- Kwit manje a byen, kite li kouvri, manje manje a cho, kalé fwi ak legim yo oumem.
- Itilize twalèt oswa antere bezwen ou. Fe bezwen ou 30 met loin de nenpòt sous dlo.

Pou anpeche lanmò a lakòz Kolera bay mesaj sa yo :

- Mem lè ou gen dyare, prepare e bwè Sewòm Oral ki te fè ak dlo trete oswa dlo bouyi e.
- Depwi ou kòmanse bwè Sewòm Oral la, cheche tretmen mem le nan yon sant sante.
- Kontinye bwè Sewòm Oral la pandan ou sou wout cheche tretmen.

Kolera

Kisa Kolera ye?

- Kolera se yon maladi ki lakòz anpil dyare dlo ak vomisman.
- Dyare kolera sanble ak dlo diri twoub.
- Yo jwenn mikwòb kolera nan matyè fekal (poupou) moun ki enfekte.
- Kolera simaye lè matyè fekal (poupou) yon moun ki enfekte antre nan dlo moun ap bwè oswa nan manje moun ap manje.
- Vale mikwòb kolera ou ranmase sou bagay oswa objè ki genyen poupou fre yon moun ki enfekte kapab lakòz kolera tou.
- Kolera **pa kapab** transmèt dirèkteman ant yon moun ak yon lòt moun. Bay lamen ak yon moun ki gen kolera oswa manyen yon moun ki gen kolera **pa** kap fè yon moun genyen kolera.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pwòp. Si pa genyen savon, fwote men ou souvan avèk sann oswa sab, epi rense men ou avèk dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki vini nan boutèy avèk bouchon ki fèmen, dlo ki te bouyi, oswa dlo ki te trete avèk yon pwodui abaz klò).

(Kontinye sou do)

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Fason pou Evite Kolera

Si ou fè bagay sa yo sa kapab ede pwoteje ou pou pa trape kolera:

- Bwè ak itilize dlo pwòp.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pwòp.
- Byen kwit manje yo (sitou fwidmè), manje li cho, kite li kouvri, epi kale fwi ak legim yo.
- Fè bon netwayaj—nan kwizin nan ak nan kote fanmi ou benyen ak lave rad.
- Itilize latrin oswa mete poupou yo anba tè sou yon distans 30 mèt avèk nenpòt kote dlo pase.

Dlo pwòp se dlo:

- Ki vini nan boutèy avèk bouchon ki byen fèmen
- Ki te bouyi
- Ki te trete avèk yon pwodui abaz klò

Ou fèt pou lave men ou souvan avèk savon ak dlo pwòp, sitou

- Anvan ou manje oswa anvan ou prepare manje
- Anvan ou bay timoun manje
- Apre ou fin itilize latrin oswa twalèt
- Apre ou fin netwaye dèyè pitit ou
- Apre ou fin pran swen yon moun ki malad avèk dyare

Dyare Dlo: Sa pou Fè

Si ou gen dyare dlo ou kapab gen kolera. Kolera lakòz anpil dyare dlo ki kapab sanble avèk dlo diri twoub.

Poukisa dyare danjere

- Lè moun gen kolera, yo pèdi likid rapidman, ki lakòz yo dezidrate.
- Dezidratasyon se pèt dlo ak sèl nan kò a. Pèt dlo ak sèl yo kapab lakòz lanmò moun lan nan kèk èdtan si moun nan pa trete.
- Si ou bwè Sewòm Oral sa kapab evite lanmò lè ou ranplase dlo ak sèl ki pèdi a.

Kisa pou fè si oumenm oswa fanmi ou malad avèk dyare dlo?

- Lave men yo souvan avèk savon ak dlo pwòp.
- Fè Sewòm Oral nan yon veso yon lit (¼ galon).
- Kòmanse bwè Sewòm Oral an ti gòje souvan.
- Chèche swen imedyatman (travayè sante kominotè, sant sante, sant tretman kolera).
- Kontinye bwè Sewòm Oral lakay ou epi pandan w ap vwayaje pou al chèche tretman an.
- Kontinye bay tibebe ou tete si li gen dyare dlo. Adilt yo ak gran timoun ki gen dyare dlo fèt pou kontinye manje souvan. *(Kontinye sou do)*

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Dyare Dlo: Sa pou Fè

Kijan pou pwoteje tèt ou ak fanmi ou si yon moun malad avèk dyare dlo

- Bwè ak sèvi ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki vini nan boutèy avèk bouchon ki byen fèmen, dlo ki te bouyi, oswa dlo ki te trete avèk yon pwodui abaz klò).
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pwòp (si pa gen savon, fwote men ou avèk sann ak sab epi rense avèk dlo pwòp).
- Itilize latrin oswa mete poupou yo anba tè, pa poupou okenn kote dlo ap pase.
- Byen kwit manje yo (sitou fwidmè), manje li cho, kite li kouvri, epi kale fwi ak legim yo.
- Fè bon netwayaj—nan kwizin nan ak nan kote fanmi ou benyen ak lave rad.
- Si ou gen dyare epi ou fèt pou prepare manje, lave men ou avèk savon ak dlo pwòp.

Kijan pou lave men

Lave men avèk savon ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki vini nan boutèy avèk bouchon ki bien fèmen, dlo ki te bouyi, oswa dlo ki te trete avèk yon pwodui abaz klò) se youn nan fason ki pi fasil pou ede anpeche kolera simaye. Savon ede retire salte ak mikwòb kolera nan men. Yon moun kapab ede pwoteje tèt li ak fanmi li kont kolera si moun nan lave men li souvan. Men ki pa lave (oswa men ki pa byen lave) kapab transmèt mikwòb kolera nan manje, nan dlo, ak nan sifas ki nan kay la.

Lave men ou souvan, sitou

- Anvan ou manje oswa anvan ou prepare manje.
- Anvan ou bay timoun manje.
- Apre ou fin itilize latrin oswa twalèt.
- Apre ou fin netwaye dèyè pitit ou.
- Apre ou fin pran swen yon moun ki malad avèk dyare.

Chak fwa w ap lave men ou

- Sèvi ak dlo ki pwòp.
- Sèvi ak savon.
- Si pa genyen savon, sèvi ak sann oswa sab.
- Swiv bon jan enstriksyon pou lave men ou.

(Kontinye sou do)

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Kijan pou Lave Men Ou

- Mouye men ou avèk dlo pwòp.
- Savonnen men ou nèt avèk savon an. Si pa genyen savon, sèvi ak sann oswa sab.
- Netwaye tout sifas yo, ak anba zong ou.
- Rense men ou byen avèk dlo pwòp.
- Seche men ou nèt avèk yon sèvyèt ki pwòp, si genyen, oswa seche men ou nan lè.

Mouye men ou avèk dlo pwòp.

Savonnen men ou nèt avèk savon, pou netwaye kouvri tout sifas yo, ak anba zong ou..

Rense men ou.

Seche men ou nèt avèk yon sèvyèt ki pwòp, si genyen, oswa seche men ou nan lè.

Sewòm Oral

Si oumenm oswa yon moun ki nan fanmi ou gen kolera, li kapab trete.

Kolera se la koz pèd dlo sel. Ped ampil dl oak sèl ki kapab koze lanmò sil pa jwen tretman nan qèk éd tan. Sewòm oral. Ki rele sewòm oral, se yon fason senp pou ranplase dlo ak sèl ki pèdi a. Li inportan pou tande sa mwen pral di ou:

- Bwè sewòm oral pou enpeche ou pren dyare dlo a.
- Le ou kòmanse bwè sewòm oral la, dyare a pap suspen mem lè a.
- Si ou bwè sewòm oral la sa ap sove la vi ou.

Kijan pou fè sewòm oral (SO)

- Lave men yo souvan avèk savon ak dlo ki san danje.
- Mete 1 lit (1/4 galon) dlo pwòp pou bwè nan yon resipyan ki pwòp.
  - » Si ou **pa** sèten si dlo a pwòp, bouyi li pandan omwen 1 minit oswa trete li avèk yon pwodui abaz klò.
- Vide sache Sewòm Oral la nan dlo pwòp la. Brase dlo a avèk yon kiyè pwòp jouk lè poud blan an disparèt.
- Sèvi ak yon tas oswa yon kiyè pwòp (pou timoun) pou bwè Sewòm Oral la an ti gòje.
- Bwè Sewòm Oral la an ti gòje souvan.

(Kontinye sou do)

Adilt yo ak lòt timoun fèt pou kontinye manje souvan.
Tibebe ak jenn timoun yo fèt pou kontinye bwè lèt manman yo souvan.



1. Lave men ou avèk savon ak dlo ki san danje anvan ou prepare solisyon an

2. Mete 1 lit dlo ki san danje nan yon veso ki pwòp

3. Vide kontni sache sewòm oral la nan dlo pwòp la pandan w ap brase li

4. Bwè ti gòje souvan.

Pran prekosyon ou pou itilize kantite dlo (1 lit) ki kòrèk la
Si ou itilize twò pitit dlo, bwason an kapab fè dyare a vin pi grav. Si ou itilize twòp dlo, bwason an **p ap** efikas.
Pa **ajoute** likid tankou lèt, soup, ji fwi oswa bwason gazez nan solisyon Sewòm Oral la

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Contenct: WHO/UNICEF, Imaj: Pwojè Reyidratasyon

Aquatabs®

Kijan pou fè dlo vin pwòp

- Pou anpeche maladi kolera simaye, asire ou bwè ak itilize dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki vini nan boutèy avèk bouchon ki bien fème, dlo ki te bouyi, oswa dlo ki te trete avèk yon pwodui abaz klò).
- Yon fason pou fè dlo a vin pwòp se trete li avèk yon pwodui abaz klò tankou Aquatabs®.
- Aquatabs® touye mikwòb ki simaye kolera

Kisa Aquatabs® ye?

- Aquatabs® se yon pwodui tretman dlo ou ka itilize pou touye mikwòb ki lakòz kolera epi ki lakòz moun vin malad avèk dyare.
- Aquatabs® vini an plizyè dòz selon kantite dlo ou bezwen trete a.

(Kontinye sou do)

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Fason pou Itilize Aquatabs®

- Gade sou pake a pou idantifye dòz (8.5mg, 17mg, elatriye) grenn Aquatabs® ou genyen.
- Itilize tablo ki anba la pou wè kantite dlo ki kapab vin pwòp avèk grenn Aquatabs® la oswa grenn Aquatabs®, osinon li enstriksyon ki sou pake papye aliminyòm nan.
- Sèvi ak yon grenn Aquatabs® si dlo a klè, epi sèvi ak de (2) grenn si dlo a twoub oswa sal.
- Lage grenn nan (oswa grenn yo) nan dlo a.
- Brase dlo a avèk yon kiyè ki pwòp.
- Kite dlo a poze pandan 30 minit anvan ou bwè li oswa anvan ou itilize li.
- Bwè epi sèvi dlo pwòp la nan pwochen 24 èdtan.

Remak: Si w ap avek yon veso ki pa kouvri, w ap bezwen trete dlo a chak 24 èdtan. Si veso a kouvri, epi si li gen yon wobinè, ou mèt trete dlo a yon sèl fwa.

Fason pou Fè Dlo Vin Pwòp avèk Aquatabs®

Grenn Aquatabs®		Kantite grenn pou itilize		Pou fè kantite dlo sa a vin pwòp	
Dòz	Koulè Pake	Dlo Klè	Dlo Twoub	Lit	Galon
8.5 mg	Pake jòn	1	2	2.5 lit	½ galon
17 mg	Pake vèt	1	2	5 lit	1 galon
33 mg	Pake vèt	1	2	10 lit	2½ galon
67 mg	Pake ble	1	2	20 lit	5 galon
167 mg	Pake wouj	1	2	40 lit	10 galon

Dlo Lavi

Kijan pou rann dlo a san danje

- Pou ka anpeche maladi kolera a pwopaje, ou fèt pou bwè e pou sèvi ak dlo ki san danje.
- Dlo ki san danje se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon ki bien fèmen, se dlo ki bouyi, oswa dlo ki trete ak pwodui abaz klò.
- Gen yon fason pou rann dlo a san danje, se trete pou trete l ak yon pwodui ki abaz klò tankou Dlo Lavi.

Kisa Dlo Lavi ye?

- Dlo Lavi se yon pwodui an likid ki abaz klò ki fè dlo sal vin san danje pou bwè
- Dlo Lavi fasil pou itilize.
- Dlo Lavi li disponile ann Ayiti.
- Lè yo melanje l kòmsadwa ak dlo, Dlo Lavi touye mikwòb ki konn fè moun malad ak dyare. (Kontinye sou do)

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Men Kijan Pou Sèvi ak Dlo Lavi

- Vide 1 bouchon ki plen ak Dlo Lavi nan yon veso pwòp ki gen 20 lit (5 galon) dlo ladann. Si dlo a sal anpil oswa si li twoub, vide 2 bouchon plen olye w mete youn (1).
- Kouvri veso a.
- Melanje Dlo Lavi a ak dlo a kòrèkteman.

Tann 30 minit avan ou bwè dlo a.

Nòt: Si w ap itilize yon resipyan ki **pa** kouvri, w ap bezwen trete dlo a chak 24 èdtan. Si resipyan an kouvri, epi si li gen yon wobinè, ou fèt pou trete dlo a yon sèl fwa.

Vide 1 bouchon ki plen ak Dlo Lavi.

Mete Dlo Lavi an nan yon veso pwò p ki gen 20 lit dlo.

Kouvri veso à, melanje liki a la, e tann 30 minit avan ou bwè dlo a.

Ou met bwè dlo a kounyen a.

Gadyen Dlo®

Kijan pou rann dlo a san danje

- Pou ka anpeche maladi kolera a pwopaje, ou fèt pou bwè e pou sèvi ak dlo ki san danje.
- Dlo ki san danje se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon ki bien fèmen, se dlo ki bouyi, oswa dlo ki trete ak pwodui abaz klò.
- Gen yon fason pou rann dlo a san danje, se trete pou trete l ak yon pwodui ki abaz klò tankou Gadyen Dlo®.

Kisa Gadyen Dlo® ye?

- Gadyen Dlo® se yon pwodui an likid ki abaz klò ki fè dlo sal vin san danje pou bwè
- Gadyen Dlo® fasil pou itilize.
- Se ann Ayiti yo fè Gadyen Dlo®.
- Lè yo melanje l kòmsadwa ak dlo, Gadyen Dlo® touye mikwòb ki konn fè moun malad ak dyare. *(Kontinye sou do)*

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Men Kijan Pou Sèvi ak Gadyen Dlo®

- Vide 1 bouchon ki plen ak Gadyen Dlo® nan yon veso pwòp ki gen 20 lit (5 galon) dlo ladann. Si dlo a sal anpil oswa si li twoub, vide 2 bouchon plen olye w mete youn (1).
- Kouvri veso a.
- Melanje Gadyen Dlo® a ak dlo a kòrèkteman.
- Tann 30 minit avan ou bwè dlo a.

Vide 1 bouchon ki plen ak Gadyen Dlo®.

Mete Gadyen Dlo® an nan yon veso pwò p ki gen 20 lit dlo.

Kouvri veso à, melanje liki a la, e tann 30 minit avan ou bwè dlo a.

Ou met bwè dlo a kounyen a.

PuR®

Kijan pou rann dlo a san danje

- Pou anpeche maladi kolera a pwopaje, ou fèt pou bwè e pou sèvi ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon ki bien fèmen, se dlo ki bouyi, oswa dlo ki trete ak pwodui abaz klò).
- Yon fason pou rann dlo a san danje se pou trete l avèk yon pwodui abaz klò tankou PuR®.
- PuR® touye mikwòb ki pwopaje maladi kolera a.

Kisa PuR®ye?

- PuR® se meyè pwodui pou trete dlo ki twoub.
- PuR® fè dlo a vin klè. Lòt pwodui yo touye mikwòb, men dlo a ka ret twoub toujou.
- PuR® touye mikwòb ki nan dlo ki fè moun malad ak dyare, e menm ak maladi kolera.

(Kontinye sou do)

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Kouman pou sèvi ak PuR®

Yon sache PuR® ap trete 10 lit (2 galon 1/2) dlo.

- Vide poud ki nan sache PuR® la nan 10 lit (2 galon 1/2) dlo.
- Brase dlo a byen brase pandan 5 minit.
- Kite dlo a poze pandan 5 minit.
- Filtre dlo a; pou fè sa, fè l pase nan yon twal pwòp (ki **pa gen** twou) pou l ale nan yon veso ki pwòp.
- Tann 20 minit anvan ou bwè dlo a.
- Bwè epi sèvi ak dlo pwòp la sou 24 èdtan.

Remak: Si w ap sèvi ak yon veso ki **pa** kouvri, w ap gen pou trete dlo a chak 24 èdtan. Si veso a kouvri e li gen yon wobinè, se yon fwa sèlman pou trete l.

10 lit (2 galon 1/2) dlo.

Brase dlo a byen brase pandan 5 minit.

Kite dlo a poze pandan 5 minit.

Filtre dlo a; pou fè sa, fè l pase nan yon twal pwòp.

Tann 20 minit anvan ou bwè dlo a.

Klowòks ki Sèvi nan Kay

Kijan pou fè dlo vin san danje

- Pou anpeche maladi kolera simaye, asire ou bwè ak sèvi ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki nan vini nan boutèy avèk bouchon ki bien fèmin, dlo ki te bouyi, oswa dlo ki te trete avèk yon pwodui abaz klò).
- Yon fason pou fè dlo vin pwòp se trete li avèk yon pwodui tretman pou dlo (Aquatabs®, Dlo Lavi, PuR ®, oswa klowòks nòmal ki sèvi nan kay).
- Klowòks ki sèvi nan kay touye mikwòb ki simaye kolera.

Kisa klowòks pou sèvi nan kay ye?

- Klowòks pou sèvi nan kay se klò likid ki fè dlo vin san danje pou bwè.
- Klowòks ki sèvi nan kay fasil pou itilize epi li pa chè.
- Ou kapab itilize klowòks ki sèvi nan kay pou fè dlo vin san danje si pa genyen lòt pwodui tretman pou dlo.
- Lè klowòks ki sèvi nan kay byen melanje avèk dlo, li touye mikwòb ki fè moun vin malad avèk dyare. *(Kontinye sou do)*

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Enstriksyon pou Klowòks ki sèvi nan Kay

Kijan pou fè dlo vin san danje avèk klowòks ki sèvi nan kay

- Vide 8 gout klowòks ki sèvi nan kay nan yon veso pwòp avèk 1 galon dlo. *Si dlo a sal anpil, itilize 16 gout.
- Kouvri veso a.
- Bwase dlo a byen.
- Rete tann pandan 30 minit anvan ou bwè dlo a.
- Bwè epi sevi dlo pwòp la nan pwochen 24 èdtan yo.

Remak: Si w ap itilize yon veso ki pa kouvri, w ap bezwen trete dlo a chak 24 èdtan. Si veso an kouvri, epi si li gen yon wobinè, ou mèt trete dlo a yon sèl fwa.

Kijan pou konsève dlo pwòp

Kijan pou rann dlo a san danje

- Pou anpeche maladi kolera a pwopaje, ou fèt pou bwè e pou sèvi ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon ki bien fèmen, se dlo ki bouyi, oswa dlo ki trete ak pwodui abaz klò).
- Yon fason pou kenbe dlo a san danje apre ou fin trete li se pou w konsève l nan yon veso ki pwòp.

Kisa yon veso pou konsève dlo pwòp ye?

- Se yon veso ki gen yon kouvèti ki kouvri l byen sere.
- Se yon veso ki gen yon ti wobinè oswa yon ti ouvèti ki pèmèt ou pran dlo san ou pa sèvi ak men w, ak gode, ak vesèl, oswa ak lòt bagay.

*Si w gen kesyon sou metòd apwopriye e ki san danje pou trete dlo a, oswa sou metòd apwopriye pou konsève dlo, pale avèk Travayè Sante Kominotè w la e y ap kapab ba w konsèy sou kisa ou ka fè andedan kay ou.

E si mwen pa gen yon veso pou konsève dlo pwòp?

Si ou gen dlo nan yon veso ki pa gen kouvèti e ki pa gen yon ti wobinè, li enpòtan kanmèm pou w kenbe dlo a lepli pwòp ke posib.

- Netwaye veso a anvan ou sèvi ak li pou konsève dlo a.
- **Piga** tranpe nenpòt bagay nan dlo a.
- **Piga** tranpe dwèt ou oswa men w nan dlo a.
- Sèvi ak dlo ki soti dirèkteman nan veso a sèlman.

(Kontinye sou do)

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Kijan pou konsève dlo pwòp

Kouman pou netwaye yon veso pou l sa konsève dlo a pwòp (si ou gen klowòks ki sèvi nan kay)

Suiv etap sa yo pou w netwaye veso a

1. Lave veso a avèk savon e ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon ki fèmin, se dlo ki bouyi, oswa se dlo ki trete ak yon pwodui abaz klò) epi rense l byen rense avèk dlo pwòp.
2. Netwaye veso a avèk yon melanj 100 mezi dlo pou yon mezi klowòks ki sèvi nan kay.
3. Kouvri veso a epi sekwe l byen sekwe defason pou melanje dlo a manyen tout andedan veso a.
4. Tann omwen 30 segonn epi vide melanj dlo a pou l soti nan veso a.
5. Kite veso a seche ak lè avan ou sèvi ak li.

Remak: Si ou pa gen klowòks ki sèvi nan kay, netwaye veso a avèk savon e ak dlo pwòp epi kite l seche ak lè.

Prepare manje

Mikwòb kolera yo antre nan dlo moun bwè ak nan manje atravè matyè fekal (poupou) yon moun ki gen maladi kolera. Yon moun ka trape maladi kolera lè li manje manje ki gen mikwòb kolera ladan. Si ou pran prekosyon w lè w ap manyen, kwit, ak konsève manje, sa ka anpeche maladi kolera a pwopaje. Gen plizyè fason ou ka pwoteje manje w. Sonje pou w byen kwit manje a, pou w toujou kouvri l, e pou w manje l lè l cho. Evite manje manje ki kri (ki pa kwit) apade fwi ak legim ou kale oumenm.

Kouman pou w prepare manje a pou l san danje:

- Lave men w avèk savon e ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon ki bien fèmin, se dlo ki bouyi, oswa se dlo ki trete ak yon pwodui abaz klò) lè w ap fè manje.
- Sèvi ak dlo pwòp pou fè manje.
- Kwit manje a byen kwit (sitou fwidmè).
- Manje manje kwit pandan l CHO.
- Konsève manje kwit nan veso ki kouvri.
- Rechofe manje kwit la byen chofe.
- Netwaye zòn kote w ap fè manje a ak istansil kuizin yo avèk savon e ak dlo pwòp.
- Manje manje ou prepare oumenm oswa manje moun ou fè konfyans prepare.

(Kontinye sou do)

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Poukisa li enpòtan pou prepare manje avèk prekosyon?

- **Lave men w souvan avèk savon ak dlo pwòp lè w ap fè manje:** Lave men w anvan ak apre ou fin fè manje. Si pa gen savon, fwote men w souvan ak sann oswa ak sab epi rense yo avèk dlo pwòp.
- **Sèvi ak dlo pwòp pou fè manje:** Dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon ki bien fèmin, se dlo ki bouyi, oswa se dlo ki trete ak pwodui abaz klò (Aquatabs®, Dlo Lavi, PuR®, oswa klowòks ki sèvi nan kay).
- **Kwit manje yo byen kwit:** Asire w ke ou kuit tout manje, sitou fwidmè, jiskaske li trè cho konplètman. Evite manje manje ki kri (ki pa kwit) apade fwi ak legim ou kale oumenm.
- **Manje manje kwit ki CHO:** Chalè ki degaje lè w ap kwit manje a ede touye mikwòb kolera ki ka nan manje a.
- **Konsève manje kwit nan veso ki kouvri:** Lè w kouvri manje a li anpeche mouch rantre ladan e li pwoteje manje a kont mikwòb kolera yo.
- **Chofe manje kwit la byen chofe:** Ou dwe rechofe tout manje kwit ke w te konsève jiskaske li byen cho, anvan ou manje l.
- **Netwaye zòn kote ou fè manje a ak tout istansil kwizin yo ak savon e ak dlo pwòp:** Apre ou fin byen netwaye yo, kite zòn kote ou fè manje a ak istansil kuizin yo seche konplètman anvan ou sèvi ak yo ankò.
- **Manje manje ou prepare oumenm oswa manje moun ou fè konfyans prepare:** Fè atansyon lè w ap manje manje ki pa fèt andedan kay ou.

Mezi dijyèn ak netwayaj ki san danje

Pou evite maladi kolera a pwopaje, asire ou toujou kenbe kò w pwòp e ke ou kenbe tout sa ou manyen pwòp tou

- Maladi kolera a pwopaje lè matyè fekal (poupou) yon moun ki malad al nan dlo oswa nan manje moun manje oswa bwè.
- Poupou yon moun malad ka ale tou nan atik ki sèvi nan kay, tankou nan vesèl, nan mèb, atè, nan rad oswa nan dra ki sou kabann. Moun ki ansante ka trape maladi kolera si yo manyen atik sa yo epi apresa yo met men yo nan bouch yo.
- Yon fason pou anpeche maladi kolera a pwopaje se anpeche poupou a manyen moun oswa manyen tout kote moun manyen. Yon lòt fason pou anpeche maladi kolera a pwopaje se pou nou pran tout prekosyon lè n ap jete poupou yo. Toude fason sa yo enpòtan.

(Kontinye sou do)

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Enstriksyon sou mezi dijyèn ak netwayaj ki san danje

Pou anpeche mikwòb kolera yo ale nan dlo moun bwè ak nan manje oswa sou sifas ak sou objè, suiv enstriksyon sa yo

- Jete matyè fekal (poupou) avèk prekosyon, konsa w ap ede anpeche maladi kolera a mete pye
- Sèvi ak latrin oswa lòt sistèm dijyèn, tankou watè ki gen pwodui chimik ladan yo, pou jete poupou yo.
- Lave men w avèk savon e ak dlo pwòp apre w fin poupou. Dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon ki bien fèmin, se dlo ki bouyi, oswa se dlo ki trete ak pwodui abaz klò.
- Lave men w avèk savon e ak dlo pwòp apre w fin netwaye dèyè yon tibebe.
- Netwaye latrin ak kote ki kontamine ak poupou yo avèk yon solisyon ki konpoze de 1 mezi klowòks ki sèvi nan kay pou 9 mezi dlo.
- Netwaye **tout** rad ak dra ki sou kabann ki nan kay la e ke moun ki gen maladi kolera a manyen oswa te itilize. Netwaye yo avèk 1 mezi klowòks ki sèvi nan kay pou yon melanj 100 mezi dlo.
  - » Si ou pa **gen** klowòks ki sèvi nan kay, lave dra ki al sou kabann ak rad moun ki gen kolera a avèk savon epi kite yo seche nan solèy. Si sa posib, mete dra ki al sou kabann ak rad yo nan dlo k ap bouyi epi brase yo pandan yo nan dlo a, anvan ou lave yo.
  - » Si ou pa **gen** klowòks ki sèvi nan kay, netwaye tout kote ki nan kay la ke moun ki gen maladi kolera a manyen, avèk savon e ak dlo.
  - » Ou ka dezenfekte matla yo lè ou byen seche yo nan solèy.

E si mwen pa gen yon latrin oswa yon watè ki gen pwodui chimik ladan?

- Poupou a omwen yon distans de 30 pye de kote ki gen nenpòt sous dlo epi antere poupou w anba tè.
- Lave men w avèk savon e ak dlo pwòp apre w fin poupou.
- Fouye nouvo latrin oswa latrin nan fòs tanporè ki gen omwen 1/2 mèt pwofondè ak omwen 30 mèt de distans de nenpòt sous dlo.

Kouman pou jere ka lanmò: Lè yon moun mouri nan kay la poutèt li te gen kolera

Lè yon moun mouri poutèt li te gen kolera, kò moun lan konn koule likid ki gen mikwòb kolera ladann. Gen yon preparasyon espesyal ki dwe fèt pou prepare kò moun lan anvan ou antere l defason pou lòt moun **pa** trape maladi kolera a. Ou fèt pou kontakte otorite lokal yo oswa yon Travayè Sante Kominotè tousuit. Si posib, manm fanmi yo **pa** dwe manyen kò moun ki mouri a. Se otorite lokal yo ki fèt pou sipèvize fason y ap antere kò a. Si posib, antèman an dwe fèt nan kèlke èdtan apre moun nan fin mouri.

Si ou oblije prepare kò moun lan nan kay la avan ou antre l, suiv etap senp sa yo pou pa kite maladi kolera a gaye:

- Manm fanmi, zanmi ak vwazen **pa** fèt pou bo, ni manyen, ni kenbe kò a.
- Lave men ou byen lave ak savon e ak dlo pwòp (dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon ki bien fèmen, se dlo ki bouyi, oswa dlo ki trete ak pwodui abaz klò) lè ou fin manyen kò a.
- Lave kò a ak yon solisyon ki se yon melanj 9 mezi dlo pou 1 mezi klowòks.
- Boure bouch ak twou dèyè (anis) kò a ak koton ke w te tranpe nan solisyon ki se yon melanj 9 mezi dlo pou 1mezi klowòks.
- Foure kò a nan yon sak pou pa kite l koule okenn likid. Likid yo ka pwopaje maladi kolera a.
- Lave men ou byen lave ak savon e ak dlo pwòp lè ou fin prepare kò a.
- Lave tout rad ak tout dra moun ki mouri a te genyen.
  - » Lave yo ak melanj 100 mezi dlo pou 1 mezi klowòks.
  - » Si **pa gen** klowòks ki sèvi nan kay, lave dra ak rad moun ki mouri a ak savon epi mete yo seche nan solèy. Si posib, tranpe dra ak rad yo nan dlo bouyi anvan ou lave yo.
  - » Pou dezenfekte matla yo, annik kite yo seche byen seche nan solèy.
- Netwaye tout kote kò a te manyen (kit se te tab, machin [otomobil], elatriye), ak yon solisyon ki se yon melanj 9 mezi dlo pou 1 mezi klowòks.
- Lave men ou byen lave ak savon e ak dlo pwòp tousuit apre ou fin manyen rad moun ki mouri a.

(Kontinye sou do)

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Kouman pou jere ka lanmò: Antèman

Li pi bon si se yon Travayè Sante Kominotè oswa yon otorite lokal ki fè aranjman pou antèman an. Se pou nou antere kò a kèlke èdtan apre moun lan fin mouri. Se pou nou ta anile tout resepsyon nan antèman an. Men si gen manje ki pral pare kanmenm, tout envite yo ak tout manm fanmi yo dwe fè atansyon pou pa kite maladi kolera a pwopaje. Yo fèt pou yo suiv konsèy ki make pi ba yo.

Men sa pou fè pou pa kite maladi kolera a pwopaje

- Si ou te ede prepare kò a pou yo antere l, **piga** prepare okenn manje jou sa a.
- **Piga** manyen kò a pandan resepsyon nan antèman an. Pa manyen, pa bo epi pa kenbe kò a nonplis.
- Lave men w tout tan ak savon e ak dlo pwòp.
- Bwè dlo pwòp epi itilize li pou tout sa ou bezwen fè nan kay la.
- Konsève dlo pwòp la nan veso ki pwòp e ki kouvri.
- Kwit manje a byen kuit (sitou lè se fwidmè), toujou kite l kouvri, manje l tou cho, kale fwi epi kale legim yo.
- Netwaye zòn kote yo fè manje a epi netwaye istansil kuizin yo ak savon e ak dlo pwòp epi kite yo seche byen seche anvan ou sèvi avèk yo ankò.
- Sèvi ak latrin oswa ak lòt sistèm sanitasyon, tankou watè ki gen pwodui chimik ladan yo, pou ka jete poupou a.
- Si pa gen latrin ni watè ki gen pwodui chimik ladan yo epi w bezwen poupou, rete lwen kote ki gen dlo, omwen 30 mèt distans epi fouye yon twou pou antere poupou a.

Kijan pou Netwaye Lakay Ou apre Inondasyon

Siklòn oswa inondasyon kapab lakòz dlo inondasyon antre lakay ou. Dlo inondasyon kapab genyen matyè fekal (poupou) ki kapab genyen mikwòb kolera. Ou dwe netwaye tout sifas ak objè dlo inondasyon te mouye.

Kijan pou netwaye lakay ou san pwoblèm apre inondasyon

- Netwaye tout labou ki vini nan dlo inondasyon ki sou sifas ak objè ki lakay ou.
- Netwaye tout sifas ak objè lakay ou ki te an kontak avèk dlo inondasyon. Lè w ap fè netwayaj sa a, sèvi ak yon melanj klowòks 1 mezi klowòks kay pou 100 mezi dlo.
- Netwaye zòn tout zòn kote ou prepare manje ak tout istansil kwizin ki te mouye nan dlo inondasyon. Lè w ap fè netwayaj sa a, sèvi ak yon melanj klowòks 1 mezi klowòks ki sèvi nan kay pou 100 mezi dlo.
- Netwaye ak lave tout rad ki te an kontak avèk dlo inondasyon. Lè w ap fè netwayaj sa a, sèvi ak yon melanj klowòks 1 mezi klowòks kay pou 100 mezi dlo.
- Pou matla ak objè ki pa kapab netwaye byen, ou kapab dezenfekte yo si ou byen seche yo nan solèy.
- Si li nesesè, netwaye twal, prela, ak tant yo avèk savon ak dlo, epi kite yo seche byen nan solèy.
- Apre ou fin netwaye lakay ou, lave men ou avèk savon ak dlo pwòp.

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Preveni Diskrimination Kont Kolera

Kisa diskrimination kont moun ki gen kolera ye?

Diskrimination kolera se lè yo trete moun ki soufwi kolera ou byen fammi yo, mal.

Kigen diskrimination kont moun ki gen kolera minfeste?

- Lè you moun refuse pran swen pwop famil li ki gen kolera.
- Lè yo gennen pou Mennen ou moun ki gen kolera lopital.
- Lè yo evite pran kontak ak fammi moun ki gen kolera.
- Lè yo enmède moun ki gen kolera ak fammi yo.
- Lè yo refize trete you moun ki malad ak kolera.
- Lè yo bare rout pou enpeche moun ki gen kolera chèche tretmen.
- Lapide moun ki ap Mennen yon mò nan simitère.

(Kontinye sou do)

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

Preveni Diskrimination Kont Kolera

Kisa ki koze diskriminasyon knot moun ki gen Kolera?

- Lè yo pas konnen ki gen kolera symaye.
- Lè yo vle ran you moun responsab pou kolera a.
- Telejol ki simay rimè, kwianse ak la perez pou kolera.
- Juge moun ki gen kolera ak fammi yo.
- La pè maladi ak lanmò.

Kigen pou nou evite ak diminwye diskrimination kolera?

Nou kapab prevni diskrimination kolera!

Pale ak lòt moun e di yo:

- Kolera se yon mikrob ki lakoz kolera pa yon moun. Nou ka prevni kolera lè nou trete tout dlo moun bwe, lave men nou e nou jete poupou kom sa dwa.
- Avec bon tretmen moun ki gen kolera ap retounen anfom.
- Moun ki gen kolera ak fammi yo se moun yo ye tou, e yo bezwen èd nou.
- Montre moun ki malad ak kolera ke yo menm ak fammi yo, ka konte sou nou.

Gide Pou Edikatè
Fòmasyon Travayè Sante Kominotè Sou Prevansyon ak Kontwòl Kolera

Entrwodiksyon

Dokiman sa se pou ede ou fòme Travayè Sante Kominotè yo kijan pou prevni maladi ak lanmò a koz de Kolera. Travayè Sante Kominotè yo se moun ou met fè konfyans. Yo gen experians nan zafè pwomosyon mesaj sanité et fè lot travay sanité nan kominote yo. Travayè Sante Kominotè yo fè a necesè pou anpeche e redui maladi e lanmò a koz de Kolera.

Kijan Pou Sèvi Ak Dokiman Sa

Ou ka sèvi ak Dokiman sa pou fè fòmasyon Travayè Sante Kominotè yo. Ou ka komplete tout sesyon fòmasyon yo oubyen ou fè yon rezime jout nan tout sesyon, oswa chwazi kèk nan modil yo ki ap bon pou ou.

Materyèl Ou Bezwen

- Dokiman Fòmasyon sa genyen
  - » 14 modil de fòmasyon.
  - » 16 kat edikasyon kominote pou Travayè Sante Kominotè yo distribye nan kominote pa yo.
  - » Foto modil yo pou anseye Travayè Sante Kominotè yo.
- Ou ka itilize tout modil yo oswa chwazi nenpòt modil ki bon pou besoin kominote pa w.
  - » Ou kapab itilize tout modil yo ensemb pou fè sesyon fòmasyon an pi long.
  - » Ou ka itilize modil yo ak yon moun oswa ak yon group.

U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention
v2.0
CS219558-A

Materyèl Ou Bezwen Pou Fòme Travayè Sante Kominotè Yo

	Objektif	Materyèl Ou Bezwen
Modil 1 Mobilizasyon nan Kominote a	• Kapab konnen kijan pou angaje mamm kominote yo ak respè. • Konpran ki fason pou mobilisé yon Kominote. • Chwazi yon metòd ki pi bon pou mobilisé kominote p w' la. » Fe yon lis de patnè ke ou fè konfyans ki ka ede ou fe mesaj pwomosyon prevansyon ak tretmen Kolera. » Fe yon lis de tout kote nan kominote pa w' la w 'ap jwen moun pou pale sou prevansyon ak tretmen Kolera. » Fe yon lis de ki metòd ki pi bon pou anseye moun nan kominote p 'w la.	• Foto sou Modil 1 yo (si ou vle). • *Kat edikasyon sou Kijan pou mobilize yon kominote (pou revizyon).*
Modil 2 Kisa wòp bezwen konnen osijè Kolera	• Dekri ki sa kolera ye e ki kote ou jwen mikwòb kolera. • Dekri kijan kolera a simaye. • Dekri ki sa symptôme kolera ye. • Dekri ki prekosyon moun ka pran pou yo pa atrape maladi kolera. • Dekri ki sa yon moun dwe fè si li malad ak kolera.	• Foto sou Modil 2 yo (si ou vle). • Foto oswa yon lis kote moun kapab atrape kolera. • *Kat edikasyon sou kolera (pou revizyon).*
Modil 3 Gid pou pran Swen Moun ki Gen Dyare Dlo	• Dekri ki sa pou fè lè yon moun ki pa gen dyare dlo. • Dekri ki sa pou fè pou yon moun ki genyen dyare dlo pandan jounen an. • Dekri sa pou fè le yon moun gen dyare dlo pandan lan nwit. • Dekri sa pou fè pou yon moun ki trò malad, trò granmoun oswa two fèb pou li ale chèche swen nan yon sant sante.	• Foto sou Modil 3 (si ou vle). • Tablo gid pou pran desizyon. • *Kat edikasyon sou dlo dyare (pou revizyon).*
Modil 4 Lave men Nou	• Esplike pou sa lave men w' enpòtan. • Dekri ki le moun sipoze lave men yo. • Dekri kijan you moun sipoze lave men yo. • Dekri kisa you moun dwe itilize lè pa gen savon. • Montre moun yo kijan yo sipoze lave men yo.	• Foto sou Modil 4 yo (si ou vle). • Dlo pwòp, veso oswa bokit, savon (oswa san ou sab si ou pa genyen savon) sèvyèt pwòp (si ou genyen yon). • *Kat edikasyon sou kijan ou lave men ou (pou revizyon).*

	Objektif	Materyèl Ou Bezwen
Modil 5 Sewòm Oral	• Esplike ki sa sewòm oral ye e kijan li anpeche lanmò a koz de kolera. • Cheche jwen materyèl ou bezwen pou prepare sachè sewòm oral yo. • Aprann kijan pou prepare sewòm oral la. • Montre moun ki malad ak fammi yo kijan pou yo prepare ak sèvi ak sewòm oral la. • Edike moun ki malad ak kolera ak fammi yo kijan pou yo manje and bay ti bebe tete.	• Foto sou Modil 5 (si ou vle). • Dlo pwòp pou netwaye men ou, sache sewòm oral la, yon veso pwop ki gen yon lit dlo pwop pou melanje sewòm oral la, yon kiyè pwop pou bwase sewòm oral la, yon kode pwop pou bwè sewòm oral la. • *Kat edikasyon sou sewòm oral la (pou revizyon).*
Modil 6 Dlo Pwop Pou Bwè Aquatabs®	• Konprann kisa dlo pwòp ye. • Konprann pou ki sa dlo pwop enpòtan pou prevni Kolera simaye. • Dekri kisa Aquatabs® ye. • Esplike kijan ou sèvi ak Aquatabs® pou trete dlo pou dlo a vin pwop. • Montre mamb kominote yo kijan pou yo trete dlo ak Aquatabs® pou dlo a vin pwop, san danje.	• Foto sou Modil 6 (si ou vle). • Sache Aquatabs® yo, yon veso oswa bokit pwop ki plen dlo (kantite dlo depann nan fòs Aquatabs® ou genyen, yon kouvèti pou veso a ak yon kiyè pwop bwase solisyon an. • *Kat edikasyon pou kominote a sou Aquatabs® (pou revizyon).*
Modil 7 Dlo Pwop Pou Bwè Dlo Lavi	• Konprann kisa dlo pwòp ye. • Konprann pou ki sa dlo pwop enpòtan pou prevni kolera. • Konprann kisa Dlo Lavi ye. • Esplike kijan pou fè dlo vin pwop ak Dlo Lavi. • Montre ki materyèl yon moun bezwen ki kapab fè dlo vin pwop pou bwè san danje ak Dlo Lavi. • Montre mamb kominote yo kijan pou fè dlo vin pwop ak Dlo Lavi.	• Foto sou Modil 7 yo (si ou vle). • 1 boutèy Dlo Lavi, yon bokit pwop, ak 5 gallon dlo ki pwop la dan, kouvèti pou bokit la, yon kiyè pwop pou bwase solisyon an. • *Kat edikasyon kominote sou Dlo Lavi (pou revizyon).*
Modil 7A Dlo Pwop Pou Bwè Gadyen Dlo®	• Konprann kisa dlo pwòp ye. • Konprann pou ki sa dlo pwop enpòtan pou prevni kolera. • Konprann kisa Gadyen Dlo® ye. • Esplike kijan pou fè dlo vin pwop ak Gadyen Dlo®. • Montre ki materyèl yon moun bezwen ki kapab fè dlo vin pwop pou bwè san danje ak Gadyen Dlo®. • Montre mamb kominote yo kijan pou fè dlo vin pwop ak Gadyen Dlo®.	• Foto sou Modil 7A yo (si ou vle). • 1 boutèy Gadyen Dlo®, yon bokit pwop, ak 5 gallon dlo ki pwop la dan, kouvèti pou bokit la, yon kiyè pwop pou bwase solisyon an. • *Kat edikasyon kominote sou Gadyen Dlo® (pou revizyon).*

	Objektif	Materyèl Ou Bezwen
Modil 8 Dlo Pwop Pou Bwè PuR®	• Konprann kisa dlo pwòp ye. • Konprann pou ki sa dlo pwòp enpòtan pou prevni kolera. • Konprann kisa PuR® ye. • Esplike kijan pou fè dlo vin pwop san danje ak PuR®. • Montre ki materyèl yon moun bezwen ki kapab fè dlo vin pwop pou bwè san danje ak PuR®. • Devan moun yo, fè yon bokit dlo vin pwop pou bwè ak PuR®. • Montre mamb kominote yo kijan pou fè dlo vin pwòp san danje ak PuR®.	• Foto sou Modil 8 yo (si ou vle). • 1 boutèy Dlo Lavi, yon bokit pwop, ak 5 gallon dlo ki pwop la dan, kouvèti pou bokit la, yon kiyè pwop pou bwase solisyon an. • *Kat edikasyon kominote sou PuR® (pou revizyon).*
Modil 9 Kijan Pou Konsève Dlo Pwop	• Esplike pou ki sa ou dwe konsève dlo pwop pou bwè. • Montre yon veso ki bon pou konsève dlo pwop. • Montre mamb kominote yo kijan pou yo konnen ki veso ki san danje pou konsève dlo pwop. • Edike mamb kominote yo pou ki sa se yon bokit san danje sel pou yo itilize pou konsève dlo pwop pou bwè ki ka anpeche kolera a simaye.	• Foto sou Modil 9 yo (si ou vle). • Bay plisyè examp veso ki san danje ak veso ki pa bon pou konsève dlo pwòp. • *Kat edikasyon kominote sou kijan pou konsève dlo pwop (pou revizyon).*
Modil 10 Kijan Pou Kwit Manje San Danje	• Esplike pou ki rezon fè ke li enpòtan pou moun kwit manje san danje. • Dekri kijan pou fè manje san danje. • Montre mamb kominote yo kijan pou yo kwit manje san danje.	• Foto sou Modil 10 yo (si ou vle). • Montre plisyè kalite manje ou dwe kwit san danje. • Montre plisyè kalite veso ak kouvèti yo. • *Kat edikasyon sou kijan manje kwit san danje (pou revizyon).*
Modil 11 Mezi Ijen Ak Netwayaj San Danje	• Konprann pou ki rezon mezi ijen ak Netwayaj san danje enpòtan pou prevni Kolera simaye. • Konprann kisa mezi ijen ak Netwayaj ye. • Esplike kijan ak kibò pou jete poupou. • Montre kijan pou prepare dlo pou fè netwaye la kay ou kap anpeche Kolera simaye. • Montre kijan pou netwaye tout kwen ak lot bagay la kay ou pou anpeche Kolera simaye. • Montre kijan yon moun dwe netwaye kay yo lè gen moun nan kay la ki malad ak Kolera. • Esplike kijan yon moun dwe benyen pou lot mamb fammi nan kay la pa atrape Kolera.	• Foto sou Modil 11 yo (si ou vle). • Klowòks ki sèvi nan kay ak dlo, bokit oswa veso pou melange solisyon an. • *Kat edikasyon kominote sou Kijan pou fè ijen ak Netwayaj san danje (pou revizyon).*

	Objektif	Materyèl Ou Bezwen
Modil 12 Le gen Lanmò La Kay Ou a Koz Maladi Kolera	• Esplike mamb kominote yo kijan pou anpeche Kolera simaye le gen lanmò la kay yo a koz Kolera. • Esplike mamb kominote yo kòmen pou fè ijen ak netwayaj le wòp prepare yon kò la kay ou pou antere. • Konprann ki sa nou dwe fè le yon anterman pa kapab renvwaye.	• Foto sou Modil 12 yo (si ou vle). • Klowòks ki sèvi nan kay as dlo, veso oswa bokit pou melanje solisyon an. • *Kat edikasyon kominote sou kisa pou fè le gin lanmò nan kay ou (pou revizyon).*
Modil 13 Kijan Ou Prevni Diskriminasyon Kont Moun Ki Gen Kolera	• Konprann ki sa diskriminasyon kont moun ki gen Kolera ye. • Aprann Konnen sa yo rele diskriminasyon kont moun ki gen Kolera. • Prepare yon plan pou prevni diskriminasyon kont moun ki gen Kolera nan kominote a. identifye kòmen Kolera manifeste. • Prepare yon plan ki di sa wòp fè pou konba diskriminasyon kont moun ki gen Kolera nan kominote a.	• Foto sou Modil 13 yo (si ou vle). • *Kat edikasyon kominote sou kijan pou prevni diskriminasyon kont moun ki gen Kolera.*

Modil 1: Community Mobilization

Travayè Sante Kominote yo se moun nou fè konfyans pou fè pwomosyon mesaj sanité nan kominote a. Yo se kle lè pou mobilisé kominote yo kont maladi Kolera a. Yo konn kijan pou anseye moun tet a tet oswa an gwoup non kominote yo. Modil sa se yon gid sou kijan pou pale byen ak tout moun ou rankontre ak ki aktivite ou dwe fè pou mobilisé kominote yo.

Li Modil 1 a pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab:

- Kapab konnen kijan pou angaje mamm kominote yo ak respè.
- Konpran ki fason pou mobilisé yon Kominote.
- Chwazi yon metòd ki pi bon pou mobilisé kominote p w' la.
  - » Fe yon lis de patnè ke ou fè konfyans ki ka ede ou fè mesaj pwomosyon prevansyon ak tretmen Kolera.
  - » Fe yon lis de tout kote nan kominote pa w' la w 'ap jwen moun pou pale sou prevansyon ak tretmen Kolera.
  - » Fe yon lis de ki metòd ki pi bon pou anseye moun nan kominote p 'w la.

Modil 2: Sa Ou Dwe Konnen Konsènan Kolera

Travayè Sante Kominote yo se moun ki gen eksperyans nan zafè pwomosyon mesaj sanitè nan kominote ya. Le gen problèm nan kominote yo, wòp wè se yo ki pran devan pou ede moun ki nan bezwen. Nan modil sa w'ap jwen tradiksyon, enfòmasyon, sentom, prevni et kijan pou trete moun ki malad ak Kolera. Li enpòtan pou Travayè Sante Kominotè yo gen konfyans nan tet yo, konesans yo pou yo edike mamm kominote yo, sou kijan pou fè prevansyon ak kontwòl Kolera nan konpòtman ki anpeche moun atrapé Kolera.

Li Modil 2 a pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab:

- Esplike ki sa Kolera ye ak ki kote ou ka jwen mikwòb ki bay Kolera a.
- Esplike kijan Kolera simaye.
- Dekri kijan pou rekonè Kolera.
- Dekri ki sa yon moun ka fè pou pa atrape Kolera.
- Dekri ki sa yon moun dwe fè si li tombe malad ak Kolera.

Modil 3: Gid Sou Desizyon Pou Pran Swen Moun Ki Gen Dyare Dlo

Travayè Sante Kominotè yo gen pou yo ap pran desizyon tout tan lè ap pran swen moun ki gen dyare dlo a koz mikwòb Kolera a, sutou lè sant sante a trè loin. Modil sa se pou edike Travayè Sante Kominotè yo kap bay moun swen lè kolera ap simaye nan kominote yo.

Li Modil 3 pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab:

- Dekri ki sa pou fè pou yon moun ki pa gen dyare dlo.
- Dekri ki sa pou fè pou yon moun ki genyen dyare dlo pandan nan jounen.
- Dekri ki sa pou fè pou yon moun ki gen dyare dlo pandan lan nwit.
- Dekri ki sa pou fè pou yon moun ki trò malad, trò granmoun oswa two fèb pou li ale chèche swen nan yon sant sante.

Modil 4: Lave men Nou

Lave men nou ak dlo ki pwòp (dlo ki nan boutèy oubyen ak dlo ki byen trete ak klorox) se yon fason ki pi fasil pou ede nou prevni maladi Kolera. Savon ede retire pousyè ak mikwòb Kolera nan menou. Si men w' pa pwòp epi ou mal lave li ka koz ou pase mikwòb lan nan manje, dlo ak kote ou manyen nan kay la. Modil sa se pou bay enfòmasyon ke Travayè Sante Kominote yo ka itilize pou ede pwoteje tet yo ak manm nan fammi yo kont Kolera, par enstriksyon yo ka bay sou kijan pou byen lave men w' ak dlo pwòp.

Li Modil 4 pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab:

- Dekri ki le moun sipoze lave men yo.
- Dekri kijan you moun sipoze lave men yo.
- Dekri ki sa you moun dwe itilize pou lave men yo lè pa gen savon.
- Montre moun yo kijan yo sipoze lave men yo.

Modil 5: Sewòm Oral

Sewòm Oral la ka bay la vi nan moun ki gen dyare dlo a. Dyare dlo sa lakòz ou pèdi dlo ak sèl nan kò on nan yon ti tan (nou rele ki desidraté). Le ou pèdi dlo ak sèl sa yo ki ka Mennen ou lanmò. Fe moun ki malad yo konnen ke sewòm oral la pap anpeche ou diminyè dyare a, men lap ranplasé dlo ak sèl ke yo pèdi e ka sove la vi yo. Modil sa ap banou enfòmasyon sou kijan pou ou prepare sewòm oral la.

Modil 5 pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab:

- Esplike ki sa sewòm oral ye e kijan li anpeche lanmò a koz de kolera.
- Cheche jwen materyèl ou bezwen pou prepare sachè sewòm oral yo.
- Aprann kijan pou prepare sewòm oral la.
- Montre moun ki malad ak fammi yo kijan pou yo prepare ak sèvi ak sewòm oral la.
- Edike moun ki malad ak kolera ak fammi yo kijan pou yo manje and bay ti bebe tete.

Modil 6: Dlo Pwop Pou Bwè— Aquatabs®

Kolera ka simaye le ou bwè ou itilize dlo ki gen mikwòb Kolera a ladan. Lè ou bwè ou itilize dlo ki byen trete (dlo ki pwòp se dlo ki nan boutèy byen fèmen, dlo bouyi oubyen ak dlo ki byen trete ak klorox) sa prevni Kolera simaye. Trete dlo nou ak yon produi ki rele Aquatabs se yon fason pou dlo vin pwòp. Modil sa ap banou enfòmasyon sou kijan pou itilize Aquatabs® la pou fè dlo pou bwè vin pwòp. Aquatabs® tiyè mikwòb Kolera. Li vin sou fòm yon tablet e li fasil pou itilize. Aquatabs la se pa pou manje, se pou mete nan dlo sèlman.

Li Modil 6 pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab

- Konprann kisa dlo pwòp ye.
- Konprann pou ki sa dlo pwop enpòtan pou prevni Kolera simaye.
- Dekri kisa Aquatabs® ye.
- Esplike kijan ou sèvi ak Aquatabs® pou trete dlo pou dlo a vin pwop.
- Montre mamm kominote yo kijan pou yo trete dlo ak Aquatabs® pou dlo a vin pwop, san danje.

Modil 7: Dlo Pwop Pou Bwè— Dlo Lavi

Kolera ka simaye le ou bwè ou itilize dlo ki gen mikwòb Kolera a ladan. Bwè e itilize dlo ki pwòp (dlo ki nan boutèy byen fèmen, dlo bouyi oubyen ak dlo ki byen trete ak klowòks) ka anpeche Kolera simaye. Yon sèl jen pou trete dlo a, se mete pwodwi kom Dlo Lavi. Modil sa bay enstriksyon sou kijan pou itilize Dlo Lavi pou trete dlo ke ou ka bwè.

Li Modil 7 pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab

- Konprann kisa dlo pwòp ye.
- Konprann pou ki sa dlo pwòp enpòtan pou prevni kolera simaye.
- Esplike kisa Dlo Lavi ye.
- Esplike kijan pou fè dlo vin pwòp san danje ak Dlo Lavi.
- Montre ki materyèl yo bezwen pou kapab fè dlo vin pwòp pou bwè ki san danje ak Dlo Lavi.
- Montre mamm kominote yo kijan pou fè dlo vin pwòp ki san danje ak Dlo Lavi.

Modil 7A: Dlo Pwop Pou Bwè— Gadyen Dlo®

Kolera ka simaye le ou bwè ou itilize dlo ki gen mikwòb Kolera a ladan. Bwè e itilize dlo ki pwòp (dlo ki nan boutèy byen fèmen, dlo bouyi oubyen ak dlo ki byen trete ak klowòks) ka anpeche Kolera simaye. Yon sèl jen pou trete dlo a, se mete pwodwi kom Gadyen Dlo®. Modil sa bay enstriksyon sou kijan pou itilize Gadyen Dlo® pou trete dlo ke ou ka bwè.

Li Modil 7A pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab

- Konprann kisa dlo pwòp ye.
- Konprann pou ki sa dlo pwòp enpòtan pou prevni kolera simaye.
- Esplike kisa Gadyen Dlo® ye.
- Esplike kijan pou fè dlo vin pwòp san danje ak Gadyen Dlo®.
- Montre ki materyèl yo bezwen pou kapab fè dlo vin pwòp pou bwè ki san danje ak Gadyen Dlo®.
- Montre mamm kominote yo kijan pou fè dlo vin pwòp ki san danje ak Gadyen Dlo®.

Modil 8: Dlo Pwòp Pou Bwè— PuR®

Kolera ka simaye le ou bwè ou itilize dlo ki gen mikwòb Kolera a ladan. Pou prevni Kolera simaye, bwè ak itilize dlo ki san danje (dlo san danje se dlo ki nan boutèy byen fèmen, dlo ki byen bouyi oswa ak dlo trete ak klowòks). Yon fason pou fè dlo ki twoub vin san danje, se trete dlo a ak yon pwodwi yo rele PuR®. Modil sa bay enstriksyon sou kijan pou itilize PuR® pou trete dlo ke ou ka bwè.

Li Modil 8 pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab

- Konprann kisa dlo pwòp ye.
- Konprann pou ki sa dlo pwòp enpòtan pou prevni kolera simaye.
- Esplike kisa PuR® ye.
- Esplike kijan pou fè dlo vin pwop ki san danje ak PuR®.
- Montre ki materyèl yon moun bezwen pou fè dlo pwop pou bwè ki san danje ak PuR®.
- Devan moun yo, prepare yon bokit dlo pou bwè ki san danje ak PuR®.
- Montre mamm kominote yo kijan pou fè dlo vin pwòp ki san danje ak PuR®.

Modil 9: Kijan Pou Konsève Dlo Pwòp

Kolera ka simaye le ou bwè ou itilize dlo ki gen mikwòb Kolera a ladan. Pou prevni Kolera simaye, ou dwe kembe dlo a nan yon andwa ki pwòp. Kembe dlo vle di, yon fwa ke dlo pou bwè trete, mete li nan yon veso pou anpeche moun met men, goblè oswa lot bagay landedan li. Se konsa nou ka anpeche mikwòb kolera antre nan dlo a. Modil sa banou kijan pou nou konsève dlo.

Li Modil 9 pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab

- Esplike pou ki sa ou dwe konsève dlo pwòp pou bwè.
- Montre yon veso ki bon pou konsève dlo pwòp.

- Montre mamb kominote yo kijan pou yo konnen si yon veso san danje pou konsève dlo pwòp.
- Edike mamm kominote yo se bokit pwòp san danje ki ka konsève dlo pwop ki ka anpeche moun atrape kolera.

Modil 10: Kijan Pou Kwit Manje San Danje

Pou pou moun ki gen Kolera gen mikwòb Kolera ladan. Mikwòb sa ka antre nan dlo moun bwè ak manje yo. Yon moun ka atrape Kolera le sa yap manje a gen mikwòb Kolera ladan. Modil sa bay enfòmasyon nan kijan pou kembe ak kwit manje san danje pou prevni Kolera simaye. Men plisyè fwa pou anpeche mikwòb Kolera antre nan manje ou: Byen kwit manje ou, kouvri manje ou ak yon kouvèti, manje manje a le li cho. Pa manje manje ki pa kwit men ou ka manje fwi ak vèjetab ke on pile ou men. Lave men w' le ou fin prepare poison e kwit li byen kwit.

Li Modil 10 pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab

- Dekri kijan pou kwit manje san danje.
- Esplike pou ki rezon li enpòtan pou kwit manje san danje.
- Montre mamm kominote yo kijan pou yo kwit manje ki san danje.

Modil 11: Mezi Ijen Ak Netwayaj San Danje

Fe yon bon mezi ijyen ak netwayaj san danje ka prevni mikwòb Kolera simaye. Kolera simaye lè pou pou oswa vomisman yon moun ki malad ak Kolera touché ou melanje ak dlo oswa manje pa yon lot moun. Mikwòb kolera ki nan pou pou oswa vomisman yon moun ki malad ak Kolera ka tonbe sou meb, ate a, asiet oswa kaban. Moun ki gen bon sante ka atrape Kolera le yo touché yon nan bagay so yo epi touché bouch pa yo. Netwayaj san danje se le nou jete pou pou nan twoilet, latrin oswa met sa enba tere. Modil sa bay enfòmasyon nan kijan pou fe bon ijyen ak netwayaj pou prevni Kolera simaye.

Li Modil 11 pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab:

- Esplike kisa mezi ijen ak Netwayaj ye.
- Esplike kijan ak kibò pou jete poupou.
- Montre kijan pou prepare dlo pou fè netwaye la kay ou kap anpeche Kolera simaye.
- Montre kijan pou netwaye tout kwen ak lot bagay la kay ou pou anpeche Kolera simaye.
- Esplike kijan yon moun dwe benyen pou anpeche lot mamb fammi nan kay la pa atrape Kolera.
- Montre kijan yon moun dwe netwaye kay yo lè gen moun nan kay la ki malad ak Kolera.
- Montre mamm kominote yo kijan pou fè mezi ijen ak Netwayaj san danje.

Modil 12: Le gen Lanmò La Kay Ou a Koz Maladi Kolera

Ou fè pou kontakte otorité lokal yo oswa yon travayè sante kominote si yon moun mouri a koz de Kolera nan kay la. Le yon moun mouri poutèt li gen Kolera, ko moun nan konn koule likid ki gen mikwòb Kolera ladan. Gen yon preparasyon espesyal ki dwe fèt pou prepare ko moun nan avan ou antere defason pou lòt moun pa atrape maladi Kolera. Si se posib, manm fammi yo pa dwe manyen ko moun ki mouri a. Se otorité lokal yo ki fèt pou sipèvize kijan y ap antere ko a. Si posib, antèman an dwe fèt nan kelke èdtan apre moun nan fin mouri. Modil sa bay enfòmasyon sou kijan pou netwaye ak prepare kò moun ki mouri a avan ou antere kò a.

Li Modil 12 pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab:

- Esplike mamm kominote yo kijan pou anpeche Kolera simaye le gen lanmò la kay yo a koz Kolera.
- Konprann kijan pou anpeche Kolera simaye le yap prepare yon kò lamò.
- Konprann ki sa nou dwe fè le yon anterman pa kapab renvwaye.
- Esplike mamb kominote yo kòmen pou fè ijen ak netwayaj le wòp prepare yon kò la kay ou pou antere.

Modil 13: Kijan Ou Prevni Diskriminasyon Kont Moun Ki Gen Kolera

Diskriminasyon kont moun ki gen Kolera se lè moun anmède, evite pran kontak, teledjol lot moun ke soufri ak maladi Kolera ak fammi yo. Diskriminasyon kont moun ki malad ak Kolera komanse le moun vle ran lot moun responsab pou Kolera a. Diskriminasyon sa ka manifeste nan plisie fason epi moun ka pa mem konnen ke yap discriminé kont moun kap soufri ak maladi Kolera a.

Li Modil 13 pou jwen plis enfòmasyon, kesyon pou diskite ak egzesis pou fè.

Les ou fin fè fòmasyon ak Travayè Sante Kominotè yo, yo sipoze kapab:

- Konprann ki sa diskriminasyon kont moun ki gen Kolera ye.
- Aprann konnen sa yo rele diskriminasyon kont moun ki gen Kolera.
- Prepare yon plan pou prevni diskriminasyon kont moun ki gen Kolera nan kominote a. Identifye kòmen Kolera manifeste.
- Prepare yon plan ki di sa wòp fè pou konba diskriminasyon kont moun ki gen Kolera nan kominote a.

Prevansyon ak Kontwòl Kolera
Rezime Gid Fòmasyon

Entwodiksyon

Gid sa a bay enstriksyon sou fason pou anpeche gen ou maladi kolera ak ka lanmò nan kominote ou yo. Dyapozitiv ak modil sa yo genyen enfòmasyon sou:

- Mobilizasyon Kominote
- Sa ou dwe konnen konsènan maladi Kolera
- Swen moun ki gen dyare pandan yon epidemi kolera
- Lave men
- Sewòm Oral
- Dlo pwòp pou bwè—Aquatabs®
- Dlo ki pwòp pou bwè—Dlo Lavi
- Dlo ki pwòp pou bwè—Gadyen Dlo
- Dlo ki pwòp pou bwè—PuR®
- Konsèvasyon dlo pwòp
- Bon preparasyon manje
- Bon enstalasyon ijyenik ak netwayaj
- Lè gen yon ka lanmò lakay ou akòz kolera

Objektif Fòmasyon an

Nan fen fòmasyon sa a, w ap anmezi pou:

- Transmèt prensip kle yo pou angaje kominote a.
- Dekri maladi kolera ak fason li simaye.
- Deside sou mezi kòrèk pou pran pou tretman ak pou rekòmandasyon moun ki gen dyare dlo.
- Anseye pratik pou evite maladi kolera.
- Enstwi moun sou mezi kòrèk pou yo pran si yo panse yon gen kolera.
- Detèmine kijan pou mennen moun ki malad avèk kolera nan yon sant sante oswa nan yon sant tretman kolera.

Pake Fòmasyon

- Pake konplè fòmasyon an genyen ladan
  - gid pou modil fòmasyon sou kolera
  - 14 modil fòmasyon
  - 16 kat edikasyon kominotè
  - 1 je dyapozitiv pwen kle (18 dyapozitiv) pou sesyon fòmasyon Travayè Sante Kominotè pandan 15–30 minit
- Ou kapab itilize chak modil oswa ou kapab chwazi ki modil ki pi bon pou satisfè bezwen kominote ou.
  - Ou kapab itilize tout modil yo ansanm pandan yon sesyon fòmasyon ki dire pi lontan.
  - Ou kapab itilize modil yo pandan sesyon endividyèl oswa pandan sesyon an gwoup.

Mobilizasyon Kominote

Modil 1

Kisa Ki Mobilizasyon Yon Kominote Ye

- Mobilizasyon kominote se yon pwosesis pou manm kominote a reyini ansanm e pou pwan aksyon sou pwoblèm sosyal
- Objektif pou mobilize yon kominote pandan epidemi Kolera se:
  - Pou fè manm kominote yo pwan aksyon ak adopte konpòtman pou anpeche maladi Kolera ak lanmò
  - Pou gen bon relasyon ak moun, pataje enfòmasyon, rezoud pwoblèm ak manm kominote yo sou kòmen pou konbat Kolera

Modil 1

Wòl Travayè Sante Kominotè yo Nan Mobilizasyon

- Bay bonjan enfòmasyon sou Kolera
- Ankouraje tout moun pou youn ede lot.
- Motive tout moun pou pwan bonjan disposisyon pou pwoteje tet yo
- Bay moun yo ekipman lè genyen
- Ankouraje moun yo pou cheche chimen tretman pou sove la vi yo

Modil 1

Konsèy Pou Kominikasyon Pandan Aktivite Mobilizasyon Nan Kominote-a

- Kòmanse pose moun yo kesyon mande yo kisa yo konnen oswa kisa yo ap fè pou prevni Kolera
- Cheche kote moun anbarase nan esye adopte konpòtman ki nouvo e envite yo pou paticipe nan diskisyon.
- Itilize de fason pou pale ak pou rezoud pwoblèm
- Fe lwanj sou konesans ak bon konpòtman.
- Bay trop eckplikasyon ak reprimande pap fè chanjeman nan konpòtman moun.
- Konsantre sou sa moun yo pa konnen. Bay bon enfòmasyon le ou rankontre rime, mit ou movais enfòmasyon

Modil 1

Aktivite Pou Travayè Sante Kominotè yo Nan Mobilizasyon Kominote yo

- Pale de Kolera ak tout group moun kanku legliz, lekòl nan kominote a.
- Mete manm kominote yo dakò sou sa yo ka fè pou anpeche Kolera.
- Fe pwòpagan pou anpeche, kontwole Kolera ak cheche chimen bon tretmen.
- Ede moun yo jwen sant sante yo.
- Bay moun yo ekipman lè genyen.
- Bay bonjan supô ak moun ki malad ak Kolera ak fanmi yo.

Modil 1

Lokal, Topic Ak Strateji Nan Mobilization Yon Kominote

Travayè Sante Kominotè Anviwònman Pou Fè Mobilizasyon	Travayè Sante Kominotè Sijè Sou Mobilizasyon Kominote	Travayè Sante Kominotè Strateji Pou Fè Mobilizasyon
• Kay Manm Kominote a • Reyinyon nan kominote a • Reyinyon gwoup • Sal-datant nan klinik • Legliz yo • Gwoup relije yo • Reyinyon priè • Klas ak klib lekòl • Antèman ak gwo rasanbleman • Sesyon fòmasyon fòmèl • Sesyon fòmasyon enfòmèl	• Kijan pou pale ak lòt moun osijè konpòtman pou yo pa pwan maladi kolera • Tout moun ka trete dlo yo ak pwodwi tretman • Tout moun ka prepare Sewòm Oral. • Ak Kolera pi bonèt se gran maten • Sak bon lè ou trete dlo, itilize latrin ak lave men ou • Kisa pou fè kont difikilte ki anpeche bon konpòtman pou prevansyon kolera • Teknik pou kontwole enfeksyon • Kijan pou evite diskriminasyon kont moun ki gen maladi kolera	• Demonstrasyon sou dlo pwòp • Montre kijan pou prepare Sewòm Oral . • Fe sesyon pratik kote moun yo paticipe • Sesyon kesyon ak répons • Rakonte istwa moun ki sevi ak Sewòm Oral • Rakonte istwa moun ki sevi ak pwodui pou trete dlo • Rakonte istwa moun ki chèche tretman kont maladi kolera • Rakonte istwa • Prezantasyon théâtral • Sesyon atoudewol • Aktivite fòmasyon fòmèl • Aktivite fòmasyon nan enfòmèl • Lès Pastè touche point enpòtan

Modil 1

Kolera

Sa Ou Dwe Konnen Konsènan Kolera

Modil 2

Objektif

- Dekri kisa kolera ye epi ki kote yo jwenn mikwòb ki bay kolera.
- Dekri fason kolera simaye.
- Dekri sentòm kolera.
- Dekri mezi moun fèt pou pran pou evite kolera.
- Dekri mezi moun fèt pou pran si yo malad avèk kolera.

Modil 2

Kisa Kolera ye?

- Kolera se yon maladi ki kapab lakòz dyare ak vomisman.
- Dyare kolera kapab sanble ak dlo diri twoub.
- Lè moun gen kolera, yo pèdi likid kò yo rapidman, ki lakòz yo dezidrate.
- Dezidratasyon se pèt dlo ak sèl nan kò a.
- Pèt dlo ak sèl sa a kapab lakòz lanmò moun nan nan kèk èdtan **si moun nan pa** trete.

Modil 2

Kijan yon Moun trape Kolera?

- Nan bwè dlo oswa manje manje ki genyen mikwòb kolera
- Nan vale mikwòb kolera ou ranmase nan sifas oswa bagay ki genyen poupou yon moun ki malad avèk kolera
- Si ou lave men ou souvan, yon senp kontak avèk yon moun ki malad ak kolera pa reprezante yon risk pou ou

Modil 2

Kijan ou kapab Evite Kolera?

- Bwè ak dlo e sèvi ki pwòp
  - Dlo nan boutèy ki pa bien fèmin, dlo ki bouyi, dlo ki trete avèk pwodui klò
- Trete dlo tiyo paske li kapab gen danje
  - Trete avèk pwodui klò pou blanchiman oswa avèk klowòks ou sèvi nan kay
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo ki pwòp
  - Si pa gen savon: fwote men ou avèk sann oswa sab epi rense li avèk dlo pwòp
- Kwit manje yo byen (sitou fwidmè)
  - Manje li cho, kite li kouvri, epi kale fwi ak legim yo
- Fè bon netwayaj
  - Kuizin nan ak kote fanmi w benyen ak lave rad
- Itilize latrin oswa mete poupou yo anba tè sou yon distans 30 mèt avèk nenpòt kote dlo pase

Modil 2

Kisa pou di moun ki panse yo genyen kolera

Moun ki gen dyare fèt pou:

- Prepare ak bwè sewòm oral
  - Lave men yo souvan avèk savon ak dlo pwòp
  - Prepare sewòm oral avèk dlo pwòp
  - Dousman, bwè ti gòje Sewòm Oral souvan
  - Kontinye bay tibebe yo tete si tibebe a gen dyare, menm lè y ap vwayaje pou al swiv tretman
  - Adilt yo ak lòt timoun yo fèt pou kontinye manje souvan
- Ale imedyatman nan sant sante, nan sant tretman kolera oswa bòkote travayè sante kominotè ki pi pre w

Modil 2

Desizyon pou Pran pou Okipe yon Moun ki gen Dyare

Modil 3

Objektif

- Dekri sa pou fè pou yon moun ki prezante san dyare.
- Dekri sa pou fè pou yon moun ki prezante avèk dyare pandan jounen an.
- Dekri sa pou fè pou yon moun ki gen dyare pandan lannwit.
- Dekri sa pou fè pou yon moun ki pa kapab deplase pou chèche swen nan yon sant sante.

Modil 3

Fason pou Idantifye Kolera

- Travayè Sante Kominotè (TSK) yo pran desizyon pou sove lavi moun. Li enpòtan pou TSK a idantifye kolera. Gid sa a pou pran desizyon ap bay enstriksyon etap-pa-etap pou okipe moun nan kominote ou pandan yon epidemi kolera.
- Konsève yon kopi gid sa a pou ou pou kapab evalye nenpòt moun ki vini kote ou **ki genyen** oswa **ki pa genyen** dyare dlo.
- Gid sa a ap bay enfòmasyon sou fason pou trete yon moun ki gen dyare ak kote pou voye moun nan.

Modil 3

Tanpri swiv sou
Dokiman Gid pou Pran Desizyon an

Modil 3



Modil 3

Fason pou Lave men

Modil 4

Objektif

- Dekri kilè moun dwe lave men yo
- Dekri kijan moun dwe lave men yo
- Dekri sa moun dwe sèvi avek pou lave men yo lè pa gen savon disponib

Modil 4

Lave men

- Lave men avèk savon ak dlo pwòp se *yon* fason pou ede anpeche maladi kolera simaye
- Savon ede retire salte ak mikwòb kolera nan men ou
- Moun kapab ede pwoteje tèt yo ak fanmi yo pou yo pa vin malad avèk kolera si yo lave men yo souvan.
- Men ki pa lave (oswa men ki pa byen lave) kapab transfere mikwòb kolera nan manje, nan dlo, ak nan sifas ki nan kay la

Modil 4

Kisa ki dlo pwòp?

- Dlo pwòp se dlo ki vini nan boutèy avèk bouchon ki byen fèmin, dlo ki te bouyi, oswa dlo ki te trete avèk yon pwodui abaz klò

Modil 4

Kilè mwen dwe lave men mwen?

- Ou dwe lave men ou souvan
  - Anvan ou manje oswa anvan ou prepare manje
  - Anvan ou bay timoun manje
  - Apre ou fin itilize latrin oswa twalèt
  - Apre ou fin netwaye dèyè pitit ou
  - Apre ou fin pran swen yon moun ki malad avèk dyare

Modil 4

Kijan mwen dwe lave men mwen?

- Mouye men ou avèk dlo pwòp
- Byen savonnen men ou avèk savon an
  - Si pa genyen savon, fwote men ou avèk sann oswa avèk sab
- Lave tout sifas yo, ak anba zong ou tou
- Rense men ou byen avèk dlo pwòp
- Seche men ou nèt avèk yon sèvyèt ki pwòp, si genyen, oswa seche men ou nan lè

Modil 4

Sewòm Oral

Yon tretman pou sove lavi pou moun ki gen dyare dlo akòz maladi kolera

Modil 5

Objektif

- Eksplike kisa sewòm oral ye ak kisa li fè pou anpeche moun mouri akòz maladi kolera
- Idantifye resous ki nesesè pou prepare sache sewòm oral ak sewòm oral Lakay
- Prepare sache sewòm oral ak sewòm oral Lakay ou
- Bay pasyan ki gen maladi kolera enstriksyon pou yo manje san rete epi pou yo kontinye bay tibebe yo tete yon fason ki apwopriye

Modil 5

Sewòm Oral

Kisa sewòm oral ye?

- Sewòm oral se yon bwason pou sove lavi pou moun ki gen dyare dlo akòz maladi kolera
  - Dyare dlo lakòz fè moun pèdi anpil dlo yon pèt rapid dlo ak sèl nan kò moun nan (dezidratasyon)
  - Pèt dlo ak sèl ak sèl sa a kapab lakòz lanmò moun nan
- Si ou bwè sewòm oral sa kapab evite lanmò paske ou ranplase dlo ak sèl ki pèdi a
- Prepare epi bay sewòm oral la imedyatman pou moun ki gen dyare dlo

Modil 5

Resous ki Nesesè pou Prepare Sache Sewòm Oral

- Savon ak dlo pwòp (pou lave men)
- Dlo pwòp se dlo ki vini nan boutèy avèk bouchon ki byen fèmen, dlo ki te bouyi, oswa dlo ki te trete avèk yon pwodui abaz klò
- Yon veso pwòp ki kapab kenbe omwen 1 lit (1/4 galon) dlo
- Yon kiyè pwòp pou brase solisyon an
- Yon tas pwòp pou bwè oswa yon kiyè pwòp pou bay timoun nan bwè sewòm oral la
- Yon lit (1/4 galon) dlo pwòp
  »» Si ou pa sèten si dlo a pwòp, bouyi li pandan omwen 1 minit oswa trete li avèk yon pwodui abaz klò. Si pa gen dlo bouyi oswa dlo ki trete, sèvi ak nenpòt dlo ki disponib. Sewòm oral ki melanje avèk nenpòt dlo kapab toujou sove lavi moun.
- Yon sache sewòm oral

Modil 5

Fason pou Prepare Sewòm Oral

1. Lave men ou avèk savon ak dlo pwòp anvan ou fè solisyon an

2. Nan yon veso ki pwòp, ajoute 1 lit (1/4 galon) dlo pwòp ki bon pou bwè

3. Vide sache sewòm oral la nan dlo pwòp epi brase li avèk yon kiyè pwòp jouk lè poud blan an disparèt

4. Sèvi ak yon tas oswa yon kiyè pwòp (pou timoun) pou bwè sewòm oral la. Bwè sewòm oral la an ti gòje souvan. Adilt yo ak lòt gran timoun yo dwe kontinye manje souvan. Tibebe ak jenn timoun dwe kontinye bwèt lèt manman yo souvan

Modil 5

Dlo pwòp pou bwè— Aquatabs®

Yon pwodui tretman avèk klò pou fè dlo vin pwòp pou bwè

Modil 6

Objektif

- Dekri Aquatabs®
- Dekri kijan pou itilize Aquatabs® pou fè dlo vin pwòp
- Bay manm kominote a enstriksyon sou fason pou sèvi avek Aquatabs® lè ou ap prepare dlo pwòp

Modil 6

Kisa Aquatabs® ye?

- Aquatabs® se ti grenn klò ou kapab sèvi pou fè dlo sal vin san danje pou bwè.
  - Aquatabs® touye mikwòb ki simaye kolera
- Aquatabs® vini nan yon pake grenn epi li fasil pou sèvi
  - Pran prekosyon ou pou pa konfonn yon pake Aquatabs® ak medikaman
- Ou fèt pou **mete grenn** Aquatabs® **yo nan dlo** epi **ou PA dwe manje yo** nan okenn sikonstans

Modil 6

Kijan pou mwen sèvi ak Aquatabs®?

Aquatabs® vini nan diferan dòz (8.5mg, 17mg, 33 mg, 67 mg ak 167mg) pou diferan kantite dlo

1. Gade sou pake a pou wè dòz Aquatabs® ou. Itilize tablo yo bay la pou wè ki kantite dlo ou kapab trete avèk dòz grenn ou genyen an
2. Retire grenn nan (yo) nan pake Aquatabs® la epi lage li nan yon veso pwòp ki genyen kantite dlo kòrèk la.
3. Brase dlo a avèk yon kiyè ki pwòp
4. Kouvri veso an
5. Rete tann **30 minit** anvan ou bwè oswa sèvi ak dlo a
6. Bwè epi sèvi ak dlo pwòp la nan pwochen 24 èdtan yo

Modil 6

Ki dòz Aquatabs® pou m itilize pou fè dlo mwen vin san danje pou bwè?

Grenn Aquatabs®		Kantite grenn pou itilize		Pou fè dlo a vin pi pwòp	
Dòz	Koulè Pake	Dlo Pwòp	Dlo Twoub	Lit	Galon
8.5 mg	Pake jòn	1	2	2.5 lit	½ galon
17 mg	Pake vèt	1	2	5 lit	1 galon
33 mg	Pake vèt	1	2	10 lit	2½ galon
67 mg	Pake ble	1	2	20 lit	5 galon
167 mg	Pake wouj	1	2	40 lit	10 galon

Modil 6

Dlo potab pou bwè - Dlo Lavi

Yon pwodui abaz klò ki sove lavi poutèt li rann dlo a pwòp

Modil 7

Objektif yo

- Esplike ki sa Dlo Lavi ye.
- Bay esplikasyon sou kouman pou itilize Dlo Lavi pou rann dlo a pwòp.
- Idantifye ki atik ki nesesè pou prepare dlo pwòp la avèk Dlo Lavi.
- Esplike manm kominote yo kouman pou yo prepare dlo pwòp avèk Dlo Lavi.

Modil 7

Dlo potab pou bwè - Dlo Lavi

- Travayè Sante Kominotè se moun kle ki responsab bay kominote a enfòmasyon sou jan pou prepare dlo pwòp pou bwè.
- Maladi kolera a ka pwopaje lè moun bwè ak lè yon moun sevi ak dlo ki gen mikwòb kolera ladan.
- Lè ou bwè ak lè ou sevi ak dlo pwòp sa ap anpeche maladi kolera a pwopaje.
  - dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon kibyen femèn, se dlo ki bouyi, oswa se dlo ki trete ak pwodui abaz klò.
- Yon fason pou rann dlo a pwòp se pou trete l ak yon pwodui abaz klò tankou Dlo Lavi.

Modil 7

Kisa Dlo Lavi ye?

- Yon pwodui abaz klò pou trete dlo e ki touye mikwòb ki pwopaje maladi kolera e ki fè moun malad
- Klò an likid ki vin nan yon ti boutèy e ke yo fabrike ann Ayiti
- Dlo Lavi fèt pou sèvi **nan dlo pou bwè sèlman**

Modil 7

Kouman pou Sèvi ak Dlo Lavi

Yon bouchon plen Dlo Lavi bay 20 lit (5 galon) dlo potab pou bwè.

•Vide likid Dlo Lavi a nan bouchon ki vin nan boutèy Dlo Lavi a.
•Vide 1 bouchon plen Dlo Lavi nan yon veso ki pwòp e ki gen 20 lit (5 galon) dlo.
  – Si dlo a sal anpil oswa si li twoub, itilize 2 bouchon plen Dlo Lavi olye ke ou itilize yon (1) bouchon.
•Brase dlo a ak yon istansil ki pwòp.
•Si ou gen yon kouvèti, kouvri veso a.
•Tann 30 minit anvan ou bwè dlo a oswa anvan ou sèvi ak li.
•Bwè epi itilize dlo potab la sou 24 èdtan.

Remak: Si w ap sèvi ak yon veso ki **pa** kouvri, w ap gen pou trete dlo a chak 24 èdtan. Si veso a kouvri e li gen yon wobinè, se yon fwa sèlman pou trete l.

Modil 7

Dlo potab pou bwè – Gadyen Dlo®

Yon pwodui abaz klò ki sove lavi poutèt li rann dlo a pwòp

Modil 7A

Objektif yo

- Esplike ki sa Gadyen Dlo® ye.
- Bay esplikasyon sou kouman pou itilize Gadyen Dlo® pou rann dlo a pwòp.
- Idantifye ki atik ki nesesè pou prepare dlo pwòp la avèk Gadyen Dlo®.
- Esplike manm kominote yo kouman pou yo prepare dlo pwòp avèk Gadyen Dlo®.

Modil 7A

Dlo potab pou bwè – Gadyen Dlo®

- Travayè Sante Kominotè se moun kle ki responsab bay kominote a enfòmasyon sou jan pou prepare dlo pwòp pou bwè.
- Maladi kolera a ka pwopaje lè moun bwè ak lè yon moun sevi ak dlo ki gen mikwòb kolera ladan.
- Lè ou bwè ak lè ou sevi ak dlo pwòp sa ap anpeche maladi kolera a pwopaje.
  - dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon kibyen femèn, se dlo ki bouyi, oswa se dlo ki trete ak pwodui abaz klò.
- Yon fason pou rann dlo a pwòp se pou trete l ak yon pwodui abaz klò tankou Gadyen Dlo®.

Modil 7A

Kisa Gadyen Dlo® ye?

- Yon pwodui abaz klò pou trete dlo e ki touye mikwòb ki pwopaje maladi kolera e ki fè moun malad
- Klò an likid ki vin nan yon ti boutèy e ke yo fabrike ann Ayiti
- Gadyen Dlo® fèt pou sèvi **nan dlo pou bwè sèlman**

Modil 7A

Kouman pou Sèvi ak Gadyen Dlo®

Yon bouchon plen Gadyen Dlo® bay 20 lit (5 galon) dlo potab pou bwè.

•Vide likid Gadyen Dlo® a nan bouchon ki vin nan boutèy Gadyen Dlo® a.
•Vide 1 bouchon plen Gadyen Dlo® nan yon veso ki pwòp e ki gen 20 lit (5 galon) dlo.
  – Si dlo a sal anpil oswa si li twoub, itilize 2 bouchon plen Gadyen Dlo® olye ke ou itilize yon (1) bouchon.
•Brase dlo a ak yon istansil ki pwòp.
•Si ou gen yon kouvèti, kouvri veso a.
•Tann 30 minit anvan ou bwè dlo a oswa anvan ou sèvi ak li.
•Bwè epi itilize dlo potab la sou 24 èdtan.

Remak: Si w ap sèvi ak yon veso ki **pa** kouvri, w ap gen pou trete dlo a chak 24 èdtan. Si veso a kouvri e li gen yon wobinè, se yon fwa sèlman pou trete l.

Modil 7A

Dlo pwòp pou bwè—PuR®

Yon poud blan yo itilize pou pirifye dlo ki sal

Modil 8

Objektif yo

- Esplike kisa PuR® ye.
- Esplike kijan pou moun sèvi ak PuR® pou rann dlo a pwòp.
- Idantifye ki atik ki nesesè pou prepare dlo pwòp la avèk PuR®.
- Itilize PuR® pou prepare dlo pwòp la pou bwè.
- Esplike manm kominote yo kòman pou yo prepare dlo pwòp ak PuR®.

Modil 8

Kijan pou rann dlo a pwòp

- Pou anpeche maladi kolera pwopaje, ou dwe bwè e ou dwe sèvi ak dlo pwòp.
  - Dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon byen fèmen, se dlo ki bouyi, oswa se dlo ki trete ak pwodui abaz klò.
- Yon kijanpou rann dlo a pwòp se pou trete l ak yon pwodui abaz klò tankou PuR®.
- PuR® touye mikwòb ki pwopaje maladi kolera a.

Modil 8

Kisa PuR® ye?

- PuR® se yon pwodui pou trete dlo ki touye mikwòb kolera ki nan dlo ki fè moun malad
- PuR® se meyè pwodui pou trete dlo ki twoub
- PuR® fè dlo a vin klè. Lòt pwodui pou trete dlo yo touye mikwòb, men dlo a ka rete twoub toujou
- PuR® vini nan yon ti sache sou fòm poud pou vide nan dlo ki twoub la

Modil 8

Kòman pou sèvi ak PuR®

- Vide poud ki nan sache PuR® la nan 10 lit (2 galon 1/2) dlo.
- Brase dlo a byen brase pandan 5 minit.
- Kite dlo a poze pandan 5 minit.
- Filtre dlo a; pou fè sa, fè l pase nan yon twal pwòp (ki **pa gen** twou) pou l ale nan yon veso ki pwòp.
- Tann 20 minit anvan ou bwè dlo a.
- Bwè epi sèvi ak dlo pwòp la sou 24 èdtan.

Remak: Si w ap konsève dlo a nan yon veso ki pa kouvri, trete dlo a ak PuR® ankò apre 24 èdtan

Modil 8

Pran prekosyon lè w ap prepare manje

Modil 9

Objektif yo

- Eksplike pou ki rezon li enpòtan pou pran prekosyon nan fè manje.
- Eksplike kòman pou prepare manje a pou l san danje.
- Esplike manm kominote yo kòman pou yo prepare manje a pou l san danje.

Modil 9

Poukisa li enpòtan pou prepare manje avèk prekosyon?

- Pou anpeche maladi kolera a pwopaje
  - Lave men w tout tan ak savon e ak dlo pwòp pou anpeche maladi kolera a al nan manje.
  - Dlo pwòp se dlo ki nan boutèy ki gen bouchon byen fèmin, se dlo ki bouyi, oswa se dlo ki trete ak pwodui abaz klò.
  - Kwit manje yo byen kuit. Tout manje, sitou pwason, fwidmè, ak legim ka gen mikwòb kolera nan yo.
  - Konsève manje kuit nan veso ki kouvri pou anpeche mouch antre ladan e pou pwoteje manje a kont mikwòb kolera.

Modil 9

Kouman pou mwen prepare manje pou l san danje?

- Lave men w tout tan ak savon e ak dlo pwòp.
- Sèvi ak dlo pwòp pou fè manje.
- Kwit manje a byen kwit (sitou lè se fwidmè).
- Manje manje kwit pandan l CHO.
- Konsève manje kwit nan veso ki kouvri.
- Chofe manje kwit la byen chofe.
- Netwaye zòn kote w ap fè manje a ak istansil kwizin yo ak savon e ak dlo pwòp.
- Manje manje ou prepare oumenm oswa manje moun ou fè konfyans prepare.

Modil 9

Kijan pou konsève dlo san danje

Veso ki kouvri e ki gen yon wobinè anpeche dlo pwòp la sal.

Modil 10

Objektif yo

- Eksplike pou ki rezon li enpòtan pou konsève dlo pwòp.
- Idantifye yon veso ki pou konsève dlo pwòp la.
- Eksplike manm kominote yo kòman pou yo detèmine si yon veso san danje pou konsève dlo pwòp.
- Eksplike manm kominote yo enpòtans pou gen yon veso pou konsève dlo pwòp defason pou anpeche maladi kolera a simaye.

Modil 10

Pou ki rezon li enpòtan pou konsève dlo pwòp?

- Lè moun bwè dlo pwòp ak lè yo itilize l se youn nan gen ki pi enpòtan pou anpeche maladi kolera a pwopaje.
- Apre ou fin rann dlo a pwòp pou w bwè e pou w itilize, li enpòtan pou asire w ke dlo a konsève san danje.
- Yon veso ki kouvri e ki pwòp pwoteje dlo a epi li kenbe l pwòp pou moun bwè.

Modil 10

Kisa yon veso pou konsève dlo pwòp ye?

- Se yon veso ki gen yon kouvèti ki kouvri l byen sere.
- Se yon veso ki gen yon wobinè oswa yon ti ouvèti ki anpeche moun foure men yo, gode yo, istansil yo, ak lòt objè nan dlo a.

Modil 10

E si mwen **pa** gen yon veso pou konsève dlo pwòp?

- **Si ou gen dlo nan yon veso ki pa gen kouvèti e ki pa gen yon ti wobinè, li enpòtan kanmenm pou w kenbe dlo a lepli pwòp ke posib.**
  - Netwaye veso a anvan ou sèvi ak li pou konsève dlo a.
  - **Piga** tranpe objè nan dlo a.
  - **Piga** tranpe dwèt ou oswa men w nan dlo a.
  - Sèvi ak dlo ki soti dirèkteman nan veso a sèlman.

Modil 10

Kouman pou netwaye yon veso pou l sa konsève dlo pwòp (si ou gen klowòks ki sèvi nan kay)

Suiv etap sa yo pou w netwaye veso a

1)Lave veso a ak savon e ak dlo pwòp epi rense l byen rense ak dlo pwòp.
2)Netwaye veso a avèk yon melanj 100 mezi dlo pou 1 mezi klowòks ki sèvi nan kay.
3)Kouvri veso a epi sekwe l byen sekwe defason pou melanj dlo a manyen tout andedan veso a.
4)Tann omwen 30 segonn epi vide melanj dlo a pou l soti nan veso a.
5)Kite veso a seche alè avan ou sèvi ak li.

Remak: Si ou pa gen klowòks ki sèvi nan kay, netwaye veso a avèk savon e ak dlo pwòp epi kite l seche alè.

Modil 10

Mezi dijyèn ak netwayaj ki pridan

Mezi dijyèn ki pridan vle di ke moun jete matyè fekal (poupou) yo kòmsadwa.

Modil 11

Objektif yo

- Eksplike kisa mezi dijyèn ki pridan ye.
- Eksplike fason ak kote apwopriye pou jete matyè fekal (poupou).
- Eksplike kijan pou prepare solisyon pou netwaye bagay nan kay la ki pou anpeche maladi kolera a mete pye e ki pou anpeche l pwopaje.
- Eksplike kijan pou netwaye tout kote nan kay la ak lòt atik defason pou anpeche maladi kolera a pwopaje.
- Eksplike kouman pou moun benyen yon fason pou pwoteje lòt moun ki nan kay la pou yo pa trape maladi kolera.
- Eksplike egzakteman kisa moun dwe fè pou netwaye atik ki nan kay la si gen yon moun nan fanmi an ki gen kolera.
- Eksplike manm kominote yo kisa pou yo fè pou mezi dijyèn ak metòd netwayaj ki san danje.

Modil 11

Kisa mezi dijyèn ki pridan ye?

- Mezi dijyèn ki pridan vle di moun jete matyè fekal (poupou) nan watè oswa nan latrin, oswa yo fouye twou pou mete yo.
- Mezi dijyèn ak metòd netwayaj ki pridan ede anpeche mikwòb kolera pwopaje.

Modil 11

Poukisa mezi dijyèn ak netwayaj enpòtan?

- Maladi kolera a pwopaje lè matyè fekal (poupou) oswa vomi yon moun ki malad al nan manje moun manje oswa nan dlo yo bwè.
- Poupou oswa vomi yon moun malad ka ale tou nan atik ki sèvi nan kay, tankou nan vesèl, nan mèb, atè, nan rad oswa nan dra ki al sou kabann. Moun ka trape maladi kolera si yo manyen atik sa yo epi apresa yo met men yo nan bouch yo.
  - Piga kite poupou a manyen moun oswa kote nan kay la.
  - Jete poupou a kòmsadwa.
- Pou evite maladi kolera a pwopaje, asire ou toujou kenbe kò w pwòp e ke ou kenbe tout sa ou manyen pwòp tou.

Modil 11

Enstriksyon sou mezi dijyèn ak netwayaj ki pridan

Pou anpeche mikwòb kolera al nan dlo moun bwè ak nan manje, oswa sou sifas oswa nan objè:

•Jete poupou a kòmsadwa.
•Sèvi ak latrin oswa lòt sistèm sanitasyon, tankou watè ki gen pwodui chimik ladan yo, pou jete poupou.
•Lave men w ak savon e ak dlo potab
- apre ou fin al nan latrin oswa nan watè.
- apre ou fin netwaye dèyè yon tibebe.

•Netwaye latrin ak kote ki kontamine ak poupou oswa vomi ak yon solisyon ki konpoze de 1 mezi klowòks ki sèvi nan kay pou 9 mezi dlo.

Modil 11

Mezi dijyèn ak netwayaj ki pridan

- Lave dra ki al sou kabann, rad, ak kouchèt ak savon; rete a yon distans de omwen 30 mèt de nenpòt sous dlo, lè w ap fè lesiv la.
- Benyen epi benyen pitit ou ak savon e ak dlo, epi rete a yon distans de omwen 30 mèt de nenpòt sous dlo.
- Se pou w lave tòchon ki sèvi pou netwaye anndan kay la toulejou ak savon epi kite yo seche alè anvan ou sèvi ak yo ankò.
- **Se pou w pran prekosyon espesyal si yon manm fanmi an gen maladi kolera.**
  - Lave **tout** rad nan kay la ak tout dra moun ki gen maladi kolera a te mete oswa te manyen ak yon melanj ki 100 mezi dlo pou 1 mezi klowòks ki sèvi nan kay.
  - Ou ka dezenfekte matla yo si ou byen seche yo nan solèy.

Modil 11

Lè yon moun mouri nan kay la poutèt li te gen kolera

Modil 12

Objektif yo

- Eksplike manm kominote yo kisa pou yo fè lè gen yon moun ki mouri nan kay la poutèt li te gen kolera.
- Konprann kouman pou anpeche maladi kolera a pwopaje lè w ap prepare kò moun ki mouri a.
- Eksplike machasuiv yo ak metòd san danje pou aplike pou resepsyon nan antèman si yo pa ka anile resepsyon yo.
- Eksplike manm kominote yo ki prekosyon pou yo pran lè y ap prepare yon kò anndan kay la anvan y al antere l.

Modil 12

Lè yon moun mouri nan kay la poutèt li te gen kolera

- Se pou yo kontakte otorite lokal yo oswa yon Travayè Sante Kominotè tousuit.
- Lè yon moun mouri poutèt maladi kolera, gen likid ki sot nan kò moun sa a e ki gen mikwòb kolera yo ladan.
- Gen prekosyon espesyal pou pran lè y ap prepare kò a anvan y al antere l defason pou lòt moun **pa** trape maladi kolera a.
- Si sa posib, manm fanmi yo **pa dwe** manyen kò a.
- Si posib, se pou antèman an ta fèt kèlke èdtan apre moun lan mouri.

Modil 12

Etap pou suiv pou prepare kò moun lan nan kay la avan ou antere l

1. Moun **pa** fèt pou bo, ni manyen, ni kenbe kò a.
2. Lave men ou byen lave ak savon e ak dlo pwòp lè ou fin manyen kò a.
3. Lave kò a ak yon solisyon ki se yon melanj 9 mezi dlo pou 1 mezi klowòks, epi boure bouch ak twou dèyè (anis) kadav la ak koton ke w te tranpe nan solisyon melanj 9 mezi dlo pou 1 mezi klowòks.
4. Foure kò a nan yon sak pou pa kite l koule okenn likid. Likid yo ka pwopaje maladi kolera a.
5. Lave tout rad ak tout dra moun ki mouri a te genyen.
6. Si ou **pa gen** klowòks ki sèvi nan kay, lave dra ak rad moun ki mouri a ak savon epi mete yo seche nan solèy.
7. Ou ka dezenfekte matla yo lè ou byen seche yo nan solèy.
8. Netwaye tout kote kò a te manyen ak yon solisyon ki se yon melanj 9 mezi dlo pou 1 mezi klowòks.
9. Lave men ou byen lave ak savon e ak dlo pwòp tousuit apre ou fin manyen rad moun ki mouri a.

Modil 12

Resepsyon nan antèman an

- Se otorite lokal yo oswa yon Travayè Sante Kominotè ki fèt pou sipèvize fason y ap antere kò a.
- Se pou nou ta anile resepsyon antèman an.
- Men si gen manje ki pral pare kanmenm, tout envite ak tout manm fanmi dwe fè atansyon pou pa kite maladi kolera a pwopaje.
- Pou anpeche maladi kolera a pwopaje pandan antèman an, envite ak manm fanmi yo fèt pou yo suiv direktiv pou antèman yo.

Modil 12

Resepsyon nan antèman an

- **Piga** prepare okenn manje si ou te prepare kò a.
- **Piga** manyen kò a pandan resepsyon nan antèman an.
- Lave men w tout tan ak savon e ak dlo pwòp.
- Bwè epi sevi ak dlo pwòp pou tout itilizasyon nan kay la.
- Kwit manje a byen kwit (sitou fwidmè).
- Toujou kouvri manje a, manje l tou cho, kale fwi epi kale legim yo.
- Pwòpte kote ou prepare manje a epi lave tout istansil kuizin ak savon e ak dlo pwòp epi kite yo byen seche anvan ou sèvi ak yo ankò.
- Sèvi ak latrin oswa ak lòt sistèm sanitasyon, pou ka jete poupou a.
- Si pa gen latrin, ni watè ki gen pwodui chimik ladan yo epi w bezwen poupou, rete lwen kote ki gen dlo, omwen 30 mèt distans epi fouye yon twou pou antere poupou a.

Modil 12

Prevni Diskriminasyon Kont Moun Ki Genyen Kolera

Men Nan Men Chay Pas Lou
Men Nan Men Nap Deracine Kolera

Modil 13

Kisa Diskriminasyon Kont Moun Ki Genyen Kolera Ye?

- Diskriminasyon kont moun ki gen Kolera se lè yo gade oswa trete moun ki soufwi Kolera ou byen fanmi yo, mal.
- Examp diskriminasyon kont moun ki gen Kolera :
  - Lè yo rele moun ki malad ak kolera moun sal.
  - Lè yon moun refuse pwan swen pwòp fanmi li ki gen Kolera.
  - Lè yo gennen pou mennen yon moun ki gen Kolera lopital.
  - Lè yo refuse trete yon moun ki malad ak Kolera.
  - Lè yo anmède moun ki gen Kolera ak fanmi yo.
  - Lè yo evite pwan kontak ak fanmi moun ki gen Kolera.
  - Lè yo bare wout pou anpeche moun ki gen Kolera cheche tretmen.
  - Lè yap lapide moun ki ap mennen yon mò nan semityè.

Modil 13

Kisa Ki Koze Diskriminasyon Kont Moun Ki Genyen Kolera?

- Lè yo pas konnen ki sa maladi Kolera ye.
- Lè yo vle ran you moun responsab pou Kolera a.
- Teledjol ki simaye rime e mit sou kolera.
- Jije moun ki gen Kolera ak fanmi yo.
- Lè moun pa konnen ke yap fè diskriminasyon kont moun ki malad ak kolera.
- Lapè maladi ak lanmò.

Modil 13

Kijan Yon Travayè Sante Kominotè Yo Ka Prevni e Redwi Diskriminasyon Kont Moun Ki Gen Kolera?

- Bay bon enfòmasyon ki klè sou kijan Kolera simaye e kijan pou ou prevni Kolera.
- Bay bon enfòmasyon sou pwoblèm nan kominote a.
- Mande moun pou yo gen konpasyon pou lòt ki malad ak Kolera.
- Bay manm kominote yo ki te malad ak kolera, ke yo te pwan swen e ki te retoune anfòm pale.
- Bay lidè nan kominote yo pale sou kijan tout moun ka prevni Kolera olie de longe dwèt sou yon group moun.
- Fe patnè ak lidè nan kominote a, lidè legliz, lidè lekòl ak lidè lokal yo nan kijan pou prevni e siveye diskriminasyon kont moun ki gen Kolera.

Modil 13

Kijan Yon Travayè Sante Kominotè Yo Ka Prevni e Redwi Diskriminasyon Kont Moun Ki Gen Kolera?

- Kom Travayè Sante Kominotè, pwan devan. Montre tout moun nan kominote a ki kalite konpòtman yo dwe pwan pou yo sove la vie yo.
- Kom Travayè Sante Kominotè yo, fè konfyans nan konesans ou e fè respè tour moun ou rankontre. Rete kalm lè ou ap travay ak moun nan kominote ki malad ak Kolera oswa fanmi yo.

Modil 13

Kijan Pou Pale ak Manm Kominote yo Sou Diskriminasyon Kont Moun Ki Gen Kolera

Le wòp Pale ak Manm Kominote yo, di yo:

- Se yon mikwòb ki lakòz Kolera, pa yon moun.
- Nenpòt moun ka pwan Kolera.
- Nou ka evite moun pwan Kolera lè nou trete dlo moun bwè, lave men noun and jete bezwen nou nan twalèt oswa anba te.
- Ak tretman, moun ki malad ak Kolera ka geri e yo ka retoune anfòm .
- Moun ki gen maladi Kolera ak fanmi yo se moun yo ye ki bezwen ed ak supô nou.
- Montre yo ke ou se yon moun ki by supô a moun ki malad ak Kolera ak fanmi yo.

Modil 13

Kolera
Pwen Kle yo

Mobilizasyon Kominote

- Mobilizasyon kominote se yon pwosesis pou manm kominote a reyini ansanm e pou pwan aksyon sou pwoblèm sosyal
- The goal of community mobilization during a cholera outbreak:
  - To have community members take action and adopt new behaviors to prevent cholera illness and deaths.
  - Building relationships, sharing information, and problem solving with community members to stop cholera.

Kolera

- Kolera se yon maladi ki lakòz anpil dyare dlo ak vomisman.
- Kolera simaye lè poupou yon moun ki enfekte antre nan dlo moun ap bwè oswa nan manje moun ap manje.

Sewòm Oral

- Sewòm oral se yon fason ki senp pou ranplase dlo ak sèl ki pèdi nan dyare dlo maladi kolera lakòz moun nan genyen.
- Sewòm oral kapab sove lavi ou si ou gen dyare dlo.
- Prepare sache Sewòm oral avèk dlo potab pwòp epi bwè li souvan pa ti gòje.

Swen Moun ki gen Dyare Dlo

- Prepare epi bay Sewòm Oral imedyatman.
- Evalye kapasite pou moun nan deplase pou ale nan sant sante ki pi pre a.
- Voye moun nan sant sante ki pi pre a si li kapab ale. Si moun nan pa kapab ale, rezoud pwoblèm nan sou fason pou ba li pi bon swen an jouk lè dyare a sispann.

Aquatabs®

- Aquatabs® se yon pwodui abaz klò ki kapab itilize nan dlo pou fè dlo a vin bon pou bwè.
- Aquatabs® touye mikwòb kolera nan dlo ki kapab lakòz moun vin malad avèk dyare.
- Mete yon grenn Aquatabs® nan dlo ki klè ak de (2) grenn nan dlo ki twoub.

Dlo Lavi

- Dlo Lavi se yon pwodui abaz klò ki kapab itilize nan dlo pou fè dlo a vin bon pou bwè.
- Dlo Lavi touye mikwòb kolera nan dlo ki kapab lakòz moun vin malad avèk dyare.
- Vide yon bouchon plen Dlo Lavi nan yon resipyan pwòp ki genyen 5 galon (20 lit) dlo ladan.
  - Rete tann pandan 30 minit anvan ou bwè dlo a

Gadyen Dlo®

- Gadyen Dlo® se yon pwodui abaz klò ki kapab itilize nan dlo pou fè dlo a vin bon pou bwè.
- Gadyen Dlo® touye mikwòb kolera nan dlo ki kapab lakòz moun vin malad avèk dyare.
- Vide yon bouchon plen Gadyen Dlo® nan yon resipyan pwòp ki genyen 5 galon (20 lit) dlo ladan.
  - Rete tann pandan 30 minit anvan ou bwè dlo a

Klowòks ki Sèvi nan Kay

- Klowòks ki sèvi nan kay se yon pwodui abaz klò ki kapab itilize nan dlo pou fè dlo a vin bon pou bwè.
- Klowòks ki sèvi nan kay touye mikwòb kolera nan dlo ki kapab lakòz moun vin malad avèk dyare.
- Vide 8 gout klowòks ki sèvi nan kay nan yon veso pwòp ki genyen 1 galon dlo ladan.
  - Rete tann pandan 30 minit anvan ou bwè dlo a

PuR®

- PuR® se yon pwodui abaz klò ki kapab sèvi nan dlo pou fè dlo a vin bon pou bwè.
- PuR® touye mikwòb kolera nan dlo ki kapab lakòz moun vin malad avèk dyare.
- Vide yon sache PuR® nan 2 ½ galon (10 lit) dlo.
- Sekwe dlo a, filtre li, epi rete tann pandan 20 minit anvan ou bwè li

Lavaj Men

- Lave men avèk savon ak dlo pwòp se youn nan fason ki pi fasil pou ede ou evite maladi kolera simaye.

Estokaj Bon Dlo

- Toujou estoke bon dlo nan yon resipyan pwòp ki genyen yon kouvèti ak yon wobinè oswa ti twou pou pa kite mikwòb kolera antre nan dlo a.

Bon Preparasyon Manje

- Pratik pou byen manipile manje, byen kwit manje ak byen estoke manje kapab anpeche maladi kolera simaye.
- Bouyi li, kwit li, kale li, oswa kite li!

Bon Pratik Ijyèn ak Netwayaj

- Bon pratik ijyèn ak bon netwayaj ap ede anpeche mikwòb kolera gaye.
- Bon pratik ijyèn vle di ou byen jete poupou nan twalèt, nan latrin, oswa ou mete poupou a anba tè.
- Netwayaj avèk savon ak dlo oswa avèk solisyon klowòks ki sèvi nan kay kapab touye mikwòb kolera sou atik ki nan kay la.

Lè yon Moun ki Gen Maladi Kolera Mouri nan Kay la

- Kontakte ofisyèl lokal yo imedyatman si moun nan mouri akòz maladi kolera nan kay la.
- Depi gen lanmò, yon kadav ap degaje fliyid ki kapab genyen mikwòb kolera.
- Ou ta fèt pou pran swen espesyal pou prepare yon kadav pou antèman pou pa vin malad avèk kolera.

Prevni Diskriminasyon Kont Moun Ki Genyen Kolera

- Diskriminasyon kont moun ki gen Kolera se lè yo gade oswa trete moun ki soufwi Kolera ou byen fanmi yo, mal.
- Kom Travayè Sante Kominotè, pwan devan. Montre tout moun nan kominote a ki kalite konpòtman yo dwe pwan pou yo sove la vie yo.
- Kom Travayè Sante Kominotè yo, fè konfyans nan konesans ou e fè respè tour moun ou rankontre. Rete kalm lè ou ap travay ak moun nan kominote ki malad ak Kolera oswa fanmi yo.

Fason pou Netwaye Lakay ou apre Inondasyon

- Dlo inondasyon kapab genyen poupou ki kapab genyen mikwòb kolera.
- Ou ta dwe netwaye tout sifas ak bagay dlo inondasyon te mouye.
- Si ou fè netwayaj avèk yon melanj klowòks ki genyen 1 pati klowòks ou mete nan 100 pati dlo, ou kapab touye mikwòb kolera sou atik ki inonde yo.

Dyare Dlo

- Maladi Kolera lakòz anpil dyare dlo ki kapab sanble avèk dlo diri twoub.
- Si ou gen dyare dlo ou kapab gen kolera.
- Si ou gen dyare dlo, prepare sewòm oral imedyatman, bwè li souvan pa ti gòje, epi ale nan sant sante ki pi pre a.